ДИГОРОН ÆВЗАГИ ОРФОЕПИ, ОРФОГРАФИ ÆМА ПУНКТУАЦИЙ ÆГЪДÆУТТÆ



Отсканировано в ноябре 2019 года
специально для эл. библиотеки
паблика «Бæрзæфцæг»
(«Крестовый перевал»).

Скангонд æрцыд 2019 азы ноябры
сæрмагондæй паблик «Бæрзæфцæг»-ы
чиныгдонæн.

http://vk.com/barzafcag

Северо-Осетинский институт гуманитарных и социальных исследований им. В.И.Абаева – филиал ФГБУН Федерального научного центра «Владикавказский научный центр Российской академии наук»

ДИГОРОН ÆВЗАГИ ОРФОЕПИ, ОРФОГРАФИ ÆМА ПУНКТУАЦИЙ ÆГЪДÆУТТÆ

Владикавказ 2018

ББК 81.521.323-4
Т 15

Бакуста сæбæл:
Тахъазти Федар

Тахъазти Федар.
Т 15 Дигорон æвзаги орфоепи, орфографи æма пунктуаций æгъдæуттæ / Бакуста сæбæл Тахъазти Федар. – Дзæуæгигъæу: СОИГСИ ВНЦ РАН, 2018. – 99 ф.

Таказов Ф.М.
Правила орфоепии, орфографии и пунктуации дигорского языка / Ф.М. Таказов. – Владикавказ: СОИГСИ ВНЦ РАН, 2018. – 99 с.

ISBN 978-5-91480-301-5 ББК 81.521.323-4

© Таказов Ф.М., 2018

РАЗДЗУРД

Дигорон æвзаги грамматикæ фиццагидæр æвзурст æрцудæй 1844 анзи. Равзурста æй А.Шегрен æ киунугæ "Осетинская грамматика"-йи. Уой фæсте ба 1882 анзи дигорон æвзаги фæззелæнтæ рартасунбæл байархайдта В. Миллер. Етæ сæ кусти æркастæнцæ æрмæст æвзаги арæзтадæ æма структурæмæ. 1898 анзи мухури рацудæй Гурдзибети Блашкай литературон уадзимисти фиццаг киунугæ. Е байгон кодта дигорон æвзагбæл финсуйнади фæткæ.

Финсуйнадæ ци æвзагбæл фæззиннуй, еци æвзаги ба рæстæги фæсте багъæуй бæлвурд фæткитæбæл исаразун. Бунтондæр ба æвзагбæл ахурадæ ку фæззиннуй, уæд æвзаги орфографий æгъдæуттæ иснивæ кæнун исуй æхсидзгæ гъуддаг.

Дигорон æвзагбæл ахур кæнун райдæдтонцæ 1900-аг æнзти райдайæни. 1912 анзи Тайсаути Сослæнбег мухури рауагъта дигорон æвзаг ахур кæнуни учебник Темирхан-Шури (нури Буйнаксий) горæти æма, Азнаурти (нуриккон кæсгон гъæу Анзорети) скъола байгонгæнгæй, ахур кæнун райдæдта сувæллæнтти.

Фал орфографион æгъдæуттæ рартасунæн уæди рæстæги уавæртæ нæма адтæй. Еуæй, финсуйнадæ хъæбæр нæма рапарахат æй, æма æвзаги фæткитæ зин рабæрæг кæнæн адтæнцæ. Иннемæй ба, уæд финстонцæ аллихузон графикæй пайдагонд алфавиттæй.

Зæгъæн, А.Шегрен дигорон æвзагæн райста уруссаг граждайнаг алфавити бундор. Еци алфавитæй, фæ 'й рæвдзæдæр кæнгæй, пайда кодта В.Миллер дæр. Тайсаути Сослæнбег æ учебниктæ ниффинста араббаг алфавити бундорбæл. Гурдзибети Блашка ба пайда кодта А.Шегрени алфавитæй, кæцимæй пайдагонд цудæй 1924 анзи уæнгæ. Уой фæсте ба дигорон æвзаги финсуйнадæ рахизтæй латийнаг графики бундорбæл арæзт алфавитмæ. Æнккæт дигорæнттæ дæр райдæдтонцæ еу алфавитæй пайда кæнун. Уомæ гæсгæ равгæ фæззиндтæй æвзаги орфографион æгъдæуттæ исбæрæг кæнун æма иснисан кæнун æ

зингæдæр фæткитæ. Еци ихæс æхемæ райста Дзагурти Губади, æма 1932 анзи мухури рацудæй æ киунугæ "Дигорон æвзаги орфографий зингæдæр æгъдæуттæ".

Губади ци фæткитæ исбæлвурд кодта, етæ, нури цæстæнгасæй сæмæ ракæсгæй, берæ аййепдзийнæдтæ æййафунцæ. Фал еци рæстæги æ кустæн устур ахедундзийнадæ адтæй финсуйнади идарддæри ирæзтæн.

1938 анзи Цæгат Иристони федаргонд æрцудæй уруссаг алфавити бундорбæл алфавит. Дигорæ дæр рахизтæнцæ еци алфавитмæ. Уомæ гæсгæ ба гъудæй нæуæгæй бакосун орфографион æгъдæуттæбæл. Фал еци рæстæги райдæдта тох, цæмæй дигорон æвзагбæл финсуйнадæ мабал уа. Уомæ гæсгæ куст нæбал цудæй нæдæр дигорон грамматикæбæл, нæдæр æ орфографибæл. Скъолати ке нæбал ахур кодтонцæ дигорон æвзаг, уой туххæй ахсгиаг нæбал адтæй орфографибæл косун дæр. Æма еци рæстæги дигоронау ка финста, етæ сæхе хъæппæресæй архайдтонцæ еу фæткæбæл финсунмæ. Фал наукон æгъдауæй каст ке нæ цудæй æвзаги фæткитæмæ, уомæ гæсгæ ба арæх еу автор æ еци еу уадзимиси финста аллихузон. Нури рæстæги дæр уадзимисти нæ, фал газзетти дæр, журнали дæр æма учебникти дæр финсунцæ аллихузи. Æма финсуйнади еухузон фæткитæ нивæбæл исаразун канд скъолати ахурадæ фæббæрзонддæр кæнунæн нæ гъæунцæ, фал ма син ес устур ахсгиагдзийнадæ æвзаги идарддæри ирæзтæн.

Абони уæнгæ дигорон æвзаги пайдагонд цæуй ирон алфавитæй, кæци арæзт æй уруссаг графики бундорбæл. Аци алфавитæн ес аййепдзийнæдтæ. Фиццагидæр, ирон алфавити ес, зæгъæн, **чъ**, кæци дигорон æвзаги æгириддæр нæ фæззинуй. Дуккагæй ба, алфавити ес дугай нисантæй æма дамугъатæй бæрæггонд муртæ: **дж, дз, гъ, къ, пъ, тъ, хъ, цъ.** Аци муртæ ци дамугъатæй æма нисантæй бæрæггонд цæунцæ, етæ æнккæтемæйдæр æмбæлунцæ алфавити, æма сæ алфавити дууæ хатти ниффинсунæн неци сæрфат ес.

Берæ адæнтæ пайда кæнунцæ еци еу алфавитæй. Зæгъæн, европаг адæнтæ пайда кæнунцæ латийнаг алфавитæй. Æма, ке

зæгъун æй гъæуй, латийнаг алфавити дамугъатæ нæ фæффагæ кæнунцæ иннæ адæнтæн дæр. Уомæ гæсгæ ба имæ бахæссунцæ кенæ ести нисан, кенæ ба и алфавити ци дамугъатæ ес, уонæй, цалдæрей байеу кæнгæй, фæнисан кæнунцæ ескæци мур, фал сæ хецæнæй ба нæуæгæй алфавитмæ нæбал бахæссунцæ. Зæгъæн, немуцаг æвзаги ес **ш**, латийнаг алфавити ба нæййес. Уомæ гæсгæ ба **ш** нисангонд цæуй цалдæр дамугъайемæй: **sch.** Фал немуцæгтæн сæ сæри дæр нæ бацудæй **s, c, h** дамугъатæ нæуæгæй еумæ байвæрун, æма **ш** æвдесæг дамугъа **sch**-йæн сæрмагонд бунат искæнун сæ алфавити.

Дигорон æвзаги дæр етæ æнцæ æнæгъæугæ. Еци муртæ æндæр дамугъатæй ку нисан кодтаййанæ, уруссаг алфавити ка нæ адтайдæ, уæхæнттæй, уæд сæ, æнæмæнгæ, гъудайдæ алфавитмæ дæр бахæссун. Æнæ бахæссæн куд нæййес æ дамугъайæн, уотæ.

1927 анзи Тускъати Балотти Иристони бæстæзонæн институти докладгæнгæй бафеппайдта, ци нæуæг графики бундорбæл арæзт æрцудæй нæуæг аалфавит 1924 анзи, уой гъæндзийнæдтæ. Балотти фæндон бахаста нæуæг алфавитæй, кæцими адтæй 42 дамугъай, рагæлдзун 12 дувæргондæй нисангонд дамугъай: 5 дамугъай, кæцитæй нисангонд цудæнцæ рауолæвдон муртæ **кђ, тђ, пђ, сђ, чђ**; кавказаг муртæ ке хонунцæ, уæхæн 5 дувæргонд дамугъай **kh, th, ph, ch, čh** æма 2 амад дамугъай **dz, dž.** Æ сæйраг гъуди Балоттийæн адтæй еци еу дамугъатæн алфавити дууæ хатти финсуни фæткæн æгириддæр ке неци нисанеуæг ес. Уой уæлæнхас ма Балотти дигорон алфавитæй гæлдзун кодта 3 дамугъай **š, ž, č**, кæцитæ не ‘мбæлунцæ дигорон æвзаги, фал, æ гъудимæ гæсгæ, бахæссун гъæуй нæуæг алфавитмæ Шегрен дигорон æвзаги ци игон финдзон æмгъæлæсон (**ҍ**) бафеппайдта, уой[1].

1938 анзи Советон Цæдеси фулдæр адæмихæттæлтæ рахизтæнцæ латийнаг графикæй уруссаг графикæмæ. Дигорон æвзаги алфавит дæр æййивд æрцудæй уруссаг графики бундорбæл нæуæг алфавит арæзт. Фал Тускъати Балоттий феппайуйнæгти ахсгиагдзийнадæ байзадæй уруссаг графики бундорбæл арæзт

[1] Тускати Балотти. Графика осетинского языка // Архив СОИГСИ. Ф. Лингв., п. 27, д. 55. – С. 13.

дигорон æма ирон дамугъуæтти дæр. Уомæ гæсгæ 1941 анзи Абайти Васо исбæлгъардта дугай нисæнттæй финст дамугъатæ нæуæг алфавитæй рагæлдзун, батхалгæй:

1. Он (нæуæг алфавит – Т.Ф.) является крайне непедагогичным;
2. Он является крайне неэкономичным;
3. Он неуклюж и непривлекателен по внешнему виду;
4. Он совершенно непригоден для научной транскрипции осетинских текстов.

Уомæ гæсгæ ба фæндон бахаста дугай нисææнттæй бæрæггонд дамугъатæ раййевун: **гъ-йи бæсти – h, хъ – q, дз – z, дж – j, ы – v, й – i**, æма ма сæбæл бафтаун – æмгъæлæсон **ў**[2].

Уæдмæ Фидибæсти устур тугъд райдæдта æма Васой æнгъарæнмæ нæуæгæй каст æрцудæй 1947 анзи Наукон æртасæн институти орфографий фарстати фæдбæл арæзт æмбурди, фал æ хæццæ неке исарази æй, æма куд адтæй, уотæ 'й ниууагътонцæ.

Фал, еугæр, орфографион æгъдæуттæ ист цæунцæ, уæд дамугъуат иссæрфат кæнун хуæздæрæрдæмæ фæббеддзæнæй æвзаги идарддæри ирæзтæн.

Нуриккон алфавити æркæсуйнаг æй æ дæр. Аци дамугъа уруссаг алфавити не 'мбæлуй, уомæ гæсгæ ба 'й рахæссун гъæуй алфавити райдайæнмæ, куд дигорон алфавити фиццаг дамугъа. Еуæй, е уодзæнæй дигорон алфавити нисандар, иннемæй ба, сувæллон еци фиццаг дамугъа ку исахур кæна, уæд ин идарддæр алфавит багъуди кæнун зин нæ уодзæнæй, уомæн æма уруссаг алфавити хæццæ æнхузæн уодзæнæнцæ. Уæдта нури рæстæги арæх пайда кæнæн компьютерæй. Компьютер ба, æ ку фæууй дзурди медæгæ, уæд æй алфавитмæ гæсгæ æхуæдæг исивæруй фиццаг бунати. Уомæ гæсгæ алфавити нæуæг вариант практикон æгъдауæй пайда уодзæнæй: нæ гъæудзæнæй компьютербæл дигорон алфавитæн хецæн программæ аразун. Дугай нисантæй ци муртæ цæунцæ бæрæггонд, уони ба уæддæр ахур кæнгæй лæдæрун кæнун гъæудзæнæй.

Уогæ, федаргонд ци нæуæг алфавити вариант цæуй, е нæ финсуйнадæбæл некæми исбæрæг уодзæнæй. Киунугути куд

[2] Абаев В.И. Об улучшении нового осетинского алфавита // Архив СОИГСИ. Ф. Лингв., п. 19, д.31. – С. 1-14.

кастан дамугъатæ, æма сæ куд финстан, идарддæр дæр сæ уотæ кæсдзинан æма финсдзинан. Лæвæрд алфавит æрмæстдæр æнхус уодзæнæй сувæллæнттæн багъуди кæнунæн, уæдта раздæриккон алфавити ци алогизм адтæй, уой райеуварс кæнунæн.

Дигорон æвзаги ес дууæ зингæдæр дзурдиздæхи: чиколайаг æма дигарайаг. Уомæ гæсгæ ба фæдздзорунцæ фæйнæхузи, кæд æма дамугъатæ куд дзоргæ 'нцæ, уомæн дæр 20-аг æнзти æрцудæй бундор æвæрд. Дигорон литератури бундорæвæрæг адтæй Гурджибети Блашка. Е дзурдта чиколайаг дзурдиздæхбæл æма æ финстити дæр еци здæхи ци мурти хецæндзийнæдтæ ес, уони æвдиста æндæр дамугъатæй.

Гурджибети Блашкай фæсте дигорон литературæмæ устур æвæрæн бахаста Малити Геуæрги, кæци иссæй дигорон литературон æвзаги бундорæвæрæг. Геуæрги финста дигарайаг здæхбæл æма æ рæстæги ка райдæдта финсун (Гарданти Михал, Багъæрати Созур, Цæголти Геуæрги, Æбати Самели), етæ дæр уой фæткæбæл рацудæнцæ. Уогæ, абони уæнгæ дæр дигоронау кадæр финста æма финсуй, етæ еугурæйдæр пайда кæнунцæ Малити Геуæргий фæткæвардæй.

Дигорон æвзаги гра мматикæ ахургонд ке нæ цæуй, уомæ гæсгæ дигорон литературон æвзагбæл растдæр куд дзоргæ 'й, уой беретæ нæ фæззонунцæ.

Чиколайаг æма дигорайаг здæхти сæйрагдæр хецæндзийнæдтæ баст æнцæ æмгъæлæсон дамугъатæ ***з, с, дз, ц, цъ*** дзоруни хæццæ ***е*** æма ***и*** гъæлæсонти размæ. Дигорайаг здæхи ***з, с, дз, ц, цъ*** æмгъæлæсонтæ дзоргæй дæр æма финсгæй дæр нецæмæй хецæн кæнунцæ, цифæнди рауæн ку лæууонцæ, уæддæр. Чиколайаг здæхи ба ***з, с, дз, ц, цъ*** æмгъæлæсонтæ ***е*** æма ***и*** гъæлæсонти размæ фæдздзорунцæ фæлмæнæй – ***з^{ж}, с^{ш}, дз^{дж}, ц^{ч}, цъ^{чъ},*** – уруссаг фæлмæн ***жь, шь, джь, чь*** муртæмæ хæстæг.

Литературон нормити еудзийнадæ хинцгæй, еуæй-еу орфоепий æгъдæуттæн сæ фæткитæ исбæрæг кæнун орфографий еумæйаг зонундзийнæдтæн устур агъаз ке 'й, уомæ гæсгæ лæвæрд цæунцæ орфоепий зингæдæр фæткитæ дæр.

Орфоепи, орфографии æма пунктуаций æгъдæутти фарстатæмæ лæмбунæг æркастæнцæ æма сæ феппайуйнæгтæ бахастонцæ:

Цопанти Ритæ (филологон наукити доктор), Кудзойти Анжелæ (филологон наукити кандидат), Цæллагти Искрæ (филологон наукити кандидат), Миндзайти Валентинæ (дигорон финсгути цæдеси сæрдар, поэт), Хадати Фузæ (ахургæнæг), Колити Витали (журнал «Ираæф»-и редактор, поэт), Скъодтати Эльбрус (журнал «Ираæф»-и сæйраг редактор, поэт, финсæг), Къибирти Амурхан (поэт), Будайти Милуся (редактор, поэт, финсæг), Цæрæкти Аллæ (редактор), Баликъоти Эммæ (редактор), Бичегкути Валентинæ (ахургæнæг), Гегкити Сослан (поэт).

ДИГОРОН АЛФАВИТ

Ææ Аа Бб Вв Гг Дд Ее Ёё Жж Зз Ии Йй
Кк Лл Мм Нн Оо Пп Рр Сс Тт Уу Фф
Хх Цц Чч Шш Щщ ъ Ыы ь Ээ Юю Яя

I-аг хай ОРФОЕПИ

ГЪÆЛÆСОНТÆ РАСТ ДЗОРУНИ ÆМА ФИНСУНИ ФÆТКÆ

Гъæлæсонтæ *а, е, о, æ, у, и*

1 §. Гъæлæсонтæ ***а, е, о*** дзурди разæй дæр, астæуæй дæр æма кæронæй дæр дзорун гъæуй дæргъвæтийнæ, дзурди медæгæ æндæр гъæлæсонтæ ку нæ уа, уæддæр: *амал, аййев, евгед, тел, дон, рагон, аййевадон.*

2 §. Гъæлæсонтæ ***æ, у*** дзурди разæй дæр, астæуæй дæр æма кæронæй дæр дзорун гъæуй цубурæй, æнæ дæргъвæтийнæгондæй, дзурди медæгæ æндæр гъæлæсонтæ ку нæ уа, уæддæр: *æз, бæрæг, кæрæ, уг, узун, уру, ругæ.*

3 §. Гъæлæсон ***и*** арæхдæр дзорæн цубурæй: *рист, мистæ, пириндз, фий, фийау, сабий.*

4 §. Гъæлæсон ***и***-йи фæсте æмгъæлæсон ***н*** ку фæууй, уæд ***и*** хатгай дзорæн дæргъвæтийнæй. Гъæлæсон ***и***-йи дæргъвæтийнæдзийнадæ финсгæй бæрæггонд цæуй дууæ дамугъайемæй – ***ий***: *æфсийнæ, сугъзæрийнæ, цæнгæрийнæ, асийнæ, мийнасæ, содзийнæ, цийнæ, бийнонтæ, дзийнадæ.*

Феппайуйнаг. Дæргъвæтийнæ ***и*** ееуæнгон дзурдти ку æмбæла, уæд финст цæуй æнæ ***й***: *дин (хуцаубæл æууæнкæдзийнадæ);* æртасун æй гъæуй дзурд *дин*-æй (*еуон нимæдзи 2-аг цæсгони цæсгомон номевæги цубур формæ дæттинон хауæни*), кæцими ***и*** игъусуй цубурæй.

Феппайуйнаг. Дæргъвæтийнæ ***и*** æрбайсгæ дзурдти ку æмбæла, уæд æй финсун гъæуй æнæ ***й***: *инстинкт, интуици, шифер, машинæ* æма æнд. Уæхæн æрбайсгæ дзурдти дæргъвæтийнæ ***и*** алкæддæр фæууй цавдон.

5 §. Дзурдти райдайæни гъæлæсонтæ **æ** æма **а** дзорæн рауолæвди хæццæ: *æзинæ* [*Ӏæзинæ*], *ами* [*Ӏами*].

6 §. Дзурди райдайæни гъæлæсон ***у*** дзорæн æмгъæлæсон ***ў*[w]**-йи хæццæ: *устур* [*ўустур*], *уг* [*ўуг*], *узун* [*ўузун*].

7 §. Дзурд ***е*** кенæ ***и*** гъæлæсонæй ку райдайуй, уæд æй дзорæн йотацигондæй, кæд ***й*** æ разæй нæ фæууй (финсун дæр æй нæ гъæуй), уæддæр: дзорæн – ***йевгед,*** финсæн – ***евгед***; дзорæн – ***йергъæв,*** финсæн – ***ергъæв***; дзорæн – ***йерис,*** финсæн – ***ерис***; дзорæн – ***йирайун,*** финсæн – ***ирайун***; дзорæн – ***йиронх,*** финсæн – ***иронх***; дзорæн – ***йирд,*** финсæн – ***ирд.***

Феппайуйнаг. Дзурд ***е*** кенæ ***и***-йæй ку райдайуй, уæд хатгай æ разæй дзорæн æмгъæлæсон ***у*** [ў] кенæ ***й.*** Уæхæн дзурдтæ дзорæн æма финсæн ес куд ***у***-йи хæццæ, уотæ ænæ ***у***-йæй дæр: ***уедуг – едуг, уес – ес, уелун – елун, уесойнæ – есойнæ, уиндæ – индæ, уинун – инун.***

8 §. Дзурдбасти фиццаг дзурд гъæлæсонбæл ку фæууй, дуккаг дзурд ба гъæлæсонæй ку райдайуй, уæд се ‘хсæн дзорæн ***й:***

æ амонд – æ йамонд (кенæ: *йæ амонд*); *къала æй – къала йæй; аразι æй – аразι йæй; мæнмæ æй – мæнмæ йæй.*

ÆМГЪÆЛÆСОНТÆ РАСТ ДЗОРУНИ ÆМА ФИНСУНИ ФÆТКÆ

Æмгъæлæсонтæ *с, з, дз, ц, цъ* ***гъæлæсонтæ*** *е* ***æма*** *и-йи размæ*

9 §. Æмгъæлæсонтæ ***с, з, дз, ц, цъ*** ку фембæлунцæ гъæлæсонтæ ***е*** æма ***и***-йи размæ, уæд сæ дзорæн фæлмæнгондæй, ***ш, ж, дж, ч, чъ***-мæ хæстæг: *кæсæ – кæсис* [кæшис], *сæрдæ – сирд* [ширд], *зунд – зинг* [жинг], *зонун – зелун* [желун], *къæдзуг – къæдзелæ*

[къæ**дж**елæ], *со**дз**æн – со**дз**ийнæ* [со**дж**ийнæ], ***ц**урд – **ц**елæ* [**ч**елæ], *кæ**ц**он – кæ**ц**и* [кæ**ч**и], ***цъ**умур – **цъ**ифæ* [**чъ**ифæ], *хæ**цъ**æф – хæ**цъ**елæ* [хæ**чъ**елæ].

Дурдбасти кенæ дзурдарæзти ц æма дз æмгъæлæсонти размæ с æма з-йи æрфоепион фæткæ

10 §. Дзурдарæзти ***ц*** кенæ ***дз*** æмгъæлæсонти разæй ***с*** кенæ ***з*** ку фæззинныл, уæд хатгай ***ц, дз*** æрцæунцæ ассимиляцигонд æма ***с, з*** фæдздзорæн дувæргондæй:

финсæн – *исцæун* – дзорæн *иссæуæн;*
финсæн – *æгас цо* – дзорæн *æгассо;*
финсæн – *кæсдзæнæн* – дзорæн *коссæнæн;*
финсæн – *гъаздзæнæн* – дзорæн *гъаззæнæн.*

Æмгъæлæсонтæ н æма м-йи исæмбæлдæ арæзтон хауæни

11 §. Æмгъæлæсонтæ ***н*** æма ***м*** арæзтон хауæни ку исæмбæлунцæ, уæд хатгай ***н*** æрцæуй ассимиляцигонд æма ‘й фæдздзорæн куд ***м***:

финсæн – *мæнмæ* – дзорæн *мæммæ;*
финсæн – *бунмæ* – дзорæн *буммæ;*
финсæн – *гъонмæ* – дзорæн *гъоммæ;*
финсæн – *бонмæ* – дзорæн *боммæ.*

Æмгъæлæсон гъ æвастгъæрти

12 §. Æмгъæлæсон ***гъ*** æвастгъæрти æма æвастгъæртæй арæзт дзурдти дзорæн немуцаг [*h*]-мæ хæстæг:

гъæйт [**h**æйтт], ***гъæй-гъуй*** [**h**æй-**h**уй], ***гъæйдæ-гъа*** [**h**æйдæ-**h**а], ***гъæйгæнæг*** [**h**æйгæнæг], ***гъм*** [**h**м].

Æмгъæлæсон гъ федарадон æма фарстон хайæгти

13 §. Федарадон хайæг ***гъо*** æма фарстон хайæг ***гъæй*** дзурдти æмгъæлæсон ***гъ*** дзорун гъæуй куд рауолæвдон мур ***h*: гъо** [***hо***], **гъæй** [***hæй***].

II-аг хай ОРФОГРАФИ

ГЪÆЛÆСОНТÆ ÆМА ÆМГЪÆЛÆСОНТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Гъæлæсонтæ о, е æма и дзурди райдайæни

14 §. Гъæлæсон ***о*** дзурди райдайæни ку фæллæууй, уæд æ разæй финсун гъæуй æмгъæлæсон ***у***: *уод, уолæфун, уозун, уосæ.*

Феппайуйнаг. Дзурди райдайæни ***о*** æнæ ***у*** финсун гъæуй æрмæст æрбайсгæ дзурдти: ***офис, оркестр, облæст, облигации, оккупаци, омоформæ, операцигæнæг, орфографион.***

15 §. Дзурди райдайæни гъæлæсон ***е*** кенæ ***и***-йи разæй нæ гъæуй финсун ***й***: *е, ес, езгард, еллон, и, исон, игон, истун.*

Гъæлæсонтæбæл фæууæг номдарти растфинсуйнадæ хауæнти

16 §. Дзурди кæрон ***а, е, и, у*** ку уа, уæд игурæнон хауæни ***и*** рахауй æма си байзайуй ***й.*** Финсун дæр си гъæуй æрмæст ***й***: *скъола – скъолай, сара – сарай, къала – къалай, сире – сирей, кесе – кесей, къæпе – къæпей, бали – балий, ситти – ситтий, къуру – къуруй, уру – уруй, сулу – сулуй.*

17 § Дзурди кæрон **æ** ку уа, уæд игурæнон, дæттинон, æртæстон æма хузæнон хауæнти **æ** рахауй æма 'й финсун нæ гъæуй: *кæрцæ – кæрцы, кæрцæн, кæрцæй, кæрцау; сапойнæ – сапойны, сапойнæн, сапойнæй, сапойнау; киунугæ – киунуги, киунугæн, киунугæй, киунугау.*

Феппайуйнаг. Арæзтон æма æндагбунатон хауæнти **æ** байзайуй æма 'й финсун дæр гъæуй: *кæрцæмæ, кæрцæбæл; сапойнæмæ, сапойнæбæл; киунугæмæ, киунугæбæл.*

ÆМГЪÆЛÆСОНТÆ

Зæллангон æма æзæллангон æмгъæлæсоти растфинсуйнадæ

18 §. Хумæтæг дзурдти уедæгти æмгъæлæсонтæ **с, ф** æма **х** ку фембæлуй, уæд сæ фæсте кенæ сæ разæй хатгай бæлвурдæй нæ фегъусуй зæллангон æви æзæллангон æмгъæлæсон си ес. Уæхæн дзурдти **с, ф, х**-йи хæццæ финсун гъæуй æзæллангон æмгъæлæсонтæ: *уст**т**ур, сæх**т**æг, æф**т**аун, кæс**т**æр, хес**т**æр, æ**ф**сæрми, æ**ф**цæг, æх**ц**æуæн, æх**ц**ул.*

Фал: *ахс**г**иаг, цæс**г**он, æс**г**æлладæ, рæх**г**и, æх**г**æнун, цæх**г**æр, ес**г**у.*

19 §. Æвеппайдон æмгъæлæсонтæ ***п, г, к, д, т, дз, ц*** дзурди дæргъвæтийнæй ку фембæлунцæ, уæд дзоргæ-дзорун бæлвурдæй нæ фегъусуй, зæллангон æви æзæллангон æмгъæлæсон дуваэр кæнуй. Уони раст финсуни туххæй зæрдæбæл дарун гъæуй:

æ) кæд æмгъæлæсонæн исбæрæг кæнæн уа дзурди арæзтмæ гæсгæ, уæд финсун гъæуй бæлвурдгонд æмгъæлæсон: *сирддонæ (сирди+донæ), бæл**ц**ион (бал**ц**и+он), æгудзæг**г**омау (æгудзæги+гомау), бунæ**тт**он (буна**т**и+он), фæг**г**еун (фæ+геун), фæк**к**еун (фæ+кеун), киндздзон (киндзæ + он);*

а) æмгъæлæсонæн исбæрæг кæнæн ку нæ уа дзурди арæзтмæ гæсгæ, зæллангон æй æви æзæллангон, уæд дуваэрæй финсун гъæуй æзæллангон æмгъæлæсон (***кк, пп, тт, цц***): *дук**к**аг, сæрк**к**аг, сæк**к**а, ник**к**и, тæ**пп**од, къа**пп**ил, ту**пп**ур, бæ**тт**æн, дæ**тт**ун, сæ**тт**ун, би**цц**еу, къа**цц**еу, а**цц**æ, уæр**цц**æ.*

Феппайуйнаг. Муггæгти финсуни фæткæ куд рацудæй, уомæ гæсгæ финсæн ес **гк, бп, дт, тц:** *Сагкатæ, Лагкутæ, Цъобпойтæ, Скъодтатæ, Дзотцотæ.*

20 §. Дзурдти кæрон зæллангон æмгъæлæсонти фæсте гъæлæсон дамугъа ку нæ фæууй, уæд фегъусунцæ æзæллангон

æмгъæлæсонти хузæн. Цæмæй исбæрæг киндæуа (зæллангон æй æви æзæллангон), уой туххæй ба ин фæгъгъæуй æ бæрæггæнæг формæ иссерун, æ фæсте гъæлæсон мур куд фæззинна, уотæ: *кар(д)(т) – кар<u>ди</u>, кардæй; лæ(г)(к) – лæ<u>г</u>и, лæ<u>г</u>ау; къагъ(д)(т) – къагъ<u>ди</u>, къагъ<u>дæй</u>, уар(гъ,х) – уар<u>гъ</u>æй, уар(т,д) – уар<u>ти</u>, мул(к,г) – мул<u>ки</u>, къо(х,гъ) – къо<u>хæй</u>.*

21 §. Дзурди медæгæ бæлвурдæй ку не ‘гъуса æмгъæлæсон (зæллангон æй æви æзæллангон), уæд фæгъгъæуй æрхæссун æ бæрæггæнæг дзурд: *ба(д,т)гутæ – ба<u>дæг</u>, са(г,к)сор – са<u>г</u>и, бин(дз,ц)марæн – бин<u>дзæ</u>, цор(к,г) – цор<u>кæй</u>.*

22 §. Хумæтæг дзурди æмгъæлæсонтæ ку фембæлунцæ, уæд дзоргæй фæстаг æмгъæлæсон раззаги аræх искæнуй зæллангон кенæ æзæллангон (æнæнхæст ассимиляци). Уæхæн дзурди æмгъæлæсони растфинсуйнадæ исбæрæг кæнунæн раййевун фæгъгъæуй дзурди формæ, дузæрдуггаг æмгъæлæсони фæсте гъæлæсон исивæргæй: *баддзæнæн – бадун, хуæцдзæнæн – хуæцун, нирризтæй – ниррезун, бæрцбарæн – бæрцæ.*

23 §. Дзурди медæгæ кенæ æ кæрон æмгъæлæсонæн исбæлвурд кæнæн ку нæ уа (зæллангон æви æзæллангон æй), уæд финсун гъæуй æзæллангон æмгъæлæсон: *сонт, монт, рахес, рухун.*

24 §. Хумæтæг дзурдти уедæгти бæлвурдæй ку нæ фегъусуй, **с** æви си **з** ес, æма ин æ бæрæггæнæг дзурд æрхæссæн ку нæ фæууй, уæд си финсун гъæуй æзæллангон **с**: *хъæстæ* (бауæри хай) – *хъæзтæ* (æ бæрæггæнæг: дзурд *хъаз*), *бæстæ* (зæнхи хай) – *бæзтæ* (æ бæрæггæнæг дзурд: *баз*).

25 §. Берæуон нимæдзæвдесæг фæсæфтауæн -т-йи размæ лæууæг зæллангон æмгъæлæсон æзæллангонæй ку фегъусуй, уæд æй исбæлвурд кæнунæн райсун фæгъгъæуй еууон нимæдзи: *сæ<u>г</u>ътæ (сæ<u>х</u>тæ) – сæ<u>г</u>ъæ, æр<u>г</u>ътæ (æр<u>х</u>тæ) – ар<u>г</u>ъ, ме<u>г</u>ътæ (ме<u>х</u>тæ) – ме<u>г</u>ъæ, те<u>г</u>ътæ (те<u>х</u>тæ) – те<u>г</u>ъæ, хъæ<u>з</u>тæ (хъæ<u>с</u>тæ) –*

хъаз (хецæн кæнун æй гъæуй æндæр дзурдæй: *хъæстæ* – бауæри хай, кæци не 'мбæлуй еууон нимæдзи), *бæзтæ (бæстæ) – баз, æнзтæ (æнстæ) – анз.*

Феппайуйнаг. Еууон нимæдзи ци дзурд нæ уа райсæн æма ин исбæрæг кæнæн ку нæ уа, зæллангон æви æзæллангон æмгъæлæсон си ес, уæд финсун гъæуй æзæллангон æмгъæлæсон: *бæстæ* (географион термин), *хъæстæ* (адæймаги бауæри хай).

26 §. Фæсæфтауæнтæ **-гун, -гин, -гай, –гæй, -дæр, -дзаг, -дзæг** æмгъæлæсонбæл фæууæг дзурдтæбæл бафтуйгæй фегъусунцæ æзæллангонæй, фал си финсун гъæуй зæллангонтæ: *фидгун, фудгин, фæрæтгин, цитгин, муггаггай, æлвасгай, æнцадгай, уадзгæй, æндеггæй, есгæй, кæддæр, уæддæр, скъуддзаг, æййивддзаг, дæрддзæг.*

27 §. Разæфтауæнтæ **æ-, æн-, æм-, раз-, дæл-, уæл-, бун-, фæс-**и фæсте ци дзурдтæ бафтуйунцæ, етæ æзæллангон æмгъæлæсонтæй ку райдайунцæ, уæд игъусун райдайунцæ зæллангонтæй æма сæ финсун дæр гъæуй зæллангон æмгъæлæсонтæй: *æгадæ (æ+кадæ), æндзæвун (æн+цæвун), æмдзо (æм+цо), развæндаг (раз+фæндаг), уæлгуст (уæл+куст), бундзæфхад (бун+цæфхад), фæсгуст (фæс+куст).*

Мурфæнзæн æма æвастгъæр дзурдти кæрон æмгъæлæсонти растфинсуйнадæ

28 §. Дзоргæ-дзорун (арæхдæр æвастгъæри æма мурфæнзæн дзурдти) хатгай бæрæг нæ фæууй дзурди кæрон дæргтвæтийнæ æви хумæтæг æмгъæлæсон игъусуй. Уой базонунæн дзурд фæгъгъæуй райсун игурæнон хауæни. Уони раст финсуни туххæй зæрдæбæл гъæуй дарун:

æ) мурфæнзæн дзурд игурæнон хауæни райсун ку æнгъеза æма **и**-йи размæ дæргтвæтийнæй ку игъуса æмгъæлæсон, уæд финсун гъæуй æзæллангон æмгъæлæсон дувæргондæй: ***сапп*** *(****саппи****),* ***гæпп*** *(****гæппи****),* ***цъæнкк*** *(****цъæнкки****)* ***сæррæтт*** *(****сæррæтти****)*;

а) еу иуонгæй арæзт мурфæнзæн дзурд игурæнон хауæни райсæн ку нæ уа, фал берæуон нимæдзи ба ‘йбæл ку бафтуйа *-итæ*, уæд æмгъæлæсон финсун гъæуй дувæргондæй: *тъупп (тъуппитæ), фæрттт (фæрттитæ), мухъхъ (мухъхъитæ), лæхъхъ (лæхъхъитæ).*

29 §. Мурфæнзæн дзурдти кæрон æмгъæлæсонти къуар ку фембæлуй, уæд дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæ дувæргондæй финст нæ цæунцæ, кæд æма берæуон нимадзи дувæргонд цæунцæ, уæддæр: *къæнц, пъæрт, хунц, къурц, хъуæнц, цæлхъ, хæфт, пæлхъ.*

Феппайуйнаг. Уæхæн дзурдтæ берæуон нимæдзи ист ку ‘рцæуонцæ, уæд си финсун гъæуй дувæргонд æмгъæлæсонтæ: *къæнццитæ, пъæрттитæ, хунццитæ, къурццитæ, хъуæнццитæ, цæлхъхъитæ, хæфттитæ, пæлхъхъитæ.*

30 §. Еу иуонгæй арæзт æвастгъæр æмгъæлæсон **т, п** кенæ **х** бæл ку фæууа, исбæрæг кæнæн ба ин ку нæ уа, хумæтæг, æви дæргъвæтийнæ æмгъæлæсон си ес, уæд финсун гъæуй дувæргонд **тт** кенæ **пп:** *хатт!, хæтт!, итт!, æтт!, гъæтт!, гъопп!, ехх!, ихх!*

31 §. Æвастгъæртæ дефиси хæццæ финст ку цæуонцæ, уæд си гъæуй хумæтæг æмгъæлæсонтæ финсун: пæх-пæх, сæх-сæх, къæрц-къæрц, мухъ-мухъ, лæхъ-лæхъ, гъæйт-гъæйт.

Дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонти растфинсуйнадæ дзурдарæзти

32 §. Дзурди кæрони дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæ кæми фæууй, уонæбæл, дзурдаразгæй, æмгъæлæсонæй райдайæг дзурд ку бафтуйуй, уæд дæргъвæтийнæй нæбал фегъусуй æма ‘й дувæргондæй финсун нæбал фæгъгъæуй: *цъопп – цъопдзæгъдæн, гæпп – гæпгæнагæ, тъупп – тъупгæнгæ.*

Дувæргонд æмгъæлæсон дамугъати растфинсуйнадæ фæсæфтауæнти разæй

33 §. Фæсæфтауæнтæ **-аг, -адæ, -он-**и разæй æмгъæлæсонтæ арæх фæддæргъвæтийнæ унцæ, æма сæ финсун гъæуй дувæрæй: *гъæдæ – гъæддаг, балци – бæлццон, уæйæ – уæййаг, æзнаг – æзнаггадæ, гъæу – гъæууон, цæуæг – цæуæггаг.*

34 §. Хатгай бундор æма фæсæфтауæнтæ **-аг, -æг-**и æхсæн фæззиннуй дæргъвæтийнæ æзæллангон **к** кенæ **ц,** æма сæ финсун гъæуй дувæргондæй: *дууæ – дуккаг, æртæ – æртиккаг, гъæу – гъæуккаг, бун – бункаг, астæу – астæуккаг, идæун – идæуццаг, цæрун – цæрæццаг (цæлæццаг), æртæ – æртиккæг, æртиккаг.*

ÆМГЪÆЛÆСОН Й

Æмгъæлæсон й дууæ гъæлæсоней астæу:

35 §. Дзурдарæзти дууæ гъæлæсони ку фембæлунцæ, уæд сæ астæу финсун гъæуй **й:** *ра+ахæссун = райахæссун, ра+евдæлун = райевдæлун, ни+есун = нийесун, ни+ахæссун = нийахæссун, ба + амонун = байамонун, ра + ахæссун = райахæссун, ра + едзун = райедзун, æрба + евгъуйун = æрбайевгъуйун.*

Феппайуйнаг. Дзурдбæстити фиццаг дзурди кæрон æма дуккаг дзурди райдайæни дууæ гъæлæсони ку исæмбæлунцæ, уæд си **й** финсун нæ гъæуй: *æ ахургæнæг* (игъусуй: *æ йахургæнæг* кенæ *йæ ахургæнæг*); *æ амондæн* (игъусуй: *æ йамондæн* кенæ *йæ амондæн*); *нæ ерун*; *ма есæ.*

Феппайуйнаг. Дзурди кæрон **а** кенæ **й** ку фæууй, уæд арæх æ фæсте лæууæг номевæг **æй-**йи æ ælвæст не ‘рцæуй, æма æ разæй ба фегъусуй **й,** фал си **й** финсун нæ гъæуй: *бузудта æй* (игъусуй: *базудтайæй*), *базудтай æй* (игъусуй: *базудтаййæй*), *рауагъта æй, рауагътай æй, хизтай æй, хизта æй, финста æй, финстай æй.*

36 §. Гъælæсон **е** хузæнон хауæни ку нæ рахеза **и**-мæ, уæд **е**-йи фæсте финсун гъæуй **й:** *ке – кейау, горцъе – горцъейау, бийде – бийдейау, къуæре – къуæрейау, къере – къерейау, сире – сирейау, къæпе – къæпейау.*

Дамугъа й сонорон æмгъælæсонт** л,м,н,р, **æма у-йи размæ

37. § Сонорон æмгъælæсонтæ **л, м, н, р, у**-бæл фæууæг дзурдтæмæ фæсæфтауæн **–аг** æфтуд ку 'рцæуй, уæд сонорон æмгъælæсони разæй арæх фæззинуй **й**, æма 'й гъæуй финсун: *гал – гайлаг, ком- коймаг, дон – дойнаг, будур – будуйраг, æвгъау – æвгъайуаг.*

Æмгъælæсон й-бæл фæууæг номдарти растфинсуйнадæ хауæнти

38 § Дзурди кæрон **й** ку уа, уæд игурæнон, дæттинон, æртæстон æма хузæнон хауæнти игъусун райдайуй дæргъвæтийнæй æма 'й финсун дæр гъæуй дувæргондæй **йй:** *æнкъай – æнкъаййи, æнкъаййæн, æнкъаййæй, æнкъаййау; хай – хаййи, хаййæн, хаййæй, хулуй – хулуййи, хулуййæн, хулуййæй, хулуййау.*

Феппайуйнаг. Арæзтон æма æндагбунатон хауæнти игъусуй хумæтæг **й**, æма финсун дæр гъæуй еунæг **й:** *æнкъаймæ, æнкъайбæл; хаймæ, хайбæл; хулуймæ, хулуйбæл.*

ХАЙÆГТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Идæнцон æма аразидзийнадæ 'вдесæг хайæгти растфинсуйнадæ

39 §. Идæнцон хайæг ***нæ,*** уæдта аразидзийнадæ æвдесæг хайæг ***гъо*** федарæй загъд ку фæццæунцæ, уæд сæ финсун гъæуй ***нæхъ, гъуæхъ.*** Экспрессивондзийнадæ ку нæ уа идæнцони дæр æма аразивдесæг хайæги дæр, фал и загъди федардзийнадæ ку 'вдесонцæ кенæ сæбæл логикон цавд ку хауа, уæд сæ финсун гъæуй ***нæ-æ, гъуæ-æ.***

Феппайуйнаг. Уой гъуди кæнун гъæуй, æма æвастгъæрти, уæдта аразивдесæг хайæги фиццаг мур ***h*** нисангонд цæуй æмгъæлæсон мур ***гъ***-йæй, фал æй кæсун ба гъæуй куд рауолæвдон мур (немуцаг ***h***-мæ хæстæг).

Хайæг ес-***и фæрци арæзт вазуггин номевгутæ æма фæрсдзурдтæ раст финсун***

40 §. Хайæг **ес**-и фæрци арæзт вазуггин номевгути æма фæрсдзурдти дуккаг хай финсун гъæуй æнæ мурон æййивддзийнæдтæй: *ескæбæл, естæбæл, ескæд, ескæми, естихузи, естихузон, ескæци, ескæцæй, ескæцирдæмæ, ескæцирдигæй, естирдæмæ, естирдигæй.*

Хайæгтæ не ***æма*** ма ***идæнцон номевгути раст финсун***

41 §. Идæнцон номевгути æма идæнцон фæрсдзурдти **не** æма **ма** хайæгтæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: *неке, неци, некæци, нецал, нециавæр, некæд, некуд, некæми, некумæ, нецæй, маке, маци, макæци, макæд, макуд, макæми, макумæ, мацæй.*

АПОСТРОФ ÆВÆРУНИ ФÆТКИТÆ

42 §. Дзурдбасти фиццаг дзурд гъæлæсонбæл ку фæууй, дуккаг дзурд ба **æ**-йæй ку райдайуй, уæд дзоргæ-дзорун **æ** арæх рахауй, фал æй финсæн ес дууæ хузи дæр: **æ**-йи хæццæ æнхæстæй (*дууæ æнсувæри, есть æфсойнæ*) æма апострофæй нисангæнгæй (*дууæ 'нсувæри, есть 'фсойнæ*).

43 §. Номевгути цубур формитæ **мæ, дæ, æ, нæ, уæ, сæ** æма идæнцон хайæг **нæ**-йи фæсте дзурд **æ**-йæй ку райдайуй, уæд дууæ **æ**-йи дæр ælвæст æрцæунцæ æма раттунцæ дзоргæ-дзорун **е**. Еци **е** финсун гъæуй фиццаг дзурди (*ме, де, е, не, уе, се* æма *не*), дуккаг дзурди райдайæни ба æвæрун гъæуй апостроф: *ме 'рвадæ, де 'гъдау, е 'нæнездзийнадæ, не 'мгæрттæ, се 'взаг, не 'нгъезуй.*

44 §. Номевгути цубур формитæ **мæ, дæ, æ, нæ, уæ, сæ** æма идæнцон хайæг **нæ**-йи фæсте дзурд **и**-йæй ку райдайуй, уæд хатгай **и** рахауй æма æ бæсти æвæрæн апостроф, **æ** ба **е**-мæ рахезуй: *нæ+исон = не 'сон, дæ+ивæрд = де 'вæрд, сæ+игурд = се 'гурд, нæ+игъосун = не 'гъосун.*

Феппайуйнаг. Дзурд ***устур*** ку исæмбæлуй номевгути фæсте, уæд **у** рахауй, **æ** ба рахезуй **е**-мæ, фал **у**-йи бæсти ба апостроф æвæрун нæ гъæуй: *ме стур, де стур, е стур, не стур, уе стур, се стур.*

45 §. Номевгути цубур формитæ **мæ, дæ, нæ, уæ, сæ** æма идæнцон хайæг **нæ**-йи фæсте дзурд гъæлæсон **а**-йæй ку райдайуй, уæд хатгай дзоргæ-дзорун номевгутæй æма идæнцонæй **æ** рахауй, фал æй гъæуй финсун. Поэтикон уадзимисти финсæн ес дууæ хузи дæр: *мæ амонд – м' амонд, дæ адзал – д' адзал, нæ авар – н' авар, уæ азгъунст – у' азгъунст, сæ авдæнæ – с' авдæнæ, нæ амонун – н' амонун.*

Феппайуйнаг. Номевæг **æ** нæ рахауй дзоргæ-дзорун дæр, æма 'й финсун гъæуй алкæддæр: *æ амонд, æ адзал, æ авар, æ азгъунст, æ авдæнæ.*

46 §. Дзурди райдæйæни з кенæ **с**-йæй ци æмгъæлæсонти къуар райдайунцæ, уони разæй гъæлæсон **и** ку лæууа, уæд æй гъæуй финсун. Ælвæст ку 'рцæуй, уæдта **и**-йи бæсти æвæрун гъæуй апостроф: *изгæ – 'згæ, изди – 'зди, исон – 'сон, истун – 'стун.*

47 §. Бæттæг **æма,** хайæгтæ **ба, ма, нæ,** разæфтауæнтæ **ра-, ба-, æрба-, ни-, фæ-,** уæдта фарстон-рахастон номевæг **ци** ку лæууонцæ номевæг **ибæл**-и разæй, уæд номевæгæй **и** рахауæй, æ бæсти ба апострофи хæццæ финсун гъæуй ***й***: *æма 'йбæл ('ма 'йбæл), ба 'йбæл, ма 'йбæл, нæ 'йбæл, ра 'йбæл, ба 'йбæл, æрба 'йбæл, ни 'йбæл, фæ 'йбæл, ци 'йбæл.*

48 §. Бæттæг **æма**-йæй **æ** ку рахауй, уæд æй финсун гъæуй апострофи хæццæ: *'ма.*

49 §. Номевæг æма æнхусгæнæг мивдесæг ***ун***-и еууон нимæдзи æртиккаг цæсгони формæ ***æй*** гъæлæсон дамугъабæл ка фæууй, уæхæн дзурди фæсте ку фæллæууй, уæд фегъусуй æ разæй лæууæг дзурди хæццæ æнхуæцгæй, фал æй финсун гъæуй хецæнæй, ***æ*** рахауй, уотемæй апострофи хæццæ: *Цæмæ 'й равардтай? Ка 'й зонуй? Нæ 'й рауагътонцæ. Базудтонцæ 'й. Фагæ 'й. Цъасæ 'й. Цъæлæ 'й.*

50 §. Æнхусгæнæг мивдесæг **æй** идæнцон хайæг **нæ**-йи хæццæ финсун гъæуй хецæнæй, апострофи хæццæ: *нæ 'й.*

51 §. Мивдесæги номон хай гъæлæсон ***а, е, и, у***-бæл ку фæууа, уæд æнхусгæнæг мивдесæг ***æнцæ***-йæй хатгай рахауй ***æ***, фал æй æнгъезуй финсун дууæ хузи дæр – апострофи хæццæ дæр, æма ***æ***-йи хæццæ дæр: *искъала 'нцæ, искъала æнцæ; неке 'нцæ, неке æнцæ; аразι 'нцæ, аразι æнцæ; къуру 'нцæ, къуру æнцæ.*

52 §. Æмгъæлæсон дамугъатæ ***с*** æма ***з***-йи размæ ***и*** ку рахæуй, уæд ***с*** æма ***з***-йи размæ æвæрун гъæуй апостроф: *нæ + исон = не 'сон; нæ + исахур кæнун = не 'сахур кæнун; нæ + исеу ун = не 'сеу ун; дæ + изæртæ = де 'зæртæ; нæ + изайун = не 'зайун; дæ + извæд = де 'звæд; дæ = изædихай = де 'зædихай* (дзоргæ-дзорун ба хатгай игъусуй *"дейзædихай"*).

53 §. Æмгъæлæсон дамугъатæ ***с*** æма ***з***-йи размæ ***æ*** ку рахæуй, уæд апостроф æвæрун нæ гъæуй: ***æстъол*** *– стъол,* ***æзменсæ*** *– зменсæ,* ***æзнаг*** *– знаг.*

54 §. Фиццаг дзурд гъæлæсонбæл ку фæууй, дуккаг дзурд ба разæвæрд **æнæ** кенæ разæфтауæн **æнæ- (æ-)**-æй ку райдайуй, уæд **æ** нæ рахауй æма си апостроф иваерун нæ гъæуй: *Косгутæ æнæзийнадæй бавналдтонцæ сæ кустмæ. Сувæллæнттæ æвæлмонæй гъазтонцæ гъæунги. Нур ба талинги бадæ æнæ цирагъæй.*

55 §. Гъælæсонтæ кæрæдзебæл ци дзурдти исæмбæлонцæ, еци дзурдтæ æрхуæцæн нисанæй хецæнгонд ку цæуонцæ, уæд дууæ гъælæсони дæр финсун гъæуй æнхæстæй: *Некæд дин фæууидта дæ къарæ, æндæра дæ бафæсмардтайдæ.*

ДИФТОНГ ИА

56 §. Дифтонг ***иа*** дзурди медæгæ финсун гъæуй æнæ ***й***: *цъиах, сиахс, гиаур, тлиако, фæстиат, гурдзиаг, арфиаг, гъудиадæ, курдиат, курдиадæ, дæлиау, Асиат, Биастæ.*

57 §. Дзурдти кæрон гълæсон ***æ*** ку фæууй, уæд ибæл фæсæфтауæн ***-аг*** бафтаугæй, ***æ*** рахауй, æма си финсун гъæуй дифтонг ***иа***: *арфæ – арфиаг, зæрдæ – зæрдиаг.*

Феппайуйнаг. Берæуон нимæдзи дифтонг ***иа*** финсун гъæуй ***иæ***: *гурдзиæгтæ, курдиæдтæ, арфиæгтæ, зæрдиæгтæ.*

58 §. Дзурди кæрони **е** ку фæууй, уæд дзурд хузæнон хауæни рахезуй ***и***-мæ, æма си финсун гъæуй ***и***: *уæле – уæлиау, дæле – дæлиау.*

Фал: *фæсте – фæстиау, фæстейау.*

ВАЗУГГИН НОМДАРТÆ, МИНОГОНТÆ ÆМА ФÆРСДЗУРДТÆ АРАЗÆГ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

59 §. Вазуггин номдартæ, миногонтæ æма фæрсдзурдтæ аразæг дзурдтæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: *еудадзуг, еугæндзон, еудзæстон, дудзæсгон, дудзælхуг, дууадæстæнон, сауæрфуг, сауцæстæ, саунæмуг, фудхуз, фудзунд, фудцъулуз, фургуст, фурдзитæ, фурдзурд, хуæдтолгæ, хуæдахур, хуæрзхаст, хуæрзтог.*

БЕРÆУОН НИМÆДЗИ ИСТ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

60 §. Æмгъæлæсонтæ **й, л, м, н, р, у** ци дзурдти кæрæнтти фæууй, уони бундорбæл берæуон нимæдзæ аразгæй, тухгин гъæлæсонтæ **а, о** læмæгъ гæлæсон **æ**-мæ ку рахезунцæ, уæд берæуон нимæдзи фæсæфтауæн **-т** фæддæргъвæтийнæ уй æма ‘й финсун гъæуй дуварæй: *æнкъай – æнкъæйттæ, хай – хæйттæ, еугай – еугæйттæ, æмбал – æмбæлттæ,бæдолæ – бæдæлттæ, уадолæ – уадæлттæ, ном (нон) – нæмттæ (нæнттæ), дон – дæнттæ, ронæ – рæнттæ, æфсон – æфсæнттæ, уæдæр – уæдæрттæ,хæдзарæ–хæдзæрттæ, аргъау–аргъæуттæ, къанау–къанæуттæ.*

61 §. Дзурдти кæрон **г, з, с, гъ, х, дз, ц, д** ку уа, уæд берæуон нимæдзи **–т** бæлвурдæй нæ фегъусуй, арæх фегъусуй куд **–д**, фал си алкæддæр финсун гъæуй **т:** *сог – согтæ, лæг – лæгтæ, хъаз – хъæзтæ, гъос – гъостæ, рос – ростæ, рагъ – рæгътæ, сæгъæ – сæгътæ, лух – лухтæ, бæх – бæхтæ, хъалац – хъалацтæ, нимæдзæ – нимæдзтæ, фуд – фудтæ, рæгъæд – рæгъæдтæ, хед – хедтæ.*

62 §. Дзурдæн еууон нимæдзи æ кæрони гъæлæсон **æ** ку уа, уомæн ба æ разæй æмгъæлæсонти къуар ку лæууа, уæд берæуон нимæдзи **æ** рахауй æма берæуон нимæдзæ ‘вдесæг **–т**-бæл æ разæй бафтуйуй **и:** *биндзæ – биндзитæ, хæпсæ – хæпситæ, зæнгæ – зæнгитæ, синдзæ – синдзитæ, фингæ – фингитæ.*

63 §. Еууон нимæдзи дзурди кæрон æмгъæлæсонти къуар ку фæууй, уæд берæуон нимæдзи форми дзурди бундори тухгин гъæлæсон læмæгъ гъæлæсонмæ ку рахезуй, уæд фæсæфтауæн **–т**-йи размæ арæх фæззиннуй **и** æма ‘й гъæуй финсун: *арс – æрситæ, карк – кæркитæ, айкæ – æйкитæ, цалх – цæлхитæ, каст – кæститæ, раст – рæститæ, гъазт – гъæзтитæ, дард – дæрдтитæ.*

Фал: *ærдхуард- ærдхуæрдтæ, саргъ- сæргътæ, мард – мæрдтæ,, кард – кæрдтæ, аргъ – æргътæ, фарс – фæрстæ, маргъ – мæргътæ, уаргъ – уæргътæ, фахс – фæхстæ, царв – цæрвтæ, анз – æнзтæ æ.у.и.*

Фал: *даргъ – дæргътæ, дæргъитæ.*

64 §. Еуæй-еу дзурдти бундор æма фæсæфтауæн **–т-**йи æхсæн фæззинуй **–ти** æма 'й гъæуй финсун: *баст – бæстти**т**æ* (хецæн кæнун æй гъæуй *бæстит**æ***-æй, кæци равзурдæй дзурд *бæстæ*-й), *арт – æрттит**æ**, монт – монтти**т**æ, æрттивд – æрттивдти**т**æ, цагъд – цæгъдти**т**æ, рæдуд – рæдудти**т**æ, сагъд – сæгъдти**т**æ, загъд – зæгъдти**т**æ, къагъд – къæгъдти**т**æ.*

65 §. Еуæй-еу дзурдтæй берæуон нимæдзæ арæзт цæуй, фæсæфтауæн ***-мæлт*** бафтаугæй. Уæхæн дзурдтæ финсун гъæуй:

æ) дзурди кæронккаг æмгъæлæсон ***д***-бæл ку фæууа, уæд ибæл берæуон нимæдзи фæсæфтауæн ***-мæлт*** бафтуйгæй фегъусуй дæргъвæтийнæй, фал æй финсун гъæуй ***дт***: *æрвадæ – æрвад**т**мæлтæ, мадæ – мад**т**мæлтæ, фидæ – фид**т**мæлтæ, тугъд – тугъд**т**мæлтæ, цагъд – цагъд**т**мæлтæ, рæдуд – рæдуд**т**мæлтæ, сагъд – сæгъд**т**мæлтæ, загъд – зæгъд**т**мæлтæ, къагъд – къæгъд**т**мæлтæ, туппургонд – туппургæнд**т**мæлтæ;*

а) дзурди кæрон еунæг æзæллангон æмгъæлæсон ку уа, уæд бундорбæл бафтуйуй фæсæфтауæн **-тæлт**: *уосæ – уос**т**мæлтæ, уæх кæнун – уæх**т**мæлтæ кæнун*;

б) дзурди кæронккаг æмгъæлæсон **т** ку уа, уæд, бундорбæл фæсæфтауæн ***–мæлт*** бафтаугæй, еу ***т*** рахауй æма си финсун гъæуй еунæг ***т***: *ностæ – нос**т**мæлтæ, фест – фес**т**мæлтæ, адæмихатт – адæмихæт**т**мæлтæ.*

Феппайуйнаг. Дзурдтæ *цагъд, рæдуд, сагъд, загъд, къагъд, туппургонд, уосæ, адæмихатт, æндзагъд* æмбæлунцæ берæуон нимæдзи æндæр фæсæфтауæнти хæццæ дæр: *цæгъдтитæ – цæгъдтæлтæ, сæгъдтитæ – сæгъдтæлтæ, зæгъдтитæ –*

зæгъдтæлтæ, къæгъдтитæ – къæгъдтæлтæ, туппургæндтæ – туппургæндтитæ, туппургæндтæлтæ, уоститæ – уостæлтæ, адæмихæттæ – адæмихæттæлтæ, æндзæгъдтæ – æндзæгъдтæлтæ.

66 §. Дзурдæн еууон нимæдзи æ кæрони ***-ойнæ*** ку уа, уæд берæуон нимæдзи рахауй æма си фæззинныл ***-æн,*** фæсæфтауæн ***-т*** ба фегъусуй дæргъвæтийнæ æма 'й финсун гъæуй дувæргондæй ***-тт***: *уесойнæ – уесæнттæ, куройнæ – курæнттæ, фæллойнæ – фæллæнттæ, æгъдинцойнæ – æгъдинцæнттæ, буройнæ – бурæнттæ, сагойнæ – сагæнттæ, мæрддзогойнæ – мæрддзогæнттæ, сапойнæ – сапæнттæ, æрдустойнæ – æрдустæнттæ, æнцойнæ–æнцæнттæ, еликкойнæ–еликкæнттæ, стойнæ – стæнттæ, къубулойнæ – къубулæнттæ, къудуройнæ – къудурæнттæ, папилойнæ – папилæнттæ.*

Фал: *гогойнæ – гогойнитæ, æфсойнæ* (уæрдуни æрттæ федаргæнæн къæлæт) *– æфсойнитæ* (хецæн кæнун æй гъæуй дзурд *æфсойнæ*-й, кæци нисан кæнуй *рæуонæ* æма берæуон нимæдзи финст цæуй куд *æфсæнттæ*), *бугъойнæ – бугъойнитæ, сойнæ – сойнитæ, æнтойнæ – æнтойнитæ, æнтъойнæ – æнтъойнитæ, æлхойнæ – æлхойнитæ, игъзойнæ – игъзойнитæ, кокойнæ – кокойнитæ, кæфойнæ – кæфойнитæ, медæггойнæ – медæггойнитæ, мойнæ – мойнитæ.*

Фал: *инсойнæ – инсойнитæ, инсæнттæ; гагъойнæ – гагъойнитæ, гагъæнттæ; асойнæ – асойнитæ, асæнттæ; æрдустойнæ – æрдустойнитæ, æрдустæнттæ.*

Феппайуйнаг. Дзурд *зæнгойнæ* берæуон нимæдзи ист ку 'рцæуй, уæд **й** байзайуй, æ фæсте ци **н** ес, е ба рахауй: *зæнгойнæ – зæнгæйттæ.*

67 §. Дзурдти кæрон фæсæфтауæнтæ **-уг, -æг** ку уа, уæд берæуон нимæдзи гъæлæсон **у** æма **æ** арæх рахаунцæ, фæсæфтауæн **–т**-йи

размæ ба фæззинныл у æма 'й гъæуй финсун: *мæсуг – мæсгутæ, фæрдуг – фæрдгутæ, нæмуг – нæмгутæ, уæйуг – уæйгутæ, уедуг – уедгутæ, расуг – расгутæ* (уой хæцца ба *расугтæ* дæр), *корæг – коргутæ, цæрæг – цæргутæ, бæрæг – бæргутæ, цæуæг – цæугутæ, аразæг – аразгутæ*;

Фал: *гъæздуг – гъæздугутæ.*

Феппайуйнаг. Дзурд *кизгæ* берæуон нимæдзи райсгæй финсун гъæуй дувæргонд ***-тт***: *кизгу**тт**æ.*

68 §. Дзурди кæрон **–агæ** ку уа, уæд берæуон нимæдзи **т**-йи размæ фæззинныл **и** æма си финсун гъæуй **-ит**: *корагæ – корагитæ, дзорагæ – дзорагитæ, цæуагæ – цæуагитæ, косагæ – косагитæ, финсагæ – финсагитæ.*

69 §. Дзурди кæрон **–аг** ку уа, уæд берæуон нимæдзи фæсæфтауæни **а** рахезуй **æ**-мæ, æма си финсун гъæуй **-ægтæ:** *базайраг – базайрæгтæ, бунккаг – бунккæгтæ, сæрккаг – сæрккæгтæ, косуйнаг – косуйнæгтæ.*

70 §. Дзурди кæрон **–гæ** ку уа, уæд берæуон нимæдзи **–т**-йи размæ бафтуйуй **и:** *мæнгæ – мæнг**итæ**, зæнгæ – зæнг**итæ**, дунгæ – дунг**итæ**.*

Фал: Дзурд *кизгæ – кизгу**тт**æ.*

71 §. Фæсæфтауæн **–д**-йи фæрци мивдесæгæй арæзт дзурдтæ берæуон нимæдзи **–итæ** форми разæй **–д** фегъусуй дæргъвæтийнæй, фал си финсун гъæуй **–дт:** *конд+итæ – кæнд**т**итæ, тунд+итæ – тунд**т**итæ, къагъд+итæ – къæгъд**т**итæ* (фал: *къахт – къæхтитæ*), *калд+итæ – кæлд**т**итæ.*

НИМÆДЗОНТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Вазуггин нимæдзонти растфинсуйнадæ

72 §. Вазуггин нимæдзонтæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: нимæдзонти фиццаг хай куд игъусуй, уотæ финст цæуй, дуккӑг хаййи ба финсун гъæуй **–дæс, -сæдæ, -инсæй (-инсæдзи):** *еуæндæс, дууадæс, æртиндæс, цуппæрдæс, финддæс, æхсæрдæс, æвддæс, æстдæс, нæудæс, дууæсæдæ, æртæсæдæ, цуппарсæдæ, фондзсæдæ, фарастсæдæ, дууинсæй (дууинсæдзи), æртинсæй (æртинсæдзи), цуппаринсæй (цуппаринсæдзи), фондзинсæй (фондзинсæдзи), дууæфондзинсæй (дууæфондзинсæдзи), æртæфондзинсæй (æртæфондзинсæдзи).*

Нимæдзонти фæрци аræзт вазуггин дзурдти растфинсуйнадæ

73 §. Нимæдзонтæ **дууæ, æртæ, цуппар æма фондз-**и фæсте ци дзурдтæ фæууй, уони хæццæ аræх байеу унцæ ауæхæн формити: **ду-, æрти-, цуппæр-, фæндз-,** æма сæ финсун гъæуй куд игъусунцæ, уотæ: *дудзæсгон, дукъахуг, дувзагон, дувæрæй, æртивæрæй, æртикъахуг, æртивæлтæрæй, цуппæркъахуг, цуппæрдегъон, цуппæрвæлтæрæй, фæндздегъон, фæндзвæлтæрæй.*

Амад нимæдзонти растфинсуйнадæ

74 §. Амад нимæдзонтæ аразæг дзурдтæ финсун гъæуй хецæнтæй: *дууин еу, дууæсæдæ æртин дууæ, цуппар мини, мин фарастсæдæ науæдзæ фондз, еу дуккӑг хаййи, цуппар æхсæзæймаг хаййи, дууин фæндзгай, дууæ æма дууинсæй (дууæ æма дууинсæдзи), дæс æма дууинсæй (дæс æма дууинсæдзи), дæс æма дууинсæйгай (дæс æма дууинсæдзигай).*

Морон нимæдзонти растфинсуйнадæ

75 §. Морон нимæдзонтæ аræзт цæунцæ, бæрцон нимæдзонтæбæл **хай** бафтаугæй, æма сæ финсун гъæуй хецæнæй:

дуккаг хай, æртикkаг хай, цуппæрæймаг хай (цуппæрæн хай), фæндзæймаг хай, дæсæймаг хай (дæсæн хай).

Нимæдзон *еу*-и растфинсуйнадæ

Нимæдзон еу хецæнæй финсун

76 §. Нимæдзон **еу** нимæдзæвдесæг ку уа, уæд æй æ фæсте, еци дзурди хæццæ финсун гъæуй хецæнæй: *еу бон* (гъома, еунæг бон: *еу бон ма байзадæй бæрæгбонмæ*), *еу хатт* (гъома, еунæг хатт: *еу хатт уомæн дæр бантæстæй гол бакъуæрун*), *еу дзурдæй* (гъома, еунæг дзурд скæнгæй: *еу дзурдæй дæр гъудиадæ исирæзуй*), *еу минкъий* (гъома, еунæг минкъий: *рæсæни æрмæст еу минкъий биццеу лæудтæй*).

Нимæдзон еу æнхуæцгæй финсун

77 §. Нимæдзон *еу*, æ фæсте ци дзурд лæууа, уой хæццæ предмети æбæлвурддзийнадæ ку æвдеса, уæд и дзурдтæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: *еубон* (гъома, кæцидæр бон: *еубон æрбауайай*), *еухатт* (гъома, кæддæр: *еухатт цауæни адтæн*), *еуминкъий* (гъома, минкъийгомау: *еуминкъий ма ралæудтæй, уæдта рандæ 'й*) *еухузон, еудзийнадæ, еугонд.*

Феппайуйнаг. Хецæнæй кенæ æнхуæцгæй кæд финсун гъæуй **еу**, уой базонунæн фæгъгъæуй раттун фарста: **еу**-мæ фарста **цал**? раттæн ку уа, æ фæсте ци дзурд лæууй, уомæ ба хецæнæй æндæр ести фарста (**ка? ци? цæмæй? кæмæй?** æ. ænd.) ку уа раттæн, уæд **еу** финсун гъæуй хецæнæй. Хецæнтæй сæмæ ку нæ дæттæн фарста, уæдта сæ финсун гъæуй æнхуæцгæй. Арæхдæр уæхæн дзурдтæмæ фæддæттæн фарстатæ ***кæд? куд?***: *цал хатти? – еу хатт*; *кæд? – еухатт.*

БАРÆН БÆРЦИТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Барæн бæрци фæсæфтауæн –дæр минеуæгонтæ æма фæрсдзурдти

78 §. Барæн бæрци фæсæфтауæн **–дæр** минеуæгонтæ æма фæрсдзурдти финсун гъæуй æнхуæцгæй: *фæстæдæр, уæлдæр, бæрзонддæр, цубурдæр, сæрдæр, ниллæгдæр, рæсугъддæр.*

Баредзон æма уæлахезон бæрцити фæрци минеуæгонтæ æма фæрсдзурдтæ арæзгæй

79 §. Баредзон æма уæлахезон бæрцити фæрци ци минеуæгонтæ æма фæрсдзурдтæ арæзт цæуй (**æнккæти, æнккæтемæй, æппæти, еугур, хъæбæр, бунтон, бустæ ги, тæккæ, сæнт, фур, фуд** æ.ænд.), уони финсун гъæуй хецæнæй: *æнккæти рæсугъддæр, æнккæтемæй раздæр, æппæти фиццаг, еугур бæрзонд, хъæбæр хуарз, бунтон ниллæг, бустæги гъæрдæр, тæккæ устурдæр, сæнт сау, фур уездон, фуд æнæгъдау.*

НОМЕВГУТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Номевгутæ хецæнæй финсун

80 §. Цæсгомон номевгути цубур формитæ иннæ дзурдти хæццæ финсун гъæуй хецæнæй: *Сæ хæццæ. Æ мадæ. Е 'нсувæр. Нæ дин загътон. Равардтон ин. Бадзурдтон имæ. Боз си дæн. Не 'гасемæн дæр. Уе 'уазæг. Ракурдтон си. Арази 'й е.*

81 §. Ælвасон номевæг **хе**-йæн сæрмагонд нисанеуæг ку фæууй, уæд æй номдарти хæццæ финсун гъæуй хецæнæй: *хе киунугæ, хе загъд, хе дзурд.*

Феппайуйнаг. Номевæг **хе** вазуггин дзурди хай ку фæууй, уæд æй финсун гъæуй иннæ хаййи хæццæ æнхуæцгæй: *хеуарзон, хехузон, хесбойнон, хеаргъ, хебæраги, хеваст, хевæндон, хевæрцон, хекритикæ, хестауæн, хехснæн.*

82 §. Амонæн номевæг **а** æ фæсте лæууæг дзурди хæццæ финсун гъæуй хецæнæй: *а биццеу, а кизгæ, а иуазæг, а хæдзарæ, а бæстихай, а сæумæ, а изæр.*

Номевгутæ æнхуæцгæй финсун

83 §. Вазуггин номевгутæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: *мæхе, дæхе, æхе, нæхе, уæхе, сæхе, мæхуæдæг, дæхуæдæг, æхуæдæг, нæхуæдæг, нæхуæдтæ, уæхуæдæг, уæхуæдтæ, сæхуæдæг, сæхуæдтæ, алке, алци, кайфæнди, цийфæнди, кудфæнди.*

84 §. Амонæн номевæг **а** æ фæсте лæууæг дзурди хæццæ фæрсдзурд ку ратта, уæд æй финсун гъæуй æнхуæцгæй: *абони, ахсæви, асæуми, ауалдзæги, азумæги, асæрди, афæззæги.*

Феппайуйнаг. Еуæй-еу дзурдти **а** æмбæлуй æнхæст форми **айæ**, фал, дзурдбæл бафтуйгæй ба, **æ** рахауй æма си финсæн **ай-**: *айсоми, айзæр(и), айфиццаг(и).*

85 §. Амонæн номевæг **а** æнхуæцгæй финсун гъæуй ауæхæн номевгути дæр: *ауал, ацал-ауал, ауæхæн.*

86 §. Фарстон-рахастон номевгутæ **ка, ци**-йæй аразгæ æбæлвурд, бæлвурд æма идæнцон номевгутæ **еске, ести, алке, алци, неке, неци, маке, маци,** здæхгæ номевæг **кæрæдзе** игурæнон хауæни финсун гъæуй: *еске, естæй, алке, алцæй, неке, нецæй, маке, мацæй, кæрæдзей.*

МИВДЕСГУТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Вазуггин мивдесгутæ æма мивдесгути вазуггин формитæ раст финсун

87 §. Вазуггин мивдесгути æма мивдесгути вазуггин формити æййевгæ хай – æнхусгæнæг мивдесæг – финсун гъæуй хецæнæй: *гъæр кæнун, æнгъæлмæ кæсун, никъкъæрцц ласун, хуарз ун, хуарз фæуун.*

88 §. Æнхусгæнæг мивдесæг **ун** мивдесгути æнæцæсгомон формити финсун гъæуй хецæнæй: *дзурдæ уй, киндæ уй, финстæ уй, кустæ уй, лигъдæ уй, кувдæ уй.*

Феппайуйнаг. Растфинсуйнадæ исбæлвурд кæнуни туххæй æнхусгæнæг мивдесæг **ун** æма мивдесæги æнæцæсгомон формити æхсæн фæгъгъæуй бафтаун байвæргæ дзурд, кенæ номевæг: *дзурдæ, дан, дæмæ уй; киндæ, дан, уй; финстæ, дан, уй; кустæ, дан, уй; лигъдæ, дан, уй; кувдæ, дан, сæмæ уй.*

89 §. Æнхусгæнæг мивдесæг **ун** æргомон здæхæни æртиккаг цæсгони ку уа, уæд мивдесæги номхундон хаййи хæццæ фегъусуй æнхуæцгæй, фал æй финсун гъæуй хецæнæй: *хуарз æй, хуарз æнцæ, сабур æй, сабур æнцæ, гъиггаг æй, гъиггаг æнцæ.*

90 §. Мивдесæги номон хай гъæлæсон **а, е, и, у**-бæл ку фæууа, уæд æнхусгæнæг мивдесæг **æй**-и размæ фегъусуй **й**, фал си финсун ба нæ гъæуй: *къала æй, къере æй, сæри æй, къуру æй* (кæсгæ ба кæнæн: *къала йæй, къере йæй, сæри йæй, къуру йæй*).

91 §. Бæллеццаг здæхæни æнхусгæнæг мивдесæг финсун гъæуй:

- бæллеццаг здæхæни æнхæст хузæ: *уайинæ, уаййанæ, уайсæ, уаййайтæ, уайдæ, уайуонцæ*;
- бæллеццаг здæхæни цубур хузæ: *уинæ, уисæ, уидæ, уианæ, уиайтæ, уиуонцæ.*
- бæллеццаг здæхæни евгъуд афонии хузæ: *адтайнæ, адтаййанæ, адтайсæ, адтаййайтæ, адтайдæ, адтайуонцæ.*

92 §. Бадзурдон здæхæни ун финсун гъæуй: *уон, уай, уа, уæн, уонцæ, уæнтæ.*

93 §. Фæдзæхстон здæхæни ***ун*** финсун гъæуй: *уо, уæд, уотæ, уæнтæ.*

Ærгомон здæхи мивдесæг исуйнаг афони раст финсуни фæткæ

94 §. Мивдесæги ærгомон здæхи исуйнаг афонæ финсæн ес дууæ хузи: *кæндзæнæн, кæндзæн; финсдзæнæн, финсдзæн, баддзæнæн, баддзæн, зардзæнæн, зардзæн; кæндзинан, кæндзиан; финсдзинан, финсдзиан; баддзинан, баддзиан; зардзинан, зардзиан; кæндзинайтæ, кæндзиайтæ; финсдзинайтæ, финсдзиайтæ; кæндзæнæнцæ, кæндзæнцæ; финсдзæнæнцæ, финсдзæнцæ.*

Мивдесæги евгъуд афонии бундори кæрæнттæ раст финсуни фæткæ

95 §. Мивдесæги евгъуд афони бундори кæрæнтти финсун гъуй т, бæлвурд ку не 'гъуса, уæддæр: *бадтæн, бадтан, бадтæ, бадтайтæ, бадтæй, бадтæнцæ, зардтон, зардтонцæ, зардтай, зардтайтæ, зардта, зардтонцæ, цудтæн, цудтæ.*

Фал: *цудан, цудайтæ, цудæй, цудæнцæ.*

96 §. Мивдесæги евгъуд афони бундор **–вд** кенæ **гъ**-бæл ку фæууа, уæд евгъуд афони цæсгомон формити кæрæнтти разæй д рахауй, æма 'й финсун дæр нæ гъæуй: *сагъд – сагътон, уагъд – уагътон, ауигъд – ауигътон, æййивд – æййивтон, цавд – цавтон, кувд – кувтон.*

Мивдесæги бундор дæргъвæтийнæ æмгъæлæсони раст-финсуйнадæ дзурдарæзти

97 §. Мивдесæги бундор дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонбæл ку фæууй, уæд ибæл æмгъæлæсонæй райдайæг дзурди хай ку бафтуйуй, уæд дæргъвæтийнæ æмгъæлæсон райдайуй цубурæй игъусун æма 'й финсун гъæуй цубурæй: *лæуун – лæудзæнæн, лæудтæн, лæугæй; бæттун – бæтдзæнæн, бæтгæй.*

Вазуггин мивдесгутæй арæзт номдартæ, минеуæгонтæ, миногмийтæ æма фæрсагмийтæ финсун гъæуй:

98 §. æ) æнхуæцгæй, кæд æнхусгæнæг мивдесæг æнæ разæфтауæн уа, уæд: *хумæ кæнун – хумæгæнæг, хумæгæнгæй; гъæр кæнун – гъæргæнæг, гъæргæнгæй;*

а) хецæнтæй, кæд разæфтауæни хæццæ уа, уæд: *хумæ кæнун – хумæ бакæнæг, хумæ бакæнгæй; гъæр кæнун – гъæр никкæнæг, гъæр никкæнгæй.*

РАЗÆВÆРД ÆМА РАЗÆФТАУÆНТÆ *ÆНÆ, ÆНÆ-, ÆД, ÆД-* РАСТ ФИНСУН

Разæвæрдтæ æнæ ***æма*** æд ***дзурдти æмеуади раст финсун***

99 §. Разæвæрдтæ **æнæ** æма **æд** сæ фæсте лæууæг дзурдти хæццæ финсун гъæуй хецæнæй: *æнæ дон, æнæ мадæй, æнæ амонд, æнæ дæу, æд саргъ, æд готон, æд хуæцæнгарз.*

Разæфтауæнтæ æнæ- ***æма*** æд- ***æнхуæцгæй финсуни æгъдау***

100 §. Разæвæрдтæ **æнæ** æма **æд** номдартæбæл ку бафтуйунцæ æма си минеуæгонтæ ку рауайуй, уæд сæ финсун гъæуй æнхуæцгæй сæ фæсте лæууæг дзурди хæццæ: *æнæмæтæ, æнæбон, æнæкæрон, æнæзонгæ, æнæбари, æдкъуала, æдгæрзтæ, æдсаргъ.*

101 § Разæфтауæн **æнæ-** ку бафтуйуй тухгин гъæлæсон **а**-йæй райдайæг дзурдтæмæ, уæд **а**-йи разæй læмæгъ гъæлæсон **æ** арæх рахауй æма ‘й финсун дæр нæ гъæуй: *æнæ+амонд – æнамонд, æнæ+ауæрдон – æнауæрдон, æнæ+арæхст – æнарæхст, æнæ+аййепп – æнаййепп, æнæ+адæ – æнадæ.*

102 §. Разæфтауæн **æнæ-** ку бафтуйуй læмæгъ гъæлæсон **æ**-йæй райдайæг дзурдтæмæ, уæд си еу **æ** рахауй, æма ‘й финсун дæр нæ гъæуй: *æнæ+æхснад – æнæхснад, æнæ+æртæст – æнæртæст, æнæ+æвгъау – æнæвгъау, æнæ+æркæсæг – æнæркæсæг.*

103 §. Разæфтауæн **æнæ-** ку бафтуйуй тухгин гъæлæсон **е-**йæй райдайæг дзурдтæмæ, уæд арæх **æ** рахауй, æма 'й финсун дæр нæ гъæуй: *æнæ+ервæзæг – æнервæзæг, æнæ+евдæлон – æневдæлон.*

Феппайуйнаг. Гъæлæсон **е-**йæй райдайæг дзурди разæй **æнæ** ку фæууй, æма си **æ** ку нæ рахауй, уæд **æнæ** фæууй разæвæрд, æма 'й финсун гъæуй хецæнæй: *æнæ+еске – æнæ еске, æнæ+ервæзунгæнæг – æнæ ервæзунгæнæг.*

104 §. Разæфтауæн **æнæ-** ку бафтуйуй лæмæгъ гъæлæсон **и-**йæй райдайæг дзурдтæмæ, уæд хатгай **æ** рахауй, æма 'й финсун нæ гъæуй: *æнæ+иронх – æниронх, æнæ+ирисхъæ – æнирисхъæ, æнæ+игъосæг – æнигъосæг, æнæ+игъуст – æнигъуст, æнæ+ихæлцæ – æнихæлцæ.*

Феппайуйнаг. Гъæлæсон **и-**йи разæй **æ** ку нæ рахауй, уæд **æнæ** фæууй разæвæрд, æма 'й финсун гъæуй хецæнæй: *æнæ иронх, æнæ ирисхъæ, æнæ игъосæг, æнæ игъуст, æнæ ихæлцæ.*

Феппайуйнаг. Разæфтауæн **æнæ-** ку бафтуйуй **и-**йæй райдайæг дзурдтæмæ, уæд хатгай **æ** нæ рахауй, фал **и** ба рахезуй **й-**мæ, æма си финсун гъæуй **й:** *æнæ+иуæрст – æнæйуæрст, æнæ+исæрст – æнæйсæрст, æнæ+итуд – æнæйтуд, æнæ+ихæлд – æнæйхæлд, æнæ+итигъд – æнæйтигъд.*

МИВДЕСÆГОН РАЗÆФТАУÆНТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

Разæфтауæнтæ *æр-, æрба-, ба-, ис-, ра-, ни-, фæ-* ***раст финсун***

105 §. Разæфтауæнтæ мивдесгути хæццæ финсун гъæуй æнхуæцгæй: *раццæун, бацæун, æрцæун, исцæун, ниццæун, æрцæун, æрбацæун, фæццæун.*

106 §. Разæфтауæн æма мивдесæги æхсæн хайæгтæ, байвæргæ дзурд **дан,** кенæ номевгутæ ку байвæрдæ уй, уæд разæфтауæн

дæр, хайæгтæ дæр, байвæргæ дзурд дæр, номевæг дæр, мивдесæг дæр финсун гъæуй хецæнæй: *Радзурдтонцæ, дан, мин æй. – Ра, дан, мин æй дзурдтонцæ. Æрхæссетæ, дан, бабæй мин æй, цит. – Æр, дан, бабæй мин æй, цит, хæссетæ. Æрбахæссæ 'й. – Æрба 'й хæссæ. Бабадæ ма еуминкъуй. – Ба ма бадæ еуминкъуй. Рауадзæ мæ абони. – Ра мæ уадзæ абони.*

Феппайуйнаг. Фæсæфтауæн æма мивдесæги æхсæн **дан** кенæ **цит** ку байвæрдæ уа, уæд сæ дууердигæй дæр хецæн кæнун гъæуй къæдзугтæй: *Æрба, дан, цудæй. Æрба ин, цит, хæссидæ.*

106 §. Фæсæфтауæн æма мивдесæги æхсæн **цæй** ку байвæрдæ уй, уæд æй финсун гъæуй разæфтауæни хæццæ æнхуæцгæй, мивдесæги хæццæ ба – хецæнæй: *Рацæй уадтæн. Рацæй-еу уадтæн. Рацæй, дан, ма уадтæн.*

Феппайуйнаг. Разæфтауæнтæ **ни-**, **фæ-** æма мивдесæги æхсæн æндæр дзурдтæ ку байвæрдæ уй, уæд, разæфтауæнти хуæд фæсте ци дзурд фæллæууй, уой æмгъæлæсон (гъæлæсон си ку уа, уæдта гъæлæсони разæй **йй**) фегъусуй дæргъвæтийнæй, фал си финсун гъæуй еу æмгъæлæсон: *Ниуадзæ мæ. – Ни мæ уадзæ* (игъусуй æма каст цæуй: *ниммæуадзæ*). *Фæххастон, дан, сæ. – Фæ, дан, сæ хастон* (игъусуй æма каст цæуй: *фæддан сæ хастон*).

Феппайуйнаг. Разæфтауæнтæ **ни-** æма **фæ-**бæл **цæй** ку бафтуйуй, уæд **ц** фегъусуй дæргъвæтийнæй, æма си финсун дæр гъæуй дувæргонд **цц:** *Фæццæй хаудтæй. Ниццæй цудæй.*

107 §. Разæфтауæн **ни-** гъæлæсон **а, е**-йæй райдайгæ мивдесгутæбæл ку бафтуйуй, уæд се 'хсæн фегъусуй дæргъвæтийнæ **й**, æма 'й финсун дæр гъæуй дувæргондæй **йй:** *ауазун – ниййауазун, аразун – ниййаразун, ахæссун – ниййахæссун, амайун – ниййамайун, есун – ниййесун, ервæзун – ниййервæзун, еугайгонд – ниййеугайгонд, ефхæссун – ниййефхæссун.*

108 §. Разæфтауæн **ни-** ку ‘рцæуй æфтуд **у**-йæй райдайгæ мивдесгутæмæ, уæд фегъусуй дæргъвæтийнæй, æма ‘й финсун дæр гъæуй дувæргондæй **уу:** *уайсадун – ниууайсадун, уайун – ниууайун, уæзун – ниууæзун, уæлдаун – ниууæлдаун, угардгонд – ниуугардгонд, уегъун – ниууегъун, уедзун – ниууедзун* (**фал:** *едзун – ниййедзун*), *уинун – ниууинун* (**фал:** *инун – ниййинун*), *унæрун – ниунæрун, уозгалун – ниууозгалун, уорамун – ниууорамун.*

109 §. Разæфтауæн **ни-** гъæлæсон **и**-йæй райдайгæ мивдесæгбæл ку бафтуйуй, уæд дууæ **и**-йемæй еу рахауй, фал си байзайуй **й**, æма си финсун дæр гъæуй еунæг **й**: *идзæхсун – ни+идзæхсун=нийдзæхсун, игъаун – ни+игъаун=нийгъаун, игъæндун – ни+игъæндун=нийгъæндун, игъосун – ни+игъосун=нийгъосун, имæхсун – ни+имæхсун=ниймæхсун, ирæзун – ни+ирæзун=нийрæзун, исæрдун – ни+исæрдун=нийсæрдун.*

Феппайуйнаг. Разæфтауæн **ни-** гъæлæсон **и**-йæй райдайæг мивдесæгбæл ку бафтуйуй, уæд хатгай **и** нæ рахауй (е арæх фæууй и дзурдбæл логикон цавд ку фæххауй), æма уæд дууæ **и**-йи æхсæн фегъусуй дæргъвæтийнæ **й**, финсгæ дæр си æй дувæргонд **йй:** *нийййидзæхсун, нийййисæрдун, нийййимæхсун.*

110 §. Разæфтауæн **ни-** гъæлæсон **æ**-йæй райдайгæ мивдесæгбæл ку бафтуйуй, уæд **æ** рахауй, æма ‘й финсун дæр нæ гъæуй: *æхсæдун – нихсæдун, æртайун – ниртайун, æзмæлун – низмæлун, æмбуйун – нимбуйун, æзмæнтун – низмæнтун, æнсæндун – нинсæндун, æсхуайун – нисхуайун.*

111 §. Разæфтаун **ни-** ку бафтуйуй æмгъæлæсонтæй райдайгæ мивдесгутæбæл, уæд æмгъæлæсонтæ фегъусунцæ дæргъвæтийнæй, æма сæ финсун дæр гъæуй дувæргондæй: *зарун – низзарун, ласун – нилласун, сæлун – ниссæлун, рæйун – ниррæйун, уасун – ниууасун, дзорун – нидздзорун, гъæр кæнун – нигъгъæр кæнун, хъабил кæнун – нихъхъабил кæнун, къахун – никъкъахун, тъæппитæ кæнун – нитътъæппитæ кæнун.*

112 §. Разæфтауæн **фæ-** гъæлæсон **а, е**-йæй райдайгæ мивдесгутæбæл ку бафтуйуй, уæд се 'хсæн фегъусуй дæргъвæтийнæ **й,** æма си финсун дæр гъæуй дувæргонд **йй:** *аразун – фæййаразун, амайун – фæййамайун, амонун – фæййамонун, архайун – фæййархайун, ауазун – фæййауазун, есун – фæййесун, ервæзун – фæййервæзун, ефхæссун – фæййефхæссун, еугонд – фæййеугонд, ех ун – фæййех ун.*

113 §. Разæфтауæн **фæ-** гъæлæсон **æ**-йæй райдайгæ мивдесæгбæл ку бафтуйуй, уæд дууæ **æ**-йи ælвæст æрцæунцæ æма раттунцæ **е:** *æзмæнтун – фезмæнтун, æвналун – февналун, æнтаун – фентаун, æнтъохун – фентъохун, æвгæрдун – февгæрдун, æстаун – фестаун, æндæ ун – фендæ ун, æрра кæнун – ферра кæнун.*

114 §. Разæфтауæн **фæ-** ку бафтуйуй **у**-йæй райдайгæ мивдесæгбæ, уæд **у** фегъусуй дæргъвæтийнæй, æма 'й финсун гъæуй дувæргондæй: *уорамун – фæууорамун, уайсадун – фæууайсадун, уарун – фæууарун, уфсун – фæууфсун, унгæг кæнун – фæуунгæг кæнун, урдуг ун – фæуурдуг ун.*

115 §. Разæфтауæн **фæ-** гъæлæсон **и**-йæй райдайæг мивдесæгбæл ку бафтуйа, уæд:

æ) арæх дууæ гълæсони дæр ælвæст æрцæунцæ æма рахезунцæ **е**-мæ: *ирайун – ферайун, игъосун – фегъосун, инсун – фенсун, исæфун – фесæфун, ирæзун – ферæзун, имисун – фемисун;*

а) хатгай дууæ гъæлæсони дæр байзайунцæ (арæхдæр и дзрдбæл логикон цавд ку фæххауй), фал уæд сæ астæу ба фегъусуй дæргъвæтийнæ **й,** æма си финсун гъæуй дувæргонд **йй:** *идзæхсун – фæййидзæхсун, игъæндун – фæййигъæндун, ирайун – фæййирайун.*

116 §. Разæфтауæн **фæ-** æмгъæлæсонтæй райдайгæ мивдесæгбæл ку бафтуйуй, уæд æмгъæлæсон фегъусуй дæргъвæтийнæй, æма си финсун дæр гъæуй дувæргонд æмгъæлæсон: *косун – фæккосун, дзорун – фæдздзорун, къахун –*

фæкъкъахун, гъæр кæнун – фæгъгъæр кæнун, сор ун – фæссор ун, сорун – фæссорун.

117 §. Разæфтауæнтæ **ра-, ба-, æрба-** гъæлæсон **æ-**йæй райдайгæ мивдесгутæбæл ку бафтуйунцæ, уæд **æ** рахауй, æма 'й финсун нæ гъæуй: *æвналун – равналун, бавналун, æрбавналун; æхгæнун – рахгæнун, бахгæнун, æрбахгæнун; æвзедун – равзедун, бавзедун, æрбавзедун.*

118 §. Разæфтауæнтæ **ра-, ба-, æрба-** гъæлæсон **е-**йæй райдайгæ мивдесгутæбæл ку бафтуйунцæ, уæд хатгай **е** рахауй, æ бæсти ба фегъусуй **й**, æма си финсун гъæуй **й:** *есун – байсун, райсун, æрбайсун* (**фал:** *байесун, райесун, æрбайесун*); *евдæлун – равдæлун, бавдæлун, æрбавдæлун* (**фал:** *райевдæлун, байевдæлун, æрбайевдæлун*).

119 §. Разæфтауæнтæ **ра-, ба-, æрба-** гъæлæсон **и-**йæй райдайгæ мивдесгутæбæл ку бафтуйунцæ, уæд хатгай **и** рахауй, æ бæсти ба фегъусуй **й**, æма си финсун гъæуй **й:** *ирайун – райрайун, байрайун, æрбайрайун; идзаг кæнун – райдзаг кæнун, байдзаг кæнун, æрбайдзаг кæнун, ивазун – райвазун, байвазун, æрбайвазун; имисун – раймисун, æрбаймисун; игæрдун – райгæрдун, байгæрдун, æрбайгæрдун; ихалун – райхалун, æрбайхалун; игъусун – райгъусун, байгъусун, æрбайгъусун.*

120 §. Разæфтауæнтæ **æр-, ис-** æфтуд ку æрцæунцæ **æ-**йæй райдайгæ мивдесгутæмæ, уæд хатгай фегъусуй кенæ **æ** (*æрæвæрун, исæвæрун, æрæздахун, исæздахун, æрæхгæнун, исæхгæнун*) кенæ **и** (*æривæрун, исивæрун, æриздахун, исиздахун, æрихгæнун, исихгæнун*), фал си финсун гъæуй **æ:** *æрæвæрун, исæвæрун, æрæздахун, исæздахун, æрæхгæнун, исæхгæнун.*

ДЕФИСИ ХÆЦЦÆ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

121 §. Еци еу уедагæ дувæргонд æма фæсæфтауæн **–ид-**и фæрци тухгиндæргонд ку цæуонцæ миногонтæ, уæд сæ финсун

гъæуй дефиси хæццæ: *сау-суид, сурх-сурхид, бор-борид, цъæх-цъæхид, уорс-уорсид.*

122 §. Æвастгъæрти еци еу бундор дууæ хатти ку æмбæла, уæд сæ финсун гъæуй дефиси хæццæ: *næх-næх, сæх-сæх, къæрц-къæрц, мухъ-мухъ, лæхъ-лæхъ, гъæйт-гъæйт.*

123 §. Дефисæй хецæнгонд ци дзурдтæ финст цæунцæ, уонæбæл дзурдаразгæй **—гæнгæ** ку бафтуйа, уæд сæ финсун гъæуй æнæ дефисæй: *næх-næх – næхпæхгæнгæ, сæх-сæх – сæхсæхгæнгæ, къæрц-къæрц – къæрцкъæрцгæнгæ, мухъ-мухъ – мухъмухъгæнгæ, лæхъ-лæхъ – лæхълæхъгæнгæ, гъæйт-гъæйт – гъæйтгъæйтгæнгæ.*

124 §. Дефис финсæн вазуггин æвастгъæрти аразæг хæйтти æхсæн: *гъæйдæ-гъа, уоххайæ-гъе, гъæйт-мардзæ.*

125 §. Дефис финсæн, еу уедагæ фæлхатт кæнуни фæрци ци вазуггин дзурдтæ арæзт фæууй, уонæми:

над-над, берæ-берæ, кæдæй-уæдæй.

126 §. Дефис финсæн, дзурд фæлхатгæй ци вазуггин дзурдтæ арæзт фæуунцæ, уонæми, дуккаг хай æййивд цæуа, нæ цæуа, уæддæр: *ракæнæ-бакæнæ, рацо-бацо, уорс-уорсид, цъæх-цъæхид, тасгæ-уасгæ, фæд-фæди, гъæуæй-гъæумæ.*

126 §. Дефис финсæн нæлгоймагæн æ муггаги ном æма дзурд "фурти" æхсæн:

Кокий-фурт, Гардани-фурт, Тамай-фурт, Амилахуани-фурт, Гегкий-фурт, Кертани-фурт.

127 §. Дефис финсæн фарстон-бæттæн номевгутæ æма фæрсдзурдти æхсæн, етæ ку февдесунцæ ести нихмæвæрддзийнадæ ке нихмæ фæццæуй, уæхæн æбæрæг предметтæ кенæ уавæртæ:

Ка-ка, фал е уотæ некæд бакæндзæнæй.

Кæмæй-кæмæй, фал дæуæй ба уой æнгъæл некæд адтæн.

Кæми-кæми, фал хуæнхти цъететæй фулдæр ци ес?

128 §. Дефис финсæн берæхаттон хайæг **-еу** æма фæдзæхст læмæгъдæргæнæг хайæг **-ма-**йи размæ:

рацо-еу, æрбакастæй мæмæ-еу, зæгъай-ма мин, фæдздзорайтæ-ма имæ.

129 §. Фæсæфтауæн æма мивдесæги æхсæн берæхаттон хайæг **еу** ку байвæрдæ уй, уæд æй разæфтауæни хæццæ финсун гъæуй æнхуæцгæй дефиси хæццæ: *Æрбауадæй-еу. – Æрба-еу уадæй. Рауадæй-еу ма мæмæ. – Ра-еу ма мæмæ уадæй.*

130 §. Нимæдзон **еу-**и фæсте æндæр нимæдзон ку лæууа æма фарста **цал? цæйбæрцæ?-**йæн дзуапп ку дæтта, уæд сæ финсун гъæуй дефиси хæццæ: *еу-дууæ, еу-æртæ, еу-æхсæз, еу-инсæй, еу-сæдæ* æ.у.и.

131 §. Дефис финсæн дукъæдзугти ист сæрмагонд нæмтти кæрæнтти размæ: *газзет "Дигорæ"-й уацхæссæг, завод "Электроцинк"-и, æурнал "Ирæф"-и редактор.*

132 §. Дефис финсæн, æнхасæн бæрæггæнуйнаг дзурди разæй ку фæллæууй, уæд уони æхсæн: *Мæску-дон, Волгæ-дон, сайнæг-ælдар, инæенер-конструктор.*

133 §. Дефис финсæн æмсæр дугай сæрмагонд нæмттæй арæзт номдарти: *Цæгат Иристон-Алани, Гарданти-Дзагурти Меретхан, Нью-Йорк, Орехово-Зуево.*

БÆРÆГГÆНÆГ АРТИКЛЬ *И* РАСТ ФИНСУНИ ФÆТКÆ

134 §. Предмети бæрæггæнæг артикль **и** игъусуй **йи**, фал финсун гъæуй **и**, ци дзурд бæрæг кæнуй, уой хæццæ хецæнæй: *и барæг, и лæхъуæн, и кизгæ, и киунугæ, и бæласæ, и тиллæг, и бонигъæдæ.*

ÆРБАЙСГÆ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

135 §. Дамугъатæ **ё, ы, э, ю, я, ж, ш, щ, ч** финсун гъæуй æрмæст уруссаг æвзагæй æрбайсгæ дзурдти: *ёлкæ, щёткæ, Тында, Сыктывкар, экскаватор, экран, юрист, бюст, жюри, полярон, Аляскæ, журнал, жанр, шахмæттæ, шофир, Шаляпин, Щедрин, чемпион, Челябинск.*

136 §. Æрбайсгæ дзурдти раст финсуни туххæй зæрдæбæл дарун гъæуй:

1) бæлвурд ку нæ уа, æрбайсгæ дзурд æй, æви нæ, уæд и дзурд финсун гъæуй иннæ парагрæфти лæвæрд орфографион æгъдæуттæмæ гæсгæ (арæхдæр: турккӑг, балхъайраг, кæсгон, араббаг, персайнаг æма æндæр æвзæгтæй): *хъæрццигъа, хъаз, киунугæ, хъунадзин, æпхæ, ирисхъæ, уораза, гегуакъæ, пахампар;*

2) уруссаг æвзагæй раги ци дзурдтæ æрбафтудæнцæ æма дигорон æвзагмæ гæсгæ фонетикон æййивддзийнæдтæ кæми æрцудæй, уони финсун гъæуй дигорон æвзаги орфографион æгъдæуттæмæ гæсгæ, куд ниффедар æнцæ æвзаги, уой хинцгæй: *пъæлито, пъартвел, ассик, пец, къариндас, къниаз, дохтир* (*дохтур* дæр), *инæлар, болкъон, фанар, къобец, къæнцæлар, кълас, къæбинет, скъапп, къæлиндар, скъола, сосе;*

3) арæх, уруссаг æвзагæй æрбайсгæ дзурдти, æмгъæлæсонтæ **к, п, т**-йæй ку райдайунцæ, уæд фегъусунцæ **къ, пъ, тъ**, æма сæ финсун дæр гъæуй куд игъусунцæ, уотæ: *пъеро, пъагон, стъол, тъетрад, къартæ, закъон, къанторæ, ракъетæ, къассæ;*

4) фæстаг рæстæги ци дзурдтæ æрбайстæ ‘й уруссаг æвзагæй, уони финсун гъæуй уруссаг æвзаги куд финст цæунцæ, уотæ, æрмæст сæ кæрæнтти æййивддзийнæдтæ æрцæугæй:

æ) дзурди кæрон æнæцавдон **а** ку уа, уæд дигорон æвзаги фегъусуй лæмæгъ гъæлæсон **æ**-йи хузæн æма си финсун гъæуй **æ**: *машинæ, трассæ, минæ, шинæ, тиарæ, ёлкæ;*

Фал: *кукла.*

а) дзурди кæрон **–ия** ку уа, уæд **я** рахауй: *парти, революци, конституци, автономи, автобиографи, классификаци;*

Фал: Александрия, Византия, София.

б) дзурди кæрон **–ие** ку уа, уæд **е** рахауй: *расписани, телевидени;*

в) дзурди кæрон **–ея** ку уа, уæд фегъусуй **–ейæ**, фал си финсун гъæуй **ея**: *бакалея, Корея, Кассиопея, Помпея.*

Фал: *идейæ.*

137 §. Æндæр адæмти муггæгтæ, нæмттæ, фиди нæмттæ финсун гъæуй уруссаг æвзаги куд финст цæунцæ, уотæ: *Пушкин, Александр Сергеевич (Сергейи фурт* дæр*); Толстой, Лев Николаевич (Николайи фурт* дæр*); Леонардо да Винчи, Генрих Гейне, Бодуэн де Куртенэ, Измаил-бей, Фирдоуси, Омар Хайям.*

138 §. Уруссаг æвзагæй æрбайсгæ дзурдти æмгъæлæсон мурти къуар ку фембæлуй, уæд сæ разæй дæр, се ‘хсæн дæр гъæлæсон финсун нæ гъæуй: *скъола, скъапп, студент, октябрь, градус, скълад.*

139 §. Уруссаг æвзагæй æрбайсгæ дзурдти кæрæнтти æмгъæлæсонти къуар кенæ дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонтæ ку фæууй, уæд берæуон нимæдзи фæсæфтауæн **–т** кенæ æмгъæлæсонæй ка райдайуй, уæхæн дзурди хай æфтуд æрцæуй дзурди бундормæ комкоммæ: *метр – метртæ, студент – студенттæ, центр – центртæ, кадр – кадртæ, штамп – штамптæ, октябрь – октябрьмæ, театр – театрмæ.*

Фал: *скъапп – скъæппитæ, къурс – къурситæ, лентъæ – лентъитæ, темп – темппитæ.*

140 §. Уруссаг æвзагæй æрбайсгæ дзурдти хъæбæр нисан (**ъ**) æма фæлмæн нисан (**ь**) финсун гъæуй уруссаг æвзаги куд, уотæ: *подъезд, съезд, объект, пьесæ, роль, кольт.*

141 §. Æрбайсгæ дзурдти кæрон фæлмæн нисан (**ь**) ку фæууй, уæд ибæл æмгъæлæсонæй райдайгæ дзурдти хæйттæ бафтуйгæй финсун гъæуй **ь**: *роль – рольтæ, рольмæ, рольти, рольтæмæ.*

Фал: *роль – роли, ролæн, ролæй.*

142 §. Æрбайсгæ дзурдти кæрон **æ**-бæл ку фæууй, уæд ибæл фæсæфтауæн **–аг** бафтаугæй **æ** рахауй æма 'й нæ гъæуй финсун: *Европæ – европаг, Польшæ – польшаг, Украинæ – украинаг.*

Фал: *Чукоткæ – чукоткæйаг, Кубæ – кубæйаг.*

143 §. Æрбайсгæ дзурдти кæрон **и** ку фæууй, уæд ибæл фæсæфтауæн бафтаугæй фулдæр хатт байзайуй æма 'й финсун дæр гъæуй: *австралиаг, швециаг, италиаг, географион, политологион (политологон* дæр*), полиграфион, этнографион, терминологион (терминологон* дæр*), филологион (филологон* дæр*), философион (философон* дæр*), демократион (демократон* дæр*).*

Фал: *болгайраг, испайнаг, гермайнаг, япойнаг.*

144 §. Æрбайсгæ дзурдти кæрон **ея** ку фæууй, уæд фæсæфтауæн **–он**-бæл бафтуйгæй **я** рахауй æма æ бæсти финсун гъæуй **ей:** *галантерея – галантерейон, бакалея – бакалейон.*

145 §. Æрбайсгæ дзурдти интернационалон суффикстæ **-ал, -ар, -ист** ку æмбæла, уæд сæ финсун гъæуй æнæййевгæй: *материалон, интернационалон, пленарон, гуманитарон, материалист, интернационалист, националон (национ* дæр*), националист, централон (центрон* дæр*), центрист.*

146 §. Уруссаг æвзагæй æрбайсгæ мивдесгутæ финсун гъæуй æнхусгæнæг мивдесæг **кæнун**-и хæццæ вазуггин мивдесæги хузи: *агитировать – агитаци кæнун, редактировать – редакци кæнун, фаршировать – фаршировкæ кæнун, регулировать – регулировкæ кæнун.*

УСТУР ДАМУГЪА

147 §. Гъудиадæ райдайæг дзурди фиццаг дамугъа финсун гъæуй устур дамугъайæй.

Феппайуйнæгтæ: 1. Æмдзæвги медæгæ устур дамугъайæй финсæн ес алли рæнгъи фиццаг дзурди дæр.

2. Комкоммæ нихаси фæсте автори дзурдтæ финсун гъæуй минкъий дамугъайæй: *"Хъæбæр мæ фæндуй дæ фæууинун", – загъта Кермен сабургай. (Гадати Л.) "Хуарз. Дзорæ", – загъта Дзандар, нæуæгæй æфсæйнаги хъуæлбæл æрбадгæй. (Малити Б.) "Фæлдахæн! Сауæнгæдæр фæстаг агорий уæнгæ! Нæхе куститæ нæ 'нцæ?!" – æ дзæккори инод гупп не 'нцайуй Кончойæн. (Икъати А.)*

3. Хецæнгонд гъудити скъуддзæгтæ берæстълфитæй хецæнгондæй ку æмбæлонцæ еу гъудиади, уæд устур дамугъайæй финсун гъæуй æрмæст фиццаг дзурд, берæстъæлфити фæсте ци гъудити скъуддзæгтæ ес, уони ба финсун гъæуй минкъий дамугъайæй: *Нафи загъта: "Куройнæ бавгæдтон... æма... мæ зæрдæ ардæмæ æхсайдта...". (Хугати Г.)*

148 §. Седæн кенæ æвастгъæри фæсте гъæри нисан ку фæууй, уæд æ фæсте ци дзурд æвæрд фæууй, уой финсун гъæуй устур дамугъайæй: *"Гъа! Æрæсгарæ 'й!" – лæхъуæн исмæстгун æй. (Икъати А.) "Фæууо! Мабал дзорæ! Ду дæр и гиуртæ, и цъаммартæ, и гадзирахаттæй цæугутæй дæ! О, о! Ду дæр нæ цардихалгутæй, цийфес давгутæй дæ. Ду дæр нæ еци æзнæгтæй дæ! Фал нæ, нæ уин бантæсдзæнæй! Нæ! Нæ! (Малити Б.)*

Феппайуйнаг. Æвастгъæр гъудиади астæу ку фæууй, уæд гъæри нисани фæсте лæууæг дзурд финсун гъæуй минкъий дамугъайæй: *"Уæдæй фæстæмæ – маразæгъай! – хъип-сун дæр нæбал скодта," – дзурдта мæ синхон.*

149 §. Комкоммæ нихаси дустъæлфи фæсте фиццаг дзурд финсун гъæуй устур дамугъайæй: *Уæдта Афай нæбал фæггæдзæ кодта æма сæ бафарста: "Ци уæ гъæуй?" (Малити Х.)*

Феппайуйнаг. Гъудиади медæгæ цитатæ æвæрд ку 'рцæуа, гъудиадæн куд æ хай, уæд æй финсун гъæуй минкъий дамугъайæй: *Мадта "фунау ку фæссурдтай рохс уалдзæг изол", уоми дæр алци дæр æ бунати 'й. (Бабочити Р.)*

150 §. Устур дамугъайæй финсун гъæуй фиццаг дамугъа:

1) адæймæгути нæмтти, муггæгти, фиди нæмтти (**"фурт"** æма **"кизгæ"** дзурдтæй фæстæмæ), фæсномугти: *Гарданти Хъайтухъи фурт Михал, Дзагурти Григорий (Губади), Цорионти Резван, Хуадони-фурт, Собийи-фурт, Æгъузарон, Æгъузарти Хъаурбеги кизгæ Асиат, Дзоцци, Мæгæмæт, Гæмæт, Мингий;*

2) фонсбæл, цæрæгойтæбæл æвæрд нæмтти: *Буйан, Дзæгъар, Гъосой, Æрфæн, Бодзо, Мела;*

3) астрономион æма географион объектти нæмттæ, цæугædæнттæ, гъæутæ, горæттæ, гъæунгтæ, азгъунститæ æма ændæр уæхæнтти нæмтти: *Нептун, Лæдæртæ, Авд Хуæри, Бонвæрнон, Лæдзгутæ; Европæ, Ази, Америкæ, Африкæ, Австрали, Кавказ, Дигоргом, Сонгути ком, Дайрани ком, Таймази цъете, Аравиаг сакъадах, Ямали сакъадах, Кипри хъурос, Сардиний хъурос, Сау денгиз, Ирæф, Уорсдон, Сæхоли дон, Лескени дон, Дон, Дунай, Днепр, Дигорæ, Уаза; Лескен, Чикола, Махчески гъæу, Нари гъæу, Мæцути поселок, Дигора, Беслан, Мæздæг, Сабурдзийнади проспект, Сæребардзийнади фæзæ, Темирати æнсувæрти номбæл гъæунгæ.*

Феппайуйнаг. Ауæхæн нæмттæ дууæ кенæ фулдæр дзурдтæй арæзт ку фæуунцæ, уæд æнхусгæнæг дзурдтæ **ком, цъете, сакъадах, хъурос, денгиз, дон, гъæу, поселок, проспект, фæзæ, гъæунгæ** æ. ænd. финсун гъæуй минкъий дамугъайæй.

Феппайуйнаг. Дзурдтæ **хор, зæнхæ, мæйæ** астрономион нæмттæ æвдесæг ку фæуунцæ, уæд сæ финсун гъæуй устур дамугъайæй: *Æнккæт планетитæ дæр зелунцæ Хори аллифарс. Планетитæй цард æрмæст Зæнхæбæл ес. Зæнхи аллифарс зелуй Мæйæ.*

Феппайуйнаг. Уælдæфон итигъдади æрдæмадæ æвдесæг нæмттæ финсун гъæуй минкъий дамугъайæй, фал етæ ист ку фæццæунцæ куд территориалон нæмттæ, уæд сæ финсун гъæуй устур дамугъайæй: *Идард Скæсæни бæститæ, Астæуккаг Азий республикитæ, Хæстæг Скæсæни паддзахæдтæ, Нигулæни паддзахæдтæ, Цæгати полюс, Хонсари полюс.*

4) республикити, паддзахæдти æма æндæр бæстити официалон нæмтти: *Республикæ Цæгат Иристон-Алани, Кæсæг-Балхъари Республикæ, Хъæрæсе-Черкеси Республикæ, Китайи Адæмон Республикæ, Уæрæсей Федеративон Республикæ, Америки Еугонд Штаттæ, Фæскавказ.*

5) Уæрæсей Федераций еугур бæрзонддæр бæрнуатон адæймаги æма кадгиндæр нæмтти: *Уæрæсей Федераций Президент, Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг, Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар, Уæрæсей Федераций Бæгъатæр.*

Феппайуйнаг. Æндæр кусти бунæтти нæмттæ æма титултæ финсун гъæуй минкъий дамугъайæй: *президент (Битирадон фонди президент), сæрдар (къолхози сæрдар), министр (экономики министр), культури скъуæлхт архайæг.*

6) историон цаути, догти æма фæзиндти сæрмагонд нæмтти (дугай, кенæ фулдæр дзурдтæй хунд ку цæуонцæ, уæд устур дамугъайæй финст цæуй æ фиццаг дзурд æма дзурдбасти ци сæрмагонд дзурд уа, уой): *Византий импери, Ренессанс, Фидибæсти Устур тугъд, Фиццаг Дуйнейон тугъд, Октябри революци;*

7) бæрæгбæнттæ æма зингæ цаути нæмтти фиццаг дзурдтæ: *Нæуæг анз, Дуйней силгоймæгти бон, Фиццаг май, Уæлахези бон, Конституций бон;*

8) дини хæццæ баст бæрæгбæнттæ, изæдтæ, идаугутæ æма дзиуæртти нæмттæ: *Устур Хуцау, Бæрзондибадæг Уасгерги, Геуæргоба, Елиа, Уацелла, Уас Никкола, Фæлвæра, Галæгон, Узунæг, Гулæри Габона, Хæнæзи Зениа, Хетæги къох, Уасгергий дор, Хуцауи дзиуарæ, Хъурмантæ, Басилтæ;*

Фал: *бундортæ, цæппорсе, комуадзæн, уораза, хъурманлæхъ, кæхцгæнæнтæ, геуæргобай мæйæ, никколай мæйæ, басилти мæйæ, хуцаубон, геуæргибон.*

9) орденти нæмттæ æнхæстæй финсгæй (дзурдтæ **орден** æма **къæпхæн** финсун гъæуй минкъий дамугъайæй): *Ленини орден, Сурх Стъалуй орден, Фæллойни Сурх Турусай орден, Фидибæсти Тугъди I къæпхæни орден;*

10) дуйнейон æма уæлдæр паддзахадон косæндæнтти æма организацити нæмттæ еугур дзурдтæ дæр: *Европи Æдасдзийнади Совет, Еугонд Нацити Организаци, Уæрæсей Федераций Паддзахадон Думæ, Уæрæсей Федераций Сæйраг Тæрхондонæ, Федераций Совет, Республики Парламент.*

151 §. Министрæдти æма уони сæйраг унаффæдæнтти нæмттæ, уæдта иннæ центрон косæндæнтти æма организацити нæмтти устур дамугъайæй финст цæуй номи фиццаг дзурд, ци сæрмагонд нæмттæ си уа, уони хæццæ: *Медгъуддæгти министрадæ, Фæсарæйнаг гъуддæгти министрадæ, Культури галауан, Дигорон паддзахадон драмон театр, Дзæуæгигъæуи наукон центр, Спорти галауан, Уæрæсей Федераций Наукити академи, Абайти Васой номбæл Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институт.*

ЦУБУРГОНД ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ

152 §. Еуæй-еу дзурдтæ æма дзурдбæститæ цубургондæй финсун гъæуй уотæ:

æ. – æнос
ææ – æностæ
æ. æнд. – æма æндæртæ
æ. æнд. уæх. – æма æндæр уæхæнттæ
æ. у. и. – æма уотæ идарддæр
т. – том
тт. – томтæ
г. – горæт
гъ. – гъæу

обл. – облæст
ф. – фарс
фф. – фæрстæ
акад. – академик
доц. – доцент
проф. – профессор
студ. – студент
фак. – факультет
ф.н.к. – филологон наукити кандидат
ф.н.д. – филологон наукити доктор

Феппайуйнаг. Дзурдтæ цубурæй финсгæй нæййес цубур кæнæн гъæлæсон дамугъабæл. Финсун гъæуй: *милици рай. хаййадæ, гъæу. хæдзарадæ.*

153 §. 1. Дзурди дувæргонд æмгъæлæсон ку уа, уæд æй цубур кæнун гъæуй, дувæргонд æмгъæлæсонтæй æрмæст еунæг си финсгæй: *грамматикон – грам. рæдуд; бæттæг – бæт. дзурд; уруссаг – урус. æвзаг.*

2. Дзурди дууæ кенæ фулдæр æмгъæлæсони ку уа, уæд æй цубур кæнун гъæуй фæстаг æмгъæлæсони фæсте: *(сæркkаг) сæрк. исист; (уæлæнхай) уæлæнх. гъудиадæ.*

3. Вазуггин дзурди дууæ хаййи цубургæнгæй се 'хсæн æвæрун гъæуй дефис: *æндагбунатон хауæн – æнд.-бун. хауæн; гъæууонхæдзарадон арæзтадæ – гъ.-х. арæзтадæ.*

154 §. 1. Аббревиатуритæ финсун гъæуй устур дамугъатæй: *РЦИ-А, УФ, ЦИПУ, ЦИАУ, ЦИГСÆИ, АЕШ.*

2. Гъудиади медæгæ аббревиатуритæ финсун гъæуй, куд сæ дзурдæ уй, уомæ гæсгæ дефис æма **и**-йи хæццæ: *ЦИГСÆИ-йи наукон косæг, ЦИПУ-йи студент, АИШ-и цæргутæ, ВАК-и унаффæ.*

ДЗУРД ЕУ РÆНГЪÆЙ ИННЕМÆ ХÆССУНИ ÆГЪДÆУТТÆ

155 §. Дзурдтæ еу рæнгъæй иннемæ хæссун гъæуй иуонггай: *фæ-рæт, пах-са, уæр-дун, хуæр-дæ, кæрд-цъух.*

156 §. Ееуæнгон дзурдæн нæййес дехгæнæн, æма ин нæййес еу рæнгъæй иннемæ рахæссæн дехтæгондæй: *хор, лæг, уæс, дин, маст, карст, сирд, стъол, скъапп.*

157 §. Иуонг аразæг дамугъа еунæгæй ку уа, уæд ин нæдæр ниууадзæн нæййес, нæдæр иннæ рæнгъæмæ рахæссæн. Нæййес рахæссæн: *а-хур, æ-гадæ, е-сун, ради-о, бакале-я.* Ауæхæн дзурдтæ рахæссун гъæуй: *ахур, æга-дæ, есун, ра-дио, бака-лея (ба-калея).*

158 §. Дзурди астæу дувæргонд æмгъæлæсон ку фæууй, уæд си сæ еуей уадзун гъæуй фиццаг рæнгъи, инней ба гъæуй рахæссун дуккаг рæнгъæмæ: *дук-каг, бæт-тæн, хæц-цæ, уæрц-цæ, фий-йау, æй-йафун.*

159 §. Дигорон æвзаги цалдæр мури нисангонд цæунцæ дугай нисанемæй (**дз, гъ, къ, пъ, тъ, хъ, цъ,** уæдта æрбайсгæ дзурдти **дж**). Дугай нисанемæй бæрæггонд муртæ финсгæй, еу рæнгъæй иннемæ хæсгæй, нæййес кæрæдземæй хецæн кæнæн. Не ‘нгъезуй уотæ хæссун: *хæд-зарæ, сæг-ъæ, мæт-ъæл, фах-ъæра.* Ауæхæн дзурдтæ хæссун гъæуй мæнæ атæ: *хæ-дзарæ, сæ-гъæ, мæ-тъæл, фа-хъæра.*

III хай

ПУНКТУАЦИ

СТЪÆЛФÆ

160 §. Стъælфæ æвæрæн таурæгъон гъудиади кæрони:

Æхе æй. Æндæр дæр неке.

(*Малити Хасан*)

Хуарз. Мийиаг мæ фæрсæг ку нæ уа, уæд сæмæ мæхуæдæг бацæудзæнæн æма син æй зæгъдзæнæн.

(*Хугати Геуæр*)

Кадæмæ бæллун хуарз æй, æгадæй тæрсун дæр хуарз æй.

(*Æмбесонд*)

162 §. Фарсаг фарсти хæццæ домгæвазуггин гъудиадæн æ сæйраг гъудиадæ фарстон гъудиадæ ку нæ фæууй, уæд æ кæрони æвæрæн стъælфæ:

Банимайетæ, ци.схарз кодтайтæ дууæ бонемæ æдеугурæй.

Кумæ цудæ уа, мæ хор мæбæл æнæнгъæлти ниттар æй, ниннигулдæй.

(*Хохойти Энвер*)

163 §. Стъælфæ æвæрæн ранимади хæйтти кæрон, етæ, даргъгонд ку фæуунцæ, уæдта ма си æндæр æрхуæцæн нисан ку фæууй, кенæ ба сæрмагонд гъудиæдтæй арæзт ку фæццæунцæ, уæд:

14 апърели Хутъиати Т. архайдта Дигорай Нихæси Совети кусти, кæцими каст æрцудæй фарстатæмæ:

1. Дигори райони Нихæси Совети 2005 анзи æндæргъци кусти тухæй дзуапп лæвæрд æма 2006 анзи нæуæг ихæстæ.

2. Практикон æгъдауæй гъæуон æма синхон Нихæси Советтæн фæййангъос кæнун.

(*Стур Нихæс*)

164 §. Стъælфæ æвæрæн, идарддæр ести лæмбунæг æрфинст ке цæудзæнæй, уой нин ци гъудиадæ фæййамонуй, уой кæрони:

Ралæудтæй сентябри мæйæ.

Дзæуæгигъæуи устурдæр æма хуæздæр ресторантæй еуеми адтæй сæ киндзæхсæвæр Сослан æма Фатъимæтæн. Хъæбæр берæ адæм æрцудæй сæ бæрæгбонмæ.

(*Будайти Милуся*)

165 §. Стъælфæ æвæрæн цубургонд дзурдти фæсте:

В.Ф. Миллер, Гарданти М., Гурдзибети Бл., Кок. Г. (Кокити Геуæр);

æ. æнд., æ.у.и., æнд.б. хауæн (æндагбунатон хауæн).

Феппайуйнаг. Стъælфæ не 'вæрæн цубургонд вазуггин дзурдти æма цубургонд метрикон барæнти: *УФ (Уæрæсей Федераци), РЦИ-А (Республикæ Цæгат Иристон-Алани), ЦИГСÆИ (Цæгат Иристони гуманитарон æма социалон æртасæнти институт); профком, совхоз; м (метр), дм (дециметр), см (сантиметр), мм (миллиметр), км (километр), кг (килограмм), г (грамм), л (литр).*

СТЪÆЛФÆ КЪÆДЗУГИ ХÆЦЦÆ

166 §. Стъælфæ къæдзуги хæццæ æвæрæн æнæбæттæг вазуггин гъудиади сæрмагонд гъудиæдти æхсæн, етæ даргъгонд ку фæуунцæ кенæ си къæдзугтæ ку фембæлуй, уæд:

Искæниуонцæ бæгæни, ниуæзтæ; рахецæн кæниуонцæ сæ фонсæй косæрттæгтæ, æрцæттæ-еу кодтонцæ, фæрзеуæн ци гъудæй, уой.

(*журнал Ирæф*)

Зæнхи нæхъæртон, къундæгдзийнадæмæ гæсгæ уæлмæрдтæн исбунат кæниуонцæ, хумæн ка нæ бæзтæй, уæхæн рауæнти, уобæйттæ ба кодтонцæ дæлзæнхон; е 'мбес бунæй, иннæ ба – сæрæй, уæдта уæлзæнхонтæ (æртæуæладзугонтæ).

(*Собити Инал*)

Некæбæл ни ес æууæнкæ,
фидбилизгæнæг лæгау;
Фæдздзæгъæл æнцæ фæллæнттæ,
дони къос никкæлæгау.

(*Багъæрати Созур*)

167 §. Стъæлфæ къæдзуги хæццæ æвæрæн бабæтгæвазуггин гъудиади медæгæ сæрмагонд гъудиæдти æхсæн, уони кæрæдзебæл бæттæгтæ **æма, фал, уæддæр, ба** æма æндæртæй баст ку фæццæунцæ, уæдта хъæбæр даргъгонд ку фæуунцæ æма си къæдзугтæ ку фембæлуй, уæд:

Мæнмæ адтæй æрмæстдæр цъæх хуарæн; фал, уой нецæмæ даргæй, æз исфæндæ кодтон цауæн исхузæ кæнун.

(*Л. Толстой*)

Зæгъæн ес, алли изæр дæр етæ цудæнцæ фæсгорæтмæ, Ореандæмæ кенæ æхсæрдзæнмæ; æма, цит, сæ уозер фæрæстмæ 'й, алли хатт дæр, цит, бавзурстонцæ дессаги аййев æма егъау æнкъарæнтæ.

(*А. Чехов*)

168 §. Стъæлфæ къæдзуги хæццæ æвæрæн гъудиади æнхузæн æмдомгæ уæлæнхæст гъудиæдти æхсæн, етæ хъæбæр даргъгонд ку уонцæ, кæрæдзебæл бæттæгтæй баст ку нæ цæуонцæ, уæлдайдæр ма си къæдзугтæ ку уа, уæд:

Кæдмæйдар адтæй, уæддæр мæмæ уотæ кастæй, цумахуæнхон æрттевагæ рохс хъæбузатæ мæ разæй дзогтæй тахтæнцæ æма мин цирæгътæ дардтонцæ; цъæх берæгътæ риндзитæй губурбæрзæййæй кастæнцæ, æма мин сæ зинг цæститæ стъалути рохс кодтонцæ; мæ фарсмæ бор æрсити къуар цудæй æма лæпплæппæй кафтонцæ; мæргътæ сæ бæдæлтти хæццæ уорс хæрес бæлæстæбæл цъæбар-цъубурæй гъазтонцæ; гъæдæ æмтъæлланг кодта борæмæлгъи зардæй; хуæнхон кæсæлгитæ доргун худумти гъуна донбилтæмæ ранакæ кодтонцæ балгай æма сæ минкъий хъппæгъ цæститæй мæнæрдæмæ къехæй кастæнцæ; мæ размæ бæрзонд къæдзæхтæй деденæг æгъзалдæй, мæ над горцъейау æрттивта.

(*Плити Г.*)

169 §. Стъæлфæ къæдзуги хæццæ æвæрæн, нимайгæ ке фæккæнæн, гъудиади уæхæн даргъгонд хæйтти фæсте, уæлдайдæр ма си къæдзугтæ ку уа, уæд:

Партий организацион арæзти, æнккæт царди æма архайди разамонæг принцип æй демократион цетрализм, е амонуй:

а) партий æнккæт разамонæг оргæнтæ дæллæй уæлæмæ æвзарун;

б) партион оргæнти рæстæгæй-рæстæгмæ дзуæппитæ сæ партион организацити æма уæлдæрлæууæг органти рази;

в) федар партион æгъдау æма, къаддæр хай фулдæр хаймæ куд игъоса, уотæ;

г) уæлдæрлæууæг органти унаффитæ дæлдæрлæууæг оргæнтæн æнæмæнгæ æнхæскæнуйнаг куд уонцæ, уотæ.

(*газзет "Рæстдзийнадæ"*)

170 §. Стъæлфæ къæдзуги хæццæ æвæрæн хъæбæр даргъгонд гъудиади æнхузæн иуæнгти æхсæн, уæлдайдæр ма уонæй ескæцими къæдзугтæ ку уа, уæд:

Цудæй (Бесо) æнцад паддзахи надбæл æ кæрци цубури медæг, æ пака ходи; гъуди кодта, куд хуарз уодзæнæй, емсикк ку исуа, уæд.

(*Гæдиати Ц.*)

ДУСТЪÆЛФÆ

171 §. Дустъæлфæ æвæрæн æнхузæн иуæнгти разæй, гъудиади кæрон кенæ астæу ку æмбæлонцæ, сæ разæй ба еугæнæг дзурд ку уа хецæнæй кенæ ба уæхæн дзурдти хæццæ: **зæгъæн, куд, номхундæй, уæдта.**

Еу бон кæми фæууй, уоми Уарппи бæрзондæй æртæ лæги бæргæ рацудæй: Хæмиц, Сослан, Къандзи фурт Сæууай.

(*Нарти кæдæнгитæ*)

Сæ нæмттæ ба: кизгæ хуннуй Аланнæ, биццеу ба – Алан, æ кизги биццеу ба хæссуй дæу ном – Баде.

(*Тобойти Цæрæг*)

Кавкази цæруй уæхæн адæмихæттæлтæ, куд: сомехæгтæ, азербайдæайнæгтæ, дагестайнæгтæ, кæсгæнттæ, абхазæгтæ, дигорæнттæ æ.у.и.

Дигорон финсгутæй беретæ, зæгъæн: Малити Геуæрги, Æбати Самели, Кокити Геуæрги, Хуадонти Иссæ æ.ænд. – 30-æймаг æнзти æнанхосæй æфхуæрд æрцудæнцæ.

172 §. Дустъæлфæ æвæрæн ранимади разæй, еугæнæг дзурд си ку нæ фæууй, фал ранимади хæйттæн бæрæг нисæнттæ ку фæддæттæн, уæд дæр:

Уанел:

æ) байгъосуй æма исфедар кæнуй Централон Ревизион Къамиси æма иннæ централон организацити дзуæппитæ;

а) нæуæгæй æркæсуй, раййевуй æма нифедар кæнуй партий Программæ æма Устав;

б) амонуй партий фæндаг медбæстон æма æндагон политики, æркæсуй æма лух кæнуй партион æма паддзахадон царди ахсгиагдæр фæрститæ;

в) равзаруй Централон Комитет æма Централон Ревизион Къамис.

(*газзет "Рæстдзийнадæ"*)

173 §. Дустъæлфæ æвæрæн ранимади разæй, еугæнæг дзурд си ку нæ фæууй, фал уæддæр ранимад ке уодзæй, уой равдесун ку фæгъгъæуй æма ранимади разæй лæууæг дзурд гъæрдæрæй ку фæззæгъæн, æ фæсте ба паузæ ку искæнæн, уæд:

Хæдзари æфсийнæ дзæхæрайæй æрбахаста: хуæргæнæстæ, гъæдзиндзитæ, æпхитæ æ.ænд.

Æмбурди адтæнцæ: ахургæндтæ, студенттæ æма скъоладзаутæ.

Феппайуйнаг. Гъудиади еугæнæг дзурд ку нæ фæууй, уæдта ранимади размæ паузæ дæр ку нæ фæккæнæн, уæд уæхæн гъудиади дустъæлфæ не 'вæрæн: *Æмбурди адтæнцæ ахургæндтæ, студенттæ æма скъоладзаутæ.*

174 §. Дустъæлфæ æвæрæн уæхæн гъудиæдти кæрон, æ фæсте ци гъудиадæ, кенæ гъудиæдтæ уа, етæ æ хæццæænæ бæттæгтæй еугонд кæми цæуонцæ æма ин:

æ) æ гъуди ænхæстдæр, бæлвурддæр ку кæнонцæ, уæд (фулдæр хатт уæхæн гъудиæдтæмæ раттæн фæууй фæрститæ **циуавæр? куд?** æма си исæвæрæн фæууй бæттæг **гъома**):

Тæдзуй уомдзæг æ майданбæл:
неке зæгъуй – гъуд æй гъæуй.

(*Багъæрати Созур*)

а) кенæ ин æ рæуонæ ку амононцæ, уæд (арæх уæхæн гъудиæдтæмæ раттæн фæууй фæрститæ **цæмæн? Цæмæннæ?** æма си исæвæрæн фæууй бæттæг **уомæн æма**):

Боц ахур ма скæнæ дæ байзæддаги: фæсмойнаг фæууодзæнæй дæ зæруай.

(*Æмбесонд*)

Æдулий æрдзæф нæ гъæуй: дони гъæрмæ дæр кафуй.

(*Æмбесонд*)

б) кенæ си ци мивдесгутæ фæууй (**зонун, лæдæрун, уинун, игъосун, кæсун** æ.ænд.у.), уони гъуди ку райхалунцæ, ку раргон кæнунцæ, уæд (арæх уæхæн гъудиæдтæмæ раттæн фæууй фарс **ци?** æма си исæвæрæн фæууй бæттæг **ке:**

Адæм рагæй дæр зонунцæ: амонд гъæздугдзийнадæй нæй.

Лæхъуæн балæдæрдтæй: цард адæймагæн æхецæй аразгæ 'й.

Мæнæй æруагæс кæнуй: æрцæудзæнæй сæребарæ цард ænккæт бæстити фæллойнæгæнгутæн дæр.

175 §. Дустъæлфæ æвæрæн, комкоммæ нихаси кенæ цитати размæ ци гъудиадæ фæллæууй, уой фæсте:

Уотæ арæхдæр рандæ уй сагъæсти: "Æдта аци ænæкæрон дуйней, аци ænæрайдайгæ, ænæфæууогæ рæстæги мæнбæл уомæй фулдæр фæццæрун нæ уайуй?"

(*Хъойбайти Сергей*)

Æ хорсугъд мудхуз бецъотæ хæрдмæ баздухта æма низзардта:
"Е фонс куд уарзта,
Фæсалæ син ласта
Æ салд æркъетæй, гъей!..."

(*Тотайти Мухарбег*)

ФАРСТИ НИСАН

176 §. Фарсти нисан æвæрæн фарстон гъудиади кæрони:

Синхæгтæ? Кæцæй кумæ?

(*Хугати Геуæр*)

Гæр, гæлæхха, е цæмæ уотæ 'й, уой куд нæ лæдæрис?

(*Малити Батраз*)

Цума еци рæсугъд, федар хæдзарæ æрра дони тухи амæттаг цæмæн фæцæй? Ци фæцæнцæ æ цæргутæ?

(*Багъæрати Зинæ*)

177 §. Фарсти нисан æвæрæн, риторикон фарста ци гъудиади фæууй, уой кæрони:

Циуавæр хестæри нæ бафæнддзæнæй, æ кæстæр уомæй амондгундæр уа, е? Фал æдзох кæстæртæ амондгундæр кæми фæууцæ?

Сайæгойбæл ма сиутæ æрзайуй? Айдагъ дæ номи рантæстæн цитæ фемисис, етæ дæр кæбæлти 'нцæ?

(*Икъати Авдул*)

178 §. Æнхузæн иуæнгтæ ци фарстон гъудиади æмбæла, уоми фарсти нисан æвæрæн ес алли æмхузон иуонги фæсте дæр, фарста нæ фæддехтæ кæнун ку фæндæуа, уæд:

Ци мадзалæй исхъæртон горæтмæ? автобуси? таксий? æви ескæмæ фæдздзорон?

Цæйбæрцæ рæстæг ма дæ гъæуй? къуæре? мæйæ? анз?

179 §. Фарсти нисан æвæрæн, фæрсаг фарста ци домгæвазуггин гъудиади уа, уой кæрони, сæйраг гъудиадæ фарстон ку фæууй, уæд:

Мæ рахаст унаффи сæрти ке некæд рахизтæн, е ди феронх æй?

(*Икъати Авдул*)

Æз хестæрæн ци синхæн æризадтæн, етæ, зæгъис, мæгур нæ 'нцæ?

(*Хохойти Энвер*)

180 §. Фарсти нисан æвæрæн, фæрсаг фарста комкоммæ фарстайæй гъæлæси уагæй зин рартасæн ци вазуггин гъудиади фæууй, уой кæрони, сæйраг гъудиади фарстон ку нæ уа, уæд дæр:

Нур ба нæуæгæй фæрсун, номхигъди цæмæннæ 'й æ муггаг?

(*Хидирти Рамазан*)

Нæ уæ балæдæрдтæн, ци мин загътайтæ сумах?

(*Гибизти Руслан*)

Лимæнбæл куд нæ скудтæ, лимæн?
Куд нæбал банимадтай цæраги?

(*Тетцойти Таймураз*)

181 §. Фарсти нисан æвæрæн байвæргæ фарстон гъудиади кæрони, къæлæттæй кенæ тиретæй хецæнгонд ку цæуа, уæд:

Иннæбон (ма уи феронх уæд?) автобус раздæр нæхстæр кæндзæнæй.

182 §. Фарсти нисан къæлætти медæгæ æвæрæн еске, кенæ хе гъуди финсгæй, гурусхæ кæми фæккæнæн, еци рауæн:

Æ мадæ синхæнттæн хабæрттæ кодта, нæ кизгæ, дан, æрмæст æхе хъаурæй (?) бахаудтæй институтмæ.

ГЪÆРИ НИСАН

183 §. Гъæри нисан æвæрæн гъæрон гъудиади кæрони:
Нæ, нæ! Арвмæ цæуон зинггор, –
Ратдзæй мин хор!

(*Скъодтати Эльбрус*)

Сумахæн ба мæ бæсти уæлæ Хуцау арфæгæнæг фæууæд!
(*Хохойти Энвер*)

Æрра фæддæ! Бæх нæ уинис, æ къæхти бунмæ ци гæпп кæнис!
(*Тобойти Цæрæк*)

Феппайуйнæгтæ: Еудадзугдæр гъæрон фæуунцæ æма гъæри нисанæй, цит, фæуунцæ:

1. Гъæрон дзурдтæ **ци, куд, цæй** æ. ænд. кæми уа, уæхæн сæрмагонд гъудиæдтæ:

Ци дорзæрдæ дæ!

(*Бесати Тазе*)

Ци хъæбæр мæмæ райдард дæ
Синхæй синхмæ и медгъæу!
(*Гобати Геуæрги*)

Мæ цæстæ, бони радæ,
Куд цурд дæ, куд цæрдæг!
(*Скъодтати Эльбрус*)

"Цæй номæн!" – езгард худт никкодта Мишкæ.
(*Гибизти Руслан*)

2. Фæдзæхстон здæхæни фæрци нæ, фал æндæр мадзæлттæй фæдзæхст кæми æвдесунцæ, уæхæн фæдзæхстон гъудиæдтæ:

Гъæйтт, кæми айтæ!
Ци фæцайтæ!
Бун бацайтæ!
Еу ракæсæг, гæлæхха!

3. Разæнгардгæнæн гъудиæдтæ цæхгæр дæмæн, карз фæдзæхст ку февдесунцæ, уæд:

Байради дон, байрайæ!
Дæ базгутæ ма телæ, бауадзæ!

(*Скъодтати Эльбрус*)

Дæ уæзæ нæбæл макæд æруадзæ! Дæ хуæст нæбæл макæд исуадзæ! Нæ дуйне нин сабур уадзæ! Тохи сæр маке бал багъæуæд!

(*Осмæнти Хисай*)

4. Таурæгъон æма фарстон гъудиæдтæ, тухгин æнкъарæнти хæццæ (дес, тас, маст æ. æнд.) загъд ку цæуа, уæд:

Кæд уи еске хæдзари ани асæ биццеутæ ес, табуафси! Æруæд уи нæ райсдзæнæн!

(*Хугати Геуæр*)

Мишки нæ уинетæ, цæхæн косæгæ 'й!

(*Гибизти Руслан*)

Цийни дон зæрди форди байсустæй
'Ма нийнод æй кæсалгæ – амонд!

(*Скъодтати Эльбруси*)

Ходуйнаги бæсти – мæлæт хуæздæр

(*æмбесонд*)

184 §. Гъæри нисан æвæрæн гъудиади райдайæни æвæрд седæнти, хайæгти æма æвастгъæрти фæсте (фæстæгутæ гъудиади астæу ку фæуунцæ, уæд дæр), гъæрон гъæлæси уагæй сæ ку фæззæгъæн, уæд:

Мæнæ куй! Ду адæймаг нæ дæ, фал куй дæ! Æз дæу ацибон уотид над нæ кæнун!

(Малити Батраз)

Мæнæ нур дæр æ зæрдæ исхъурмæ æй, фæндуй æй æ гъæлæсидзаг нирдеуагæ æма «Аким! Аким!» – зæгъгæ, нигъгъæр кæнун, фал Хъасболатæй не 'ндеуй.

(Малити Батраз)

Мæ бон ку уайдæ æнæвналун
Дæумæ, уæззау сес, о, бæргæ!

(Гобати Геуæрги)

Мæнæ дессæгтæ! Бакæсайтæ 'ймæ, цæй хузæн æй! Æрдæгтунд хъаз! Æма, дан, дин дæ кизги корун!

(Хугати Геуæр)

Фегъустай, Нафига! Ду ба мæ размæ цавддорау ниццæхгæрмæ дæ! Гайто, мæ хор!

(Хугати Геуæр)

Мæнæ дессаг! – цидæр ма зæгъунмæ гъавта Десгæнагæ.

(Хохойти Федар)

Æфсатиймæ дессаг сирд ку рантæстæй,
Гъе, уæрæйда-ра, сой!

(адæмон зар)

Сæуирай нæ фæккæндзæнæй хуарз Науруз,
Ой-сей-сей!
Æфсатий нин сæдсугон саг ку загъта еци хæтæлæй,
Ой-сей-сей!

(адæмон зар)

185 §. Фарстон гъудиадæ гъæрон гъæлæси уагæй ку фæззæгъæн, уæд си æвæрæн фарсти æма гъæри нисантæ:

Къæхти къудурæй ма ци кæнис?! – Фæтътъæлланг ласта Гъæуис.

(*Икъати Авдул*)

Зæгъис æнцон, фал куд бафæразтай?
Кæд исæнцон æй косæг лæгæн?!

(*Багъæрати Созур*)

186 §. Гъæри нисан къæлæтти æвæрæн, еске гъудимæ нæ гъос хъæбæрдæр æрдарун кæми фæгъгъæуй, уоми:

"Еци расуггæнагæмæ (!) æз некæд исмойнæ кæндзæнæн", – загъта кизгæ.

КЪÆДЗУГ

Къæдзуг сæрмагонд гъудиæдтæй арæзт вазуггин гъудиади

187 §. Къæдзуг æвæрæн, еу вазуггин гъудиади кæрæдзебæл æнæ бæттæгæй баст ци сæрмагонд гъудиæдтæ фæуунцæ, уони æхсæн:

Басилдзаутæ цæудзæнæнцæ,
Къинсæ скæнтæ губæрттæн.

(*Сабайти Сулейман*)

Бунтондæр нийгомуг æй астъонæ,
Æргъæфстæй си бадуй цъеути мадæ.

(*Къибирти Амурхан*)

Уæд æхемæ цæмæ сайуй
Лæги зæрдæ æдзохæй,
Ци тухæ ес æ бæрзæнди,
Цæмæй конд æй æ рæхис,
Сæребаруарз содзгæ зæрдæн
Кæцæй дæттуй уæхæн нифс?!

(*Колити Витали*)

188 §. Къæдзуг æвæрæн, еу вазуггин гъудиади еугæнæг бæттæгтæ **æма, дæр, уæдта, дæр – дæр, нæ – нæ, нæдæр – нæдæр, нæбал – нæбал, ма – ма, мабал – мабал** æма æндæрти фæрци ци сæрмагонд гъудиæдтæ баст цæуонцæ, уони æхсæн:

Е мæн сувæллон æй, æма ин хуæруйнаг дæр мæхуæдæг исамал кæндзæнæн.

(*Малити Хасан*)

Сæумæ нин фидæ зæрдиуаг кувдтитæ ракæндзæнæй, уæдта нæ нивæ нæ хæццæ уодзæнæй.

(*Олисати Мухарбег*)

Ælдар дæр бафунæй æй, фиййæуттæ дæр бафунæй æнцæ.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Цард мастæй дæр, цийнæй дæр е 'дзаг æй.

(*æмбесонд*)

Нæ уаргæ кæнуй, нæ хор кæсуй.

189 §. Къæдзуг æвæрæн, еу вазуггин гъудиади нихмæвæрди бæттæгтæ **фал, ба, бабæй, уотемæй, уæддæр, кенæ, кенæдта, æндæр(а)** æма æндæрти фæрци ци сæрмагонд гъудиæдтæ баст цæуонцæ, уони æхсæн:

Юрик Дзандари фудхуз, фал рæсугъд цæсгонмæ æргом бакастæй æма ин нæуæгæй загъта.

(*Малити Батраз*)

Къæбæлдзуг æма пихсил уставтæн неци лæдæрун, фал мах тукани уставмæ гæсгæ ами лæхъуæнæн нæ, фал нæлгоймаги муггагæй еуемæн дæр косуни барæ нæййес.

(*Икъати Авдул*)

Бæхти догъ райдайидæ Дигоргоммæ Киристонгъæу, кенæ Æхсæрисæрæй.

(*Мæрзойти Сергей*)

Надбæл си нифсгинтæй беретæ мардæй,
Уæддæр исхизтæнцæ рохс цардмæ.

(*Багъæрати Созур*)

Рæсог, рæсог æй æ дон,
Уæдта ма æй æзменсгун.

(*Будайти Милуся*)

Æ нимæт ибæл бамбарзта, уотемæй æй нууагъта, æхуæдæг ба фæстæмæ уайун байдæдта, æма æхсæвæ адæм куд ниххустæнцæ, уотæ ба фæстæмæ гъæумæ æрбахæццæ 'й æма, зæгъуй, æ лимæнмæ бадзурдта.

(*Историон таурæхътæ*)

190 §. Къæдзуг æвæрæн, еу вазуггин гъудиади дехгæнæг бæттæгтæ **е, æви, ку – ку, кенæ – кенæ, е – е, фæнди – фæнди** æма ændærти фæрци ци сæрмагонд гъудиæдтæ баст цæуонцæ, уони æхсæн:

Уæдмæ ба кенæ хæрæг мæлдзæй, кенæ – паддзах.

(*Адæмон исфæлдистадæ*)

Фæнди дæумæ дзорæ, фæнди аци дормæ.

(*æмбесонд*)

Арæбий, мæнæн аци гъуддаг ка бакодта, е Æхсæртæгкатæй ændæр неке адтæй.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Гъолти гъазт æй царди радæ,
Ку сæууелуй, ку ба нæ.

(*Колити Витали*)

Феппайуйнæгтæ:

1. Бабæтгæвазуггин гъудиæдти сæрмагонд гъудиæдтæ бæттæгтæ **æма, æви, кенæ**-йæй баст ку фæуунцæ æма син еумæйаг фæрсаг иуонг кенæ еумæйаг уæлæнхæст гъудиадæ ку фæууй, уæд син се 'хсæн къæдзуг не 'вæрæн:

Гъæддзауи иуæнгтæ фургуст æма хори парахат æндавдæй хедуомæл исунцæ.

(*Гадати Лазæр*)

Уаруни мæйæ 'й æви хори?

(*Адæмон исфæлдистадæ*)

Паддзахмæ æхца нæййес æви ци, æ бон никкæла!
(*Адæмон исфæлдистадæ*)

Сувæллæнттæ, цит, зменси гъазунбæл фæццæнцæ кенæ, цит, кæрæдзей сорун фæййагайдтонцæ.

2. Дууæ сæрмагонд фарстон гъудиади бæттæг **æма**-йæй баст ку уонцæ, уæд син се ‘хсæн къæдзуг не ‘вæрæн:
Фæдес ци ‘систай æма дæ гъæр цæбæл æй?

Кæд ранæхстæр уодзæнæй и автобус æма кæд исхъæртдзæнæй?

Къæдзуг сæйраг æма уæлæнхæст гъудиæдти æхсæн, уæдта уæлæнхæст гъудиæдтæн сæхе æхсæн

191 §. Домгæвазуггин гъудиади сæйраг æма уæлæнхæст гъудиæдти æхсæн æвæрæн къæдзуг, кæд уæлæнхæст гъудиадæ сæйраг гъудиади астæу уа, уæдта ‘й дууердигæй дæр хецæн кæнæн къæдзугтæй:
Мæ къохи ку неци бафтудæй, уæд нæ синхонти кæркдонæмæ ниццавтон.
(*Икъати Авдул*)

Цæнддори тегътæбæл хуæцгæй исистадæй, æрлæудтæй æ къæхтæбæл.
(*Тобойти Цæрæк*)

Фæсевæд, интеллигенци сæ фулдæр дарунцæ европаг дарæс, кæмæн æ бон куд æй, уотæ.
(*Гобети Ариган*)

Цалдæр хатти мæ, ци ‘й енцег, зæгъгæ, ку бафарста, уæдта ин æз дæр, æ сæри фæлмæн къæбæлдзуг даргъ сау дзиккотæбæл мæ къохтæ бунмæ æрдаугæй, цубур дзуапп равардтон.
(*Хохойти Æнвер*)

192 §. Уæлæнхæст гъудиадæ ку фæллæууй сæйраг гъудиади фæсте æма вазуггин бæттæгтæ **уомæн æма, уомæ гæсгæ æма, уой туххæй æма**-йæй ку райдайуй, уæд къæдзуг æвæрæн бæттæгти разæй:

Фал аци нимæдзæбæл зин баууæндæн æй, уомæн æма æ бонуги 52 фарсбæл ба финста, цума имæ дигорон гæрзефтонг æфсад адтæй.

(*Собити Инал*)

Цæмæй син ма бантæса, уой туххæй ба Дигори фæсевæди гъæуй тохæнгæрзтæ.

(*Тобойти Цæрæк*)

Феппайуйнаг. Вазуггин бæттæгти хæйттæ: **уомæн, уомæ гæсгæ, уой туххæй**-бæл логикон цавд ку фæххауй, сæйраг гъудиади иуæнгтæ ку исунцæ æма сæ фæсте паузæ ку фæккæнæн, уæд къæдзуг æвæрæн æрмæст бæттæг **æма**-й размæ:

Тухгин æма рæсугъд ба уомæн æнцæ, æма сæ адæм сæхуæдæг искодтонцæ.

(*Кокити Геуæрги*)

Æз дæр дæ уомæ гæсгæ байагурдтон, æма ду дæснидæр дæ ауæхæн гъуддæгти.

Мах ахур кæнæн уой туххæй, æма ахурдзийнадæ рохс итауй.

193 §. Вазуггин гъудиади аллихузон æмдомгæ æма къæпхæни уæлæнхæст гъудиæдтæ ку уа, уæд уони сæйраг гъудиадæй дæр æма кæрæдземæй дæр хецæн кæнæн къæдзугтæй:

Сæ дууей дæр уотæ фæндадтæй, цæмæй сæ кафт макæд фæцайдæ, уотæ, фал сæ цæмæй адæм нæ балæдæрдтайуонцæ, уомæн гъудæй уæддæр кафтæн кæрон искæнун.

(*Кокити Геуæрги*)

Уæд е æхуæдæг дæр, уæдта иннетæй дæр некем а зудта, нæуæг зæнхитæ ке райгон кодта, æма сæ рæдудæй Китаййи зæнхитæ ке æнгъалдта, уой.

(*ж. Ирæф*)

194 §. Еу сæйраг гъудиади хæццæ баст æнхузæн æмдомгæ уæлæнхæст гъудиæдтæ кæрæдзебæл бæттæгтæй баст ку нæ уонцæ, уæд се 'хсæн æвæрæн къæдзуг, бæттæг **æма**-йæй баст ку уонцæ, уæдта – нæ:

Цæстæ ци уинуй, гъос ци игъосуй, етæ æгасæй дзоруйнаг нæ 'нцæ.

(*Æмбесонд*)

Къорнати Аслæнбег цума се 'гаси маст райста кæсгон ælдарæй, еци цæстæй еугурæй дæр гъуддагмæ.

(*Кокити Геуæрги*)

Сæ куститæ конд ку фæууницæ, деденæггун фæзи дзигготæй ласгутæ ку исамайуницæ, уæд хуасдзаутæ сæ фæрнгун хæдзæрттæмæ ниффардæг унцæ.

(*Гурдзибети Барис*)

Феппайуйнæгтæ: 1. Домгæвазуггин гъудиади ескæци уæлæнхæст гъудиадæ еуæй-еу хайæгтæ, бæттæгтæ æма цубур хузи цæсгомон номевгутæй ку райдайа, уæд уæхæн уæлæнхæст гъудиадæ æ размæ æвæрд бæттæгтæй къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

Куй тургъæмæ æрбахизтæй, æма бабæй æй тикис куддæр рауидта, уотæ æхе раримахста.

2. Æрмæст еунæг бæттæгæй кенæ бæттæг дзурдæй арæзт ци уæлæнхæст гъудиадæ уа, уой сæйраг гъудиадæй къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

– Цал?
– Цæмæй æй зонун цал?
– Куд?
– Куд уой фæууиндзæнæ.

Къæдзуг гъудиади æнхузæн иуæнгти æхсæн

195 §. Къæдзуг æвæрæн, бæттæгтæй баст ка нæ фæууй, уæхæн гъудиади æнхузæн иуæнгти æхсæн:

Донæхсинцъæ, хæрес, тæгæр базургин бæдæлттæ уадзунцæ. Етæ се 'сцæтти хæццæ дунги сæ базуртæ бацæгъдунцæ, рапæрræститæ кæнунцæ æма ратæхунцæ дуйнемæ. Тæхунцæ гъæдтæ, гъæутæ, дæнттæ, кæмттæ, будурти сæрти.

(*Гарданти Михал*)

Еци тунти салан, сæ дзæбæх намусæй сæ фæндон исуолæфтæнцæ æгас царди тогдадзинттæ.

(*Бесати Тазе*)

Феппайуйнæгтæ: 1. Бæрæггæнæнтæ æнхузæн фæуунцæ, еци еу номдари хæццæ баст ку фæуунцæ æма ин æ еци еу менеуæг (хузæ, асæ, гъæдæ æ.у.и.) ку фæббæрæг кæнунцæ, уæд:

Цъæх, бор, мора сифтæ бæлæстæй хаудтæнцæ фæззигон зæнхæмæ.

Минкъий, устур, рæстæмбес харбузтæ лæудтæнцæ барæнти цори.

Морат æй уездон, хуæрзæгъдау лæхъуæн.

2. Бæрæггæнæнтæ æнхузæн нæ фæуунцæ æма къæдзугæй хецæнгонд нæ фæццæунцæ, раззаг бæрæггæнæн номдари хецæнæй нæ, фал æ хæццæ баст фæстаг бæрæггæнæни хæццæ еумæ ку фæббæрæг кæнунцæ, уæд.

Зæронд лæг куройнæй рахаста лæхурд зæронд æскъудтæ бор голлаги.

3. Мивдесгутæ æнхузæн иуæнгтæ нæ фæуунцæ æма къæдзугæй хецæнгонд нæ фæццæунцæ, еу форми æвæрд уогæй, фæд-фæди ку фæллæуунцæ æма еумæйаг гъуди ку февдесунцæ, уæд:

Цæуон зæгъон ин.
Цæуæнти бакæсæн сæмæ.
Сбадæ бауолæфæ.

196 §. Къæдзуг æвæрæн, нихмæвæрди бæттæгтæ **фал, ба** æ.ænд. ци æнхузæн иуæнгтæ бæттонцæ, уони æхсæн:

Адтæй си устур урух тургъæ, тургъæбæл ба зилдæгæй бæрзонд æнгон федар кауæ.

(*Кокити Геуæрги*)

Дууæ хелаги кæрæдземæ бурунцæ, фал кæрæдземæ нæ хæстæг кæнунцæ.

(*Бацеу-бацеу*)

Уæллæй тар гъæдæ, уой бунæй ба сау гъæдæ.

(*Бацеу-бацеу*)

197 §. Къæдзуг æвæрæн фæлхатгæнгæ бæттæгтæ **дæр-дæр, уæдуæд-уæд, нæ-нæ, нæдæр-нæдæр, ку-ку** æ.ænд. фæрци баст ænхузæн иуæнгти æхсæн:

Фенкъард æнцæ Урузмæг дæр, бийнонтæ дæр.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Нæ ин адтæй нæдæр фидæ, нæдæр хуæрæ, нæдæр æнсувæр.

(*Аргъау*)

Цæй, гъе-ма дæ ахур уонæбæл ци ихали?
Ма си зонæ бафсес, ма лæдæрæ бæрцæ.

(*Хъулцити Бола*)

Феппайуйнæгтæ: 1. Фæлхатгæнгæ бæттæг **дæр-дæр** ци ænхузæн иуæнгтæ фæббæттуй, етæ ма бæттæг **æма-**йæй дæр баст ку фæццæунцæ, уæд се 'хсæн къæдзуг нæбал æвæрæн:

Хестæрæн дæр æма кæстæрæн дæр салан дæттун зонун гъæуй.

Æз дæр, ду дæр æма не 'мбал дæр гъæуама афойнадæбæл уæн нæ кусти уæлгъос.

2. Дехон бæттæгтæ **кенæ, æви, е**, ænхузæн иуæнгтæ бæтгæй, гъудиади еугай хæттити ку æмбæлонцæ, уæд ænхузæн иуæнгтæ кæрæдземæй къæдзугæй нæбал хецæн кæнæн:

Ме 'мбæлттæ хонхмæ кенæ денгизмæ цæуйнаг æнцæ уолæфунмæ.

Иуазæг хонхæй адтæй æви будурæй?

Нæ уроктæ нæхемæ е кæсæндони бацæттæ кæндзинан.

198 §. Къæдзуг æвæрæн æнкъай бæттæгтæ æма бæттæг дзурдтæ **куд-уотæ... дæр, нæ-фал... дæр, кæд-уæддæр, ку нæ-уæддæр** æ.æнд. фæрци баст æнхузæн иуæнгти æхсæн:

Минкъий кизгæ æцæгælон адæймагмæ дзорун нæ, фал кæсун дæр не 'ндиудта.

Е кæд идзулгæ кæнуй, уæддæр хъæбæр мæстгун кæнуй.

Адæймагæн куд æ хуарздзийнæдтæ, уотæ æ лæгъуздзийнæдтæ дæр кусти бæрæг кæнунцæ.

Абони ку нæ уа, уæддæр исон исæмбæлдзинан.

Феппайуйнæгтæ: Бæттæг **фал** æнхузæн иуæнгтæн се 'хсæн нæ, фал сæ фæсте ку фæллæууй, уæд æй хецæн кæнæн къæдзугæй:

Æз ахур кæнун университети, институти нæ, фал.

Къæдзуг фæлхатгæнгæ дзурдти æхсæн

199 §. Еци еу дзурд фæд-фæди дууæ кенæ фулдæр хатти ку фембæлуй æнæ бæттæгæй (дæргъвæтийнæ рахайдт æвдесуни нисанеуæги хæццæ, предметти берæдзийнадæ, менеугути тухгиндзийнадæ амонунæн кенæ аразидзийнадææ, æнаразидзийнадæ, курдиат æ.у.и. фæккарздæр кæнуни туххæй), уæд уæхæн фæлхатгæнгæ дзурдти æхсæн æвæрæн къæдзуг:

Цæунцæ, цæунцæ æма еу рауæнмæ бахъæрттæнцæ.

(*Аргъау*)

Ленин фæсевæдæн фæдзахста: ахур, ахур æма ахур.

– Еу хатт ма дæ фæрсун: кусти адтæ?

– Гъо, гъо.

Феппайуйнæгтæ: 1. Къæдзуг æвæрæн, фæлхатгæнгæ дзурдæн æрмæст æ еу хай ку фæлхат кæна (хумætæг мивдесæгæн – æ разæфтауæн, вазуггин мивдесæгæн – е 'нхусгæнæг хай æ.у.и.), уæд уой размæ дæр:

Рауайæ, ра, мæ хор.

– Цæмæн рандæ дæ æзинæ кустæй?
– Цæмæн, цæ... Нæхецæй мæмæ æрбадзурдтонцæ...

2. Фæлхатгæнгæ дзурдтæй арæзт дзурдбаст еу гъуди ку амона кенæ æбæлвурддзийнадæ, гурусхудзийнадæ ку æвдеса æма дуккаг дзурди разæй идæнцонтæ **нæ, ма** ку уонцæ, уæд уæхæн дзурдти æхсæн къæдзуг не ‘вæрæн:

Адтæй нæ адтæй, уæддæр рандæ ‘й.

Фæндуй нæ фæндуй, уæддæр косæ.

Дзорæ ма дзорæ, уæддæр си неци рауайдзæнæй.

Къæдзуг рабарстити хæццæ.

200 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн, бæттæг **куд**-æй ци рабарститæ райдайунцæ, уони:

Куд алли рауæн, уотæ махмæ дæр нæлгоймаги дарæс æма силгоймаги дарæс аллихузæн æнцæ.

Æз дин еци хабæрттæ, куд мæхеуонæн, уотæ ракодтон.

Куд мæхе æнсувæр, уотæ уарзтон æз еци биццеуи.

Феппайуйнаг. Хузæнæн хауæни æма фæсæвæрд **хузæн**-и фæрци ци рабарститæ фæййаразæн, уони къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

Фашисттæ бал берæгътау лæбурдтонцæ.

Еци хабæрттæ мæ фиди хузæн неке зонуй.

Къæдзуг æнхасæнти хæццæ

201 §. Æнхасæн номевæги ку лæдæрун кæна, уæд æй хецæн кæнун гъæуй къæдзугтæй:

Махмæ, Донифарси цæргутæмæ, æлдæрттæ некæд уодæнстæнцæ.

(*Дигорон таурæхътæ*)

Сумах, Иристони фæсевæд, тундзетæ ахури бæрзæндтæмæ.

202 §. Æнхасæн еумæйаг номдар ку фæууй, уæд æй хецæн кæнæн къæдзугтæй:

Мæйæ, стъалути фиййау, сабургай фæгъгъузуй хуæнхти цъоппитæбæл.

203 §. Æнхасæнтæ бæрæггæнуйнаг дзурдти хæццæ баст ку фæуунцæ бæттæгтæ **гъома, куд, кенæ, уæд**-и фæрци, уæд сæ хецæн кæнæн къæдзугтæй:

Гъæуи сæрдар, гъома Æхсарбег, æ радзубандий дзурдта æгъдæутти туххæй.

Гъæуи хестæртæй беретæ, куд Заурбег, Хасан, Хъазбег æма æндæртæ, фæсевæди аразунцæ раст надбæл.

Гъудиади сæйраг иуæнгтæ, кенæ сæйрат æма зæгъуйнаг, хатгай гъудиадæй цохгонд æрцæунцæ.

204 §. Æнхасæн сæрмагонд ном ку фæууй (лæдæрунгæнæн дзурдти хæццæ кенæ æнæ уонæй) æма æ размæ бæттæг **гъома** ку фæууй исæвæрæн, уæд æй хецæн кæнæн къæдзугтæй:

Уалинмæ дин Хузмæги уосæ, Тукула, еу лæдзæги саст æ къохи, уотемæй ку фæззиннидæ.

(*Малити Батраз*)

Дигори номдзуд лæг, нæхи Созур, æ уадзимисти равдиста мæгур адæми зин цард.

205 §. Æнхасæн сæрмагонд ном ку фæууй (æнæ лæдæрунгæнæн дзурдтæй), уæд æй, бæлвурд кæнуни интонаций хæццæ зæгъæн æви нæ, уомæ гæсгæ финсæн фæууй къæдзуги хæццæ дæр, уæдта æнæ къæдзугæй дæр:

Фал: *Æрбацудæй мæ хуæрæ, Зæлинæ.*
Æрбацудæй мæ хуæрæ Зæлинæ.

Фал: *Æфсæддон, Геуæрги, æ ихæстæ хуарз зудта.*
Æфсæддон Геуæрги æ ихæстæ хуарз зудта.

Феппайуйнаг. Ænхасæн ма финсæн тирей хæццæ дæр, уой туххæй кæсæ 217, 219 §§.

Къæдзуг фæрсагмийтæ æма фæрсагмийон æздæхтити хæццæ

206 §. Фæрсагмийтæ куд лæдæрунгæнæн дзурдти хæццæ, уотæ ænæ уонæй дæр, зæгъуйнаги хæццæ ænгон баст ку нæ уонцæ æма сæ нисанеуæгмæ гæсгæ фæрсдзурдмæ хæстæг ку нæ лæууонцæ, уæд сæ хецæн кæнæн къæдзугтæй:

Æмбурди адæм, сæ къохтæ уæлæмæ бæрзонд исесгæй, гъæлæс кодтонцæ цæбæлдæр.

Знагæн сæсæттæн цæфтæ кæнгæй, Советон æфсад уæгъдæ кодта нæ бæстæ.

Æз цудтæн, фур цийнæй мæ фæллад дæр нецæмæ даргæй.

Дзубандигæнгæй, Мæдинæ æма Зæлинæ бахъæрттæнцæ сæ косæн бунатмæ.

Биццеу лæудтæй æ бунати, ænæ дзоргæй.

Фал: *Ænæдзоргæй ма лæууæ.*

Гъазгæ æма ходгæй цæруй.

Тасгæ-уасгæ рацæуй.

Тæрсгæ-резгæй дзоруй.

Ænæ дзоргæй æ бон еу сахат бабадун нæй.

Феппайуйнаг. Гъудиадæ ци дзурдтæй нæййес райдайæн (еуæй-еу хайæгтæ, бæттæгтæ æма цубур хузи цæсгомон номевгутæ), уони размæ фæрсагмийтæ æма фæрсагмийон æздæхтитæ къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

Скъоламæ цæугæй-еу биццеу хæдзари дæгъæлтæ сæ синхæнттæмæ балæвардта. Скъолайæй æрбацæугæй ба сæ-еу фæстæмæ райста.

Къæдзуг æндæр дзурдти гъуди бæлвурдгæнæг дзурдти хæццæ

207 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн, сæ разæй æвæрд дзурдти гъуди ци дзурдтæ æма дзурдбæститæ фæббæлвурддæр кæнунцæ, уони:

Бунæй, арф мæскъи, сурсургæнгæ уадæй сауæдон.

Æзинæ, фиццаг сентябри, ралæудтæй нæуæг ахури анз.

Кизги гъудитæ фæттахтæнцæ идард фæсхонхмæ, фийуау Моратмæ.

208 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн, сæ разæй кенæ сæ фæсте æвæрд дзурдти гъуди ци дзурдтæ фæббæлвурддæр кæнунцæ, уони, сæ хæццæ ку фембæлунцæ дзурдтæ: **зæгъæн, фæстæмæ, уæлдай, уæлдайдæр, æндæмæ, гъома, кенæ (гъома-**йи нисанеуæги), **хъæбæрдæр, сауæнгæ, номхундæй, раст, растæндæр** æ.у.и.:

Финсгутæй беретæ, зæгъæн Малити Геуæрги, се сфæлдистади парахаттæй пайда кæнунцæ адæмон исфæлдистадæй.

Нæ къласи ахури неке байзайуй фæстезад, æстæнтæй æндæмæ.

Кусти раззагдæрти æхсæн еунæг махуæнттæй еунæг разиндтæй, номхундæй Сослан.

Къæдзугтæ байвæргæ дзурдтæ æма байвæргæ гъудиæдти хæццæ

209 §. Къæдзугтæй хецæн кæнæн байвæргæ дзурдтæ æма байвæргæ гъудиæдтæ:

Нæ, ма дзорæ, ес си берæ æнæсзæгъгæ дессаг æхцæуæндзийнæдтæ.

(*Тобойти Цæрæг*)

Еу налат кизгæн, е 'рвисти кувди фингæбæл, Хъазий хестæрæн бадтæй.

(*Тамати Таймураз*)

Дæу уарзун æма æносмæ
Исбадтæн, гъæйдæ, нæ цард.

(*Хъулцити Бола*)

Мæн фæдадтæй истæхун,
Истахтайнæ, бæргæ, фалæ мин
Мæ уоди бæлæуæн сæни авгæ ниуазæнти
æнгулдзитæй ниттудта æ бæлдити
сес царди гъист бони.

(*Гибизти Оскар*)

Æргом ба, дан, æй исдзорун кодтон мæхуæдæг.

(*журнал "Иæф"*)

Ес-нæййес, уæддæр, дан, нин уæ сау тогæй
Нæ фæндон мизд нæ кустæн

(*Багъæрати Созур*)

Хестæр, цит, ниййамонидæ цъæхснаг хъурæй, кæстæртæ ба 'й уæзбунæй рахæссиуонцæ изолтæбæл кæронмæ.

Æма, раст зæгъгæй, ирон адæми зартæй рæсугъддæр æма тухгиндæр неци ес.

(*Кокити Геуæрги*)

Феппайуйнаг. Къæдзугæй хецæнгæнгæ байвæргæ дзурдтæ арæхдæр фæуунцæ ауæхæнттæ: **æвæдзи, æнгъæлдæн, кайзонуй, зæгъгæ, цæветтонгæ, еудадзуг, еудадзугдæр, миййаг, еуæй, еуемæй, иннемæй, аннемæй, еуæрдигæй, иннердигæй, аннердигæй, фиццаг, мæгурæг, бецау, уотемæй, сæрæй, дæ (уæ) хуарзæнхæй, мæнмæ (дæумæ, уомæ, махмæ, сумахмæ, уонæмæ) гæсгæ, мæ амондæн, мæ нивæн, мусийнæ, гъигагæн, табуафси, цубур дзурдæй, еу дзурдæй, еу загъдæй** æ.у.и.

Феппайуйнæгтæ. 1.Ранимад дзурдтæй беретæ арæх гъудиади медæгæ фæуунцæ байвæргæ дзурдтæ нæ, фал гъудиади иуæнгтæ

(гъома дзуапп фæддæттунцæ есть фарстайæн) æма сæ уæд къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

Ахурбег, еуемæй, курдиатгун лæхъуæн æй, иннемæй, æхебæл хъæбæр косуй (**еуемæй, иннемæй** – байвæргæ дзурдтæ).

Дзандар еуемæй дæр гъаст кæнуй, иннемæй дæр аразы нæй (**еуемæй, иннемæй** – гъудиади иуæнгтæ).

2. Байвæргæ дзурдтæ **бæргæ, гъæуама, фæлтау, æрмæст, цума,** æ.у.и. æнæ паузæй ку фæдздзорæн, уæд сæ къæдзугæй нæ хецæн кæнæн:

Уоми бæргæ берæ фæллæдтæн, фал неке фæззиндтæй.

3. Гъудиадæ ци дзурдтæй нæййес райдайæн (еуæй-еу хайæгтæ, бæттæгтæ æма цубур хузи цæсгомон номевгутæ), уонæй байвæргæ дзурдти æхсæн гъудиæдти къæдзуг не 'вæрæн:

Æвæдзи дæмæ не 'ндеуй.

Еуæрдигæй адæмæй æфсæрми кодта, иннердигæй ба 'й цæун гъудæй.

Къæдзугтæ седæнти хæццæ

210 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн седæнтæ сæ хæццæ баст дзурдти хæццæ (седæни фæсте гъæри нисан æвæруни туххæй кæсетæ 14 §):

Æмбал Федари-фурт, уотæ не 'нгъезуй.
(*Хуадонти Иссæ*)

Сабур уотæ, е Гæддзити Бибо æй.
(*Малити Батраз*)

Гъей, мæгур зæронд,
Цæлкости Гуйман.
(*Бесати Тазе*)

Уæу, ку нæбал ан нæ сæрæн.
(*Тетцойти Таймураз*)

Уодзæнæй, уодзæнæй мæн хузæн
Сау лæхъуæнтæ, Дигорæ, дæуæн.

(*Тетцойти Таймараз*)

Къæдзугтæ æвастгъæрти хæццæ

211 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн, гъæрон гъæлæси уагæй ке нæ фæззæгъæн, уæхæн æвастгъæртæ (æвастгъæрти фæсте гъæри нисан æвæруни туххæй кæсетæ 14 §):

Уæ, маци дин бантæса!

(*Хегати Геуæр*)

Уо, ниууадзæ, де 'нкъард
Уодæн нифс нæ дæттуй.

(*Колити Витали*)

Исæфунцæ мæ хумтæ, фæдес!

(*Къибирти Амурхан*)

Тасгæ, уасгæ рацæуй,
Уæй, уæрæйда, Тауке!

(*Адæмон зар*)

Феппайуйнаг. Æвастгъæртæй æртасун гъæуй се 'мхузон тухгиндæргæнæн хайæгтæ.

Нæ фæуунцæ æвастгъæртæ æма нæ гъæуй къæдзугæй хецæн кæнун седæн дзурдтæ, арфитæ æма ælгъиститæ, тухгиндæргæнæн хайæгтæ **уо, уæ, гъе, гъæй, гъей, гъæ** æ.ænд.:

Уо ме 'нсувæр, цæмæй дин тарстæн, е дæбæл ку æрцудæй!

(*Таурæхъ*)

Уæ æнæбундар байзайай!

(*Ælгъист*)

Уо байрайæ, Дигорæ!

Къæдзугтæ аразидзийнади, идæнцон æма фарстон хайæгти хæццæ

212 §. Къæдзугæй хецæн кæнæн аразидзийнади хайæгтæ (**гъо, гъай-гъай**), идæнцон хайæгтæ (**нæ, нæъ, нæбал**) æма фарстон

хайæгтæ (**ци, гъæй, нæ, гъи, æццæйнæ**), гъæрон гъæлæси уагæй сæ ку нæ дзорæн, уæд:

– Сæйгæести кодтай, æви кусти цæмæннæ адтæ?
– Гъо, тæвдæ мæмæ адтæй.
– Гъай-гъай, мæ лимæн, уазал дони ниртайгæй дæр ма нæ.

– Изæри концертмæ нæ цæуис?
– Нæ-æ, абони мæ нæ евдæлуй.

– Нæъ, нæъ, нана, е дæр мæ нæ гъæуй.

– Нæбал цæуис кустмæ?
– Нæбал, фагæ 'й ацибон.

– Ци, дæ миутæбæл фæсмон кæнис?
– Æццæйнæ, уотæ адтæй?
– Мадта ин кæдмæ бухстайнæ, гъæй?

ТИРЕ

213 §. Тире æвæрæн сæйрат æма зæгъуйнаги æхсæн, вазуггин зæгъуйнагæн æ еу хай (æнхусгæнæг мивдесæг **ун**-и цæсгомон формæ) цохгонд ку 'рцæуй, уæд уой бæсти:

Уæлвæндагæй – фонсгæнæг,
Дæлвæндагæй – амондхæссæг.

(*Адæмон зар*)

Дзæгъæлдзорæ – хæдзарихалæг.

(*Æмбесонд*)

Сугъдæг лæг – сауæдони хузæн.

(*Æмбесонд*)

214 §. Тире æвæрæн цохгонд зæгъуйнаги бæсти:

Уæлæбæл растæн – раст тæрхон, хæранæн – хæран тæрхон.

(*Адæмон исфæлдистадæ*)

Кенæ хæрæг мæлдзæнæй, кенæ – æ хецау.

(*Адæмон исфæлдистадæ*)

Еу лæгæн – дууадæс фурти.

(*Бацеу-бацеу*)

215 §. Тире æвæрæн ранимади фæсте еугæнæг дзурдти разæй:

Уæхæн æверхъау гъуддагæн гъæуама маци хузи рæуонæ уа дуйнебæл – нæдæр сæребарæ, нæдæр рæстдзийнадæ, нæдæр уарзондзийнадæ.

(*Бабочити Руслан*)

216 §. Тире æвæрæн ранимади фæсте, æ разæй еугæнæг дзурд (**кенæ, зæгъæн, куд, номхундæй, гъома**) ку фæллæууй, æ фæсте ба – гъудиадæн æ иннæ иуæнгтæ, уæд:

Адæм еугурæйдæр: фусунтæ дæр, иуазгутæ дæр – гъазтмæ рацудæнцæ.

Къæлхозонтæ се 'гас дæр, гъома: фонси кустгæнгутæ, механизатортæ, рæзи кустгæнгутæ – арази адтæнцæ сæ афæййи фæллойнæй.

217 §. Тире æвæрæн гъудиади кæрон кенæ æ астæу æвæрд æнхасæни разæй, ци дзурд фæббæрæг кæнуй, уой ин æнхузæн иуонгбæл банимайунæй тас ку фæууй кенæ æхе медæгæ ести æрхуæцæн нисан ку уа, уæд (уæхæн æнхасæни размæ исæвæрæн фæууй бæттæг **гъома**):

Æзинæ фæууидтон мæ лимæнти хуæздæри – Морати.

Директори къабинетæй рацудæнцæ Хъазбег – заводи хестæр бухгалтер, Маирбег – директори хуæдевæг, Саниат – профкоми сæрдар.

218 §. Тире æвæрæн даргъгонд кенæ æнæдаргъгонд инфинитиви разæй, е æнхасæни рали ку уа æма, æ разæй ци лæдæрунгæнуйнаг дзурд лæууй, уой ку фæббæрæг кæнуй, уæд

(уæхæн инфинитиви размæ исæвæрæн фæууй бæттæг **гъома**):

Мæ фидæ царди фæрæзнæбæл нимайуй æрмæстдæр еунæг гъуддаг – косун.

Скъоладзаути сæйрагдæр ихæс æй зундгонд – ахур кæнун.

Биццеуи сæрмæ æрцудæй рæсугъд фæндæ – балæвар кæнун æ мадæн бæрæгбонмæ æхе конд хузæ.

219 §. Тиретæ æвæрæн даргъгонд æнхасæнæн дууердигæй дæр, гъудиади астæу ку лæууа æма бæрæггæнуйнаг дзурди хæццæ æнгон баст ку нæ уа, уæд (æнхасæн къæдзугтæй кæд хецæн кæнæн, уой туххæй кæсетæ 30-34 §§):

Рæсугъд хъал кизгæ – Сайнæг-ælдари бундар Агудæ-рæсугъд – æрхизтæй айнæгæй, æрæмбурд кодта уадиндзи сæститæ æма сæ бахаста сæхемæ.

(*Нарти кадæнгитæ*)

Бæрзæ бæласæ – бæлæсти федауцæ – уæд æ цæстисугтæ æркалдта.

(*Гулути Андрей*)

220 §. Тиретæй дууердигæй дæр хецæн кæнæн гъудиади æнхузæн иуæнгтæ, гъудиади астæу ку 'мбæлонцæ æма сæ разæй æвæрд дзурд ку лæдæрун кæнонцæ, уæд:

Иристони хецæн рауæнти – Дзинагъай, Уорсдони, Къæхтисæри æ.æнд. – арæзт æрцудæй турбазитæ.

Цæгат Кавкази цæрæг адæмихæттæлтæ – дигорæнттæ, балхъайрæгтæ, хъумухъæгтæ – сæ равзурдмæ гæсгæ иберiаг-кавказаг адæмти къуармæ нæ хаунцæ.

221 §. Тиретæй дууердигæй дæр хецæн кæнæн байвæргæ гъудиæдтæ æма байвæргæ дзурдтæ, гъудиади астæу ку лæууонцæ æма гъудиади хæццæ сæ бастдзийнадæ бустæги идард ку нæ уа, уæд (байвæргæ дзурдтæ æма байвæргæ гъудиæдти къæдзугтæ æма къæлæттæй кæд фæххецæн кæнæн, уой туххæй кæсетæ 209, 232 §§):

Уæд дин – царцати дессæгтæ! – хор бон арв хуæнхти сæрмæ ку ферттевидæ.

222 §. Тире æвæрæн дууæ зæгъуйнаги æма дууæ сæрмагонд гъудиади æхсæн, уонæй дуккаг, ænæнгъæлти ка фæууй кенæ, фиццаги нихмæ ка фæццæуй, уæхæн архайд ку февдесуй, уæд:

Æз гъæрмæ рауадтæн – æма сагъдауæй райзадтæн.

Гъæунгæмæ рауадæй – æма фæстæмæ æрбаздахтæй, стъоли фарсмæ рабадтæй – æма уайтагъд фестадæй.

Е кизгæ нæй – изæд æй.
Бæрзæндти тахтæй – ниллæг æрбадтæй.

Иуазæг цæттæ – фусун æдзæттæ.

(*Æмбесонд*)

Феппайуйнаг. Архайди ænæнгъæлтидзийнадæ хъæбæрдæр равдесуни туххæй тирейæй рахецæнгæнæн ес гъудиади ескæци хай:

Къумабæл берæ фæййархайдтон, фал – дзæгъæли.

Карк еугурæйдæйр бахуардта – къахæй сæрмæ.

Фæууидтон дæ – нæ синхæнттæмæ.

223 §. Тире æвæрæн ænæбæттæг вазуггин гъудиади дууæ сæрмагонд гъудиади æхсæн, дуккаг гъудиадæ фиццагæй хатдзæг ку кæна кенæ ин æ фæстеуæг ку æвдеса, уæд:

Сирд уæхæн рæсугъд адтæй – куд нæ ин фæттæрегъæд кодтайнæ?

224 §. Тире æвæрæн ænæбæттæг вазуггин гъудиади дууæ хаййи æхсæн, æ гъудимæ гæсгæ фиццаг уæлæнхаст гъудиади хузæн ку уа, дуккаг ба – сæйраг:

Нæ зонис – ма 'вналæ.

Хуæрун уарзис – косун дæр уарзæ.

Ихæс дæхемæ райстай – исæнхæст æй кæнæ.

Дон кодтон – хулуй кодта, инсад кодтон – сор кодта.

(*Æмбесонд*)

225 §. Тире æвæрæн (къæдзуги фæсте), даргъ вазуггин гъудиади гъуди хъæбæрдæр баханхæ кæнуни, фæттухгиндæр кæнуни туххæй дуккаг хатт ци дзурдæй фæппайда кæнæн, уой разæй:

Æз зонун, еци цийни хабар нæмæ ка æрбахаста, е адтæй фидæ, е 'нсувæртæ цалдæремæй тугъди кæмæн адтæнцæ æма уæлахези уац æхецæн уæлдай æхцæуæндæр кæмæн адтæй, – мæ фидæ, адæми сæрæппонд кæддæриддæр æ уод ка гъардта.

Сæрдар балæдæрдтæй, æгасæйдæр гъогдоцæгæй механизатори уæнгæ, бригадиртæ дæр, къантори косгутæ дæр, кæркгæстæ дæр, гъæуайгæстæ дæр, уонæн се 'гасемæн сæ бийнонтæ дæр, – еугурæйдæр анзи кæрон ке уодзæнæнцæ хъæбæр арази, сæ афæййи кустмæ ке райсдзæнæнцæ фагæ тиллæг.

226 §. Тире æвæрæн (къæдзуги фæсте) уæлæнхаст гъудиæдтæй сæйраг гъудиади æхсæн, кæрæдземæй сæ уæлдай хъæбæрдæр рахецæн кæнун ку фæгъгъæуй, уæд:

Раст æй, нæй, – мах неци гъуддаг ес.

Æ фурти уинæг Хазбий горæтмæ рандæ 'й æви нæ, кæд имæ нæма рандæ 'й, уæд имæ кæд цæудзæнæй, – уонæнти æз неци зонун.

Хуарз бон уа, лæгъуз бон уа, – мæ кустмæ мин исон æнæ цæугæ нæййес.

227 §. Тире æвæрæн дууæ кенæ фулдæр дзурдти æхсæн, ести ахурадæ, закъон кенæ æхсæнадон организаций ном ку февдесунцæ, уæд:

Марксизм – ленинизм.

Æхсæнадæ "Инди – Уæрæсе".

Дæоули – Ленци закъон.

БЕРÆСТЪÆЛФУГ

228 §. Берæстъæлфуг æвæрæн гъудиади кæрон, нæ нихас æнхæстæй ке нæ загътан, уой равдесуни туххæй. Берæстъæлфуги разæй фарсти æма гъæри нисæнттæ (интонацимæ гæсгæ кæми фæгъгъæунцæ, уоми) нæ рахаунцæ:

Лæг ба райгуруй... еунæг хаттæн...
Ма ци ниууадздзиан игурдтæн?

(*Гетъоти Сослæнбег*)

Рæстæг æрветæн бонуотдæрæй,
Кæми ба – фæстезад... федис...

(*Гетъоти Сослæнбег*)

Мæнæ нин Нафи Хуцаумæ сковдзæнæй... Æндæр нæ неке гъæуй. Дæ цæстисугтæ ку сæрфис? Нæ дæ фæндуй?...

(*Хугати Геуæр*)

229 §. Берæстъæлфуг æвæрæн, нæ нихас хецæн дзурдти фæсте, сауæнгæ хецæн дзурдти дæр кæми фæкъкъухцитæ уй, уой равдесуни туххæй:

Къуæре æй цалдæр æхснади кæнун. Фал æмпъозуйнаг æй... Æма æмпъозуйнаг айдагъ мæ курæт нæй. Мæ цард еугуруйдæр æмпъозуйнаг æй... Уæдта дæу цард дæр... Гъема... Мæнæ аци фæсевæдмæ хицæ кæнун... Гъема... Ци уа, уой уæд... Цæй, æма мах дæр аци 'хсæвæ нæ цард бампъозæн...

(*Хугати Геуæр*)

Е а... а... ардæмæ æ... æ... æрбацæуй.

230 §. Берæстъæлфуг æвæрæн цитатæти, ци дзурдтæ си фæууадзæн, уони бæсти:

Цомахъ, æ фиди сфæлдистадон гурæнти туххæй финсгæй, амудта: "...Гæдиати Секъай исфæлдистадæбæл гурдзиаг литератури тæвагæ фæззиндтæй æнккæтемæй хъæбæрдæр".

Бабочити Руслан Малити Геуæргий æмдзæвгæ анализ кæнгæй финсуй: "Медæгтугъд æ тæккæ цирени ку адтæй... уæддæр поэт

е 'мдзæвгæ "Федог"-и седуй фæсевæдмæ, исони бон аразгутæмæ, цæмæй рохсмæ тундзонцæ, хормæ скæнонцæ фæндаг".

Бесати Тазей кадæнги Цæлкости Гуйман æ фудгæнгутæй еуей ниууадзуни туххæй уотæ зæгъуй: "Хабардзау марун æгæр æгадæ 'й...".

Феппайуйнаг. Разæй æма фæстегæй дзурдтæ ци цитатæти фæццох кæнæн, етæ гъудиади хай ку исунцæ, уæд си берæстъæлфуг не 'вæрæн:

Цомахъ амудта, зæгъгæ, "Гæдиати Секъай исфæлдистадæбæл гурдзиаг литературы тæвагæ фæззиндтæй æнккæтей хъæбæрдæр".

Цæлкости Гуйман æ фудгæнгутæй еуей ниууадзгæй загъта: "Хабардзау марун æгæр æгадæ 'й".

КЪÆЛÆТТÆ

231 §. Байвæргæ дзурдтæ æма гъудиæдтæ, гъудиади хæццæ синтаксисон æгъдауæй баст нæ уогæй, гъудимæ ести уæлæнхасæн феппайуйнæгтæ ку фефтаунцæ, кенæ ба 'й ку фенхæст кæнунцæ, кенæ хуæздæр ку фæллæдæрун кæнунцæ гъудиадæ æмткæй райсгæй кенæ уомæн æ ескæци хай, уæд сæ æвæрун гъæуй къæлætти (байвæргæ дзурдтæ æма гъудиæдтæ къæдзугтæ æма тиретæй кæд фæххецæн кæнæн, уо туххæй кæсетæ 38, 64 §§):

Абони ма кæд махмæ дæр "тæссаг" кæсунцæ и рæнгъитæ, æппундæр тæссаг нæ уогæй, кæд си мах дæр ци нæййес, уой уинæн (демократий уавæрти), уæд культи дзамани литературæ æвзаргутæбæл нæ зæрдæ цæмæн ходуй?

(Бабочити Руслан)

Мæрдхæссæн æ бунатæй есунцæ, рамæлæгмæ хæстæгдæр кæстæр нæлгоймæгтæ (фурттæ, æнсувæртæ, æрвадтæлтæ) æма 'й æ бунати зелунцæ рахесмæ (гъома, рамæлæги фæсте бийонти царди уаг рахесмæ зелæд, рамæлæг син ци бæстæмæ

цæуй, уоми фæстаги хуарзбæл уодæд), æма 'й хæссунцæ гъæунги уæнгæ.

(*журнал "Ирæф"*)

Борæхан ("Берæгъи" æцæг ном) уосгори, хестæрти фæндонмæ гæсгæ, бахудта хæдзарæмæ – синхи уоститæ, кизги мади цормæ.

(*Олисати Мухарбег*)

232 §. Байвæргæ дзурдтæ æма гъудиæдтæ, синтаксисон æгъдауæй гъудиади хæццæ баст уогæй, гъудиадæмæ хаст ку æрцæунцæ, куд ести уæлæнхасæн, фæрсаг феппайуйнаг, уотæ, уæд сæ æвæрун гъæуй къæлæтти:

Дзандар æ еу дзиппæй исласта æртин миллиони (уæди рæстæги минтæ миллионтæ адтæнцæ, сомтæ ба – минтæ).

(*Малити Батраз*)

Уой фæсте Дзандар е 'ннæ дзиппæй исласта инсæй миллиони (нури æхцацатæй инсæй мини), æрæвардта сæ Дзулари стъолбæл æма ин загъта...

(*Малити Батраз*)

233 §. Къæлæтти æвæрæн хецæн сæрмагонд гъудиæдтæ, ести уæлæнхасæн, фæрсаг феппайуйнаги хузи læвæрд ку фæуунцæ, уæд:

Нана мин рагæй дзоруй, æз æма ду нæ цард куд байеу кæнæн, уотæ. (Кæд еци нихасмæ æнгъæлмæ кастæй Залхан, уæддæр æ цæсгон сурх-сурхид рафæлдæхтæй.)

(*Мамсурати Дæбе*)

234 §. Къæлæтти æвæрæн, ескæци адæймаги ранихасмæ игъосгути рахаст ци дзурдтæ æвдесунцæ (ремаркитæ), уони:

(*Æрдзæф*).

(*Аразий гъæлæстæ*)

(*Тухгин æрдзæф. Æгасæйдæр фестадæнцæ.*)

235 §. Къæлæтти æвæрæн, еске дзубандий ескæци дзурдтæмæ нæ рахаст (аразидзийнадæ, гурусхæдзийнадæ æ.у.и.) ци гъæри нисанæй кенæ фарсти нисанæй февдесæн, уони:

Дохтир загъта сæйгæн: "Дæс боней (?) фæсте мæмæ æрбацæудзæнæ".

Къоста уотæ загъта: "Зундамонæгмæ (!) игъосæ..."

236 §. Къæлæтти æвæрæн, цитатæ кæцæй ист æрцæуй, уой ци дзурдтæ фæййамонунцæ, уони цитати хуæд фæсте:

Рохсмæ фæсевæд тундзетæ,
Рохсмæ цæуетæ æнгом!
Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,
Скæнтæ муггагмæ стур ном!...

(*Малити Геуæрги*).

Зæнхæбæл ес 200 паддзахадемæй фулдæр, адæми нимæдзæ ба абони æй 6 миллиардемæй фулдæр.

(*журнал Ирæф*)

237 §. Къæлæттæ æвæрæн, драмон уадзимисти ци ремаркитæ фæууй, уони:

Нуца (стухсуй). Мах ба дæмæ куройнæмæ æрветуйнаг адтан. Мæнæ Гайтой...

(*Хугати Геуæр*)

Гайто. Баба, ци косис, ци? (Æ лæдзæг ин байста.)

(*Хугати Геуæр*)

ДУКЪÆДЗУГТÆ

238 §. Дукъæдзугтæ есæн цитититæ, комкоммæ нихас нæуæг абзацæй ку нæ райдайунцæ, уæд, æма ескæмæй ист хецæн дзурдтæ:

Уотæ ба дин æваст мæ гъоси кадæр ку нигъгъæр кæнидæ: "Киунугæ кæсунмæ æрбацудтæ, æви хелдасæнмæ!".

(*Багъæрати Зинæ*)

Хъарадзауи-фурт дзурд нæма фæцæй, уотемæй Къуадзухътæй еу лæг дзурд райста æхемæ: "Берæ дзубандитæй пайда нæййес, фалести тæрхон рахæссун гъæуй".

(*Кокити Геуæрги*)

Ами "хæдзарæ" дæр æма "косун" дæр комкоммæ лæдæргæ нæ 'нцæ. "Хæдзарæ" – зæрдæ, "косун" ба сагъæсти хæццæ архайундзийнадæ.

(*Бабочити Руслан*)

Фал: *Уотæ ба дин æваст мæ гъоси кадæр ку нигъгъæр кæнидæ:*

– Киунугæ кæсунмæ æрбацудтæ, æви хелдасæнмæ!.

(*Багъæрати Зинæ*)

Хъарадзауи-фурт дзурд нæма фæцæй, уотемæй Къуадзухътæй еу лæг дзурд райста æхемæ:

– Берæ дзубандитæй пайда нæййес, фалести тæрхон рахæссун гъæуй.

(*Кокити Геуæрги*)

239 §. Дукъæдзугтæ æвæрæн бадзурдон сæрмагонд нæмтти, гъома газзетти, æурналти, киунугути, литературон уадзимисти, организацити æ.ænд.у. нæмтти:

Газзет "Дигорæ".

Журнал "Ирæф".

Бесати тазей радзурд "Хари-Хан".

Феппайуйнæгтæ: Дукъæдзугтæ не 'вæрæн:

1. Дзурд "номбæл" ци сæрмагонд нæмттæ уа, уони:

Темирати æнсувæрти номбæл гъæунгæ.

2. Бадзурдон ка нæй, организацити уæхæн сæрмагонд нæмттæ (æнхæстæй дæр æма цубургондæй дæр):

Цæгат Иристони паддзахадон университет, ЦИПУ, Еугонд Нацити Организаци, ЕНО.

3. Киунугути нæмттæ, уони библиографион текстити, сноскити автори муггаги фæсте ист ку фæццæунцæ, уæд:

Багъæрати Созур. Зæрди дуар. Æмдзæвгитæ. – Дзæуæгигъæу, 1991.

Акъоти В. Амонд. (Æмдзæвгити æмбурдгонд дигорон æвзагбæл). – Дзæуæгигъæу, 1948.

4. Телеграфон агентæдти нæмттæ:

Агентад Синьхуа, агентад Юнайтед Пресс.

5. Фонсбæл æвæрд нæмттæ:

Æрфæн, Мела, Барбос.

6. Арæх кæмæй пайда кæнунцæ, зæйæгойти æма фонси муггæгти уæхæн "хæдзарон" нæмттæ:

симиренкæ фæткъу, таврицан фус.

Фал: *кæрдту "унайлаг", мæнæуæ "краснодарск 622".*

240 §. Дукъæдзугти есæн, гъос хъбæрдæр æрдарун кæнун нæ ци зæронд кенæ бунтон нæуæг дзурдтæмæ фæндæуа, кенæ ба дæлгоммæ гъудий хæццæ кæмæй пайда кæнæн, сæ нисанеуæгмæ кенæ сæ рахастмæ гæсгæ естæмæй æнахур ка уа, уæхæн дзурдтæ:

Ахургæндтæ адæмæн æргом кæнунцæ дини "ахуради" мæнгæдзийнадæ, Хуцауи туххæй, уоди туххæй, "мæрдти бæсти" царди туххæй, "зиндони арти" æма "дзенети дзæхæрай" туххæй адæми саугинтæ цæмæй сайунцæ, уонити.

(*журнал "Мах догæ"*)

1918-1920 æнзти ци граждайнаг тугъд адтæй, е адтæй тæккæ устурдæр æбуалгъ гъуддæгтæй еу, кæци нæ бæстæ ниддехтæ кодта "сурхитæ" æма "уорситæбæл", "нæхеуæнттæ" æма "знæгтæбæл", фæххаста миллиуангай адæмти цард...

(*журнал "Ирæф"*)

ÆРХУÆЦÆН НИСÆНТТÆ КОМКОММÆ НИХАСИ ÆМА ЦИТАТÆТИ

241 §. Комкоммæ нихас нæуæг абзацæй ку райдайуй, уæд ин æ разæй æвæрæн тире:

Ахургæнæг загъта скъоладзаутæн:

– Царди устурдæр нисан æй адæмæн лæггадæ кæнун.

242 §. Комкоммæ нихас нæуæг абзацæй ку нæ райдайуй, уотемæй автори дзурдти фæсте ку фæууй, уæд автори дзурдти фæсте æвæрæн дустъæлф, комкоммæ нихас дууердигæй дæр есæн дукъæдзугти, æ фæсте ба ин æвæрæн, циуавæр гъудиадæ уа, уомæ гæсгæ стъæлфæ кенæ фарсти нисан, кенæдта гъæри нисан:

Куд имæ нигъгъарæнгæ кодта: "Ци сабур лæууис, нæ лæг, ци сабур лæууис, ех нæбæл ку ниууардта, ех, мæ бон бакæла, нæ еунæг, дон агоргæй, кæмидæр тугъди будури ку æрбайсафтæй..."

(*Гибизти Руслан*)

Еу хатт дæхе кæд нæ бафарстай:
"Догæн ци равардтон лæгау?"

(*Гобати Геуæрги*)

Исдзурдта мæмæ еу кизгæ:
"Ци хъæбæр дæбæл тухстæн!"

(*Гобати Геуæрги*)

243 §. Комкоммæ нихас автори дзурдти разæй ку фæуунцæ, уæд æй дууердигæй дæр есæн дукъæдзугти, æ фæсте ба ин æвæрæн, циавæр гъудиадæ уа, уомæ гæсгæ фарсти кенæ гъæри нисан, берæстъæлфуг кенæдта къæдзуг (стъæлфи бæсти), уæдта тире:

"Ци кодтай, ци дæ бафхуардта?" – фæрсуй æй Сатана.

(*Нарти кадæнгитæ*)

"А ци дессаг æй!" – гъуди кæнун, мæ зæрди гупп-гуппæн амал нæ ерун.

(*Гадати Лазæр*)

"Сахари ку цæрис, ци ма дин байзадæй гъæуи, ци си нæ фæууидтай?" – фæууй мин зæгъгутæ.

(*Гурдзибети Барис*)

244 §. Автори нихæстæ комкоммæ нихаси астæу ку уонцæ, уæд комкоммæ нихас æгасæй дæр есæн дукъæдзугти; автори дзурдти размæ æма фæсте ба, етæ кæд хумæтæг кенæ вазуггин гъудиади астæу уонцæ, уæд æвæрæн къæдзуг æма тире, кæд сæрмагонд гъудиæдти астæу уонцæ, уæдта сæ размæ æвæрæн, фиццаг гъудиадæ циавæр уа, уомæ гæсгæ фарсти кенæ гъæри нисан, кенæдта берæстъæлфуг кенæ къæдзуг, сæ фæсте ба – стъæлф æма тире:

"Неци кæнуй, – загъта Дæда, – мард æнæ ходгæй нæ цæуй".

(*Тамати Хъазбег*)

"Еунæг Хуцау зæгъæд, – бакастæй Геолимæ. – Фескъот кæнай Хоритунæмæ".

(*Гибизти Руслан*)

245 §. Автори дзурдтæ комкоммæ нихаси астæу ку фæуунцæ æма си, комкоммæ нихаси фæстаг хаймæ рахæсгæ ка уа, уæхæн мивдесæг ку фæууй, уæд автори дзурдти фæсте æвæрæн дустъæлф:

"Æгас цотæ, хуарз адæм, – загъта къæлхози сæрдар æма, адæмбæл æ цæстæ рахæсгæй, бафарста: – Цæмæн уæмæ фæдздзурдтон, уой зонетæ?"

Феппайуйнæгтæ: 1. Комкоммæ нихаси хæццæ ма дуккаг комкоммæ нихас ку æмбæла, уæд е дæр хецæнæй есæн дукъæдзугти:

"Кермени нæ фæууидтай? – цидæр тухстхузæй мæ рафарста Зæринæ. – Кустæй ку рацудан, уæд мин уотæ загъта: "Хæдзари мæ бахездзæнæ, æнæ мæнæй макумæ рандæ уо".

2. Комкоммæ нихаси æрхуæцæн нисæнттæ раст æвæруни туххæй аци парагræфти ци æгъдæуттæ амунд æрцудæй, етæ æнхузæн рахæсгæ æнцæ цитатитæмæ дæр.

246 §. Дууæ адæймагей нихæстæ æнæ автори дзурдтæй финст ку цæуонцæ еци еу рæнгъæбæл, уæд алли нихас дæр есæн хецæнæй дукъæдзугти, се 'хсæн ба син æвæрæн тире:

"Кæми адтæ? – Касатæмæ. – Етæ дин ци равардтонцæ? – Карк æма уасæнгæ. – Етæ дин ци фæцæнцæ? – Биндзæ сæ рахуардта. – Биндзæ ба ци фæцæй? – Бæласæбæл бабадтæй. – Бæласæ ба ци фæцæй? – Фæрæт æй ракъуæрдта.

(*Адæмон исфæлдистадæ*)

ÆРХУÆЦÆН НИСÆНТТИ ИСÆМБÆЛДÆ КÆРÆДЗЕЙ ХÆЦЦÆ

247 §. Фарсти æма гъæри нисæнттæ, берæстъæлфуг, стълф æма къæдзуг тирей хæццæ ку исæмбæлунцæ, уæд син тире æвæрæн сæ фæсте:

"Уой æз нæ зудтон, – загъта Барис æма ма æ дзубандимæ бафтудта: – Æмбал æмбали хæццæ гъæуама æнгондæрæй цæра".

Феппайуйнаг. Тирей хуæд фæсте пунктуацион æгъдæуттæмæ гæсгæ къæдзуг æвæрун кæми гъæуа (зæгъæн, байвæргæ дзурдти размæ), уоми дæр æй не 'вæрæн:

Адæм, фонс, сирдтæ – еу загъдæй, æрдзæ еугурæйдæр райгъал æй тар æхсæви фæсте.

248 §. Стъæлф, къæдзуг, стъæлф къæдзуги хæццæ, дустъæлф, тире ку исæмбæлунцæ, æхгæнгæ ци дукъæдзугтæй фæккæнæн, уони хæццæ, уæд сæ финсæн дукъæдзугти фæсте:

Ме 'мбал хестæр къласи ахур кодта æма, ке зæгъун æй гъæуй, мæнæй аййевдæрæй бакастæй Геуæргий "Темур-Алсахъ"; е хуæздæр бакастæй прозæ дæр.

Кеномæкæсгути зæрдæмæ хъæбæр фæцудæй кинофильм "Хуæнхаг": беретæ имæ дугай-æртигай хæттити бакастæнцæ.

249 §. Фарсти нисан, гъæри нисан æма берæстъæлфуг, кæд дукъæдзугти æвæрд дзурдтæмæ рахæсгæ уонцæ, уæд сæ æвæрæн

дукъæдзугти разæй, кæд æнæгъæнæ гъудиадæмæ рахæсгæ уонцæ, уæдта сæ æвæрæн дукъæдзугти фæсте:

Кокити Геуæрги адæмон исфæлдистади бундорбæл ниффинста радзурд "Æносон хаулли".

Къоста ниффинста автобиографион æмдзæвгæ "Ка дæ?"

Биццеу дзоруй: "Зæрбатгутæ æгæр ниллæг тæхунцæ, цума уардзæнæй..."

Фал: *Фæууидтай спектакль "Кермен?"*

Бæрзонддæр исесæн, æмбæлттæ, "Интернационал"!

Зали нийзæлдæнцæ Малити Геуæргий æнæмæлгæ æмдзæвгитæ: "Федог", "Дзирасгæ", "Æлхуйнæ" ...

250 §. Гъудиади кæрон дукъæдзугти размæ ку лæууонцæ фарсти кенæ гъæри нисан, кенæдта берæстъæлфуг, уæд уæхæн æрхуæцæн нисæнттæ дукъæдзугти фæсте нæбал æвæрæн (æндæр нисæнттæ си ес æвæрæн):

Ка ниффинста æмдзæвгæ "Лæг æви уосæ?"

Командæгæнæг бардзурд равардта: "Размæ!"

251 §. Комкоммæ нихаси кенæ цитатити еу дукъæдзугти медæгæ дуккаг дукъæдзугтæ ку æмбæлонцæ, уæд сæ бæрæг кæнæн фæйнæ хузи дукъæдзугтæй (« " " »):

Лектор загъта: «Маркси наукон фæллæйттæн се 'нккæтей гениалондæр æ "Капитал" æй»

252 §. Фиццаг къæлæтти разæй дæр æма дуккаг къæлæтти разæй дæр не 'вæрæн къæдзуг, стъæлф къæдзуги хæццæ, дустъæлф æма тире. Аци æрхуæцæн нисæнттæ æвæрæн фæстаг къæлæти фæсте:

Нæ ахургæндтæй беретæмæ еци гъуди раст нæ кæсуй (ка 'нцæ еци ахургæндтæ, уой Хæмæт æхуæдæг дæр нæ зудта), фал син æз балæдæрун кæндзæнæн, раст ке 'й, уой.

(*Мамсурати Дæбе*)

Æз ме 'мбалæн уотæ загътон (е адтæй дуукæ анзей размæ): "Адæймаг рæстдзийнадæй уæлдæр гъæуама маци æвæра".

253 §. Стъælфæ, фарсти нисан, гъæри нисан æма берæстъælфуг, кæд къælætти ист дзурдтæмæ рахæсгæ уонцæ, уæд æвæрæн фæстаг къælæти размæ, кæд еугур гъудиадæмæ рахæсгæ уонцæ, уæдта – фæстаг къælætæн æ фæсте:

Курттати бал раздахтæй фæстæмæ... (Паддзах нин хуæрзеуæгæн равардта цидæртæ, уæдта нæ бæттæнмæ æртардта.)

(*Нигер*)

Еу бон гъæуи фæсевæд (дæ сæ хæццæ нæ адтæ?) 1-аг Майи бæрæгбони æрæмбурд æнцæ скъолай тургъи.

Хуæнхтæ (ænахур дессаг!) еци бон уаруни фæсте уотæ ирд æма рæсугъд адтæнцæ, æма цæстæ сæ уиндæй нæбал æфсастæй.

Адæм (нæлгоймагæй, устурæй, минкъийиæй...) раццудæнцæ будури кустмæ.

Фал: *Туристтæ исхъæрттæнцæ сæ базæмæ ("Дзинагъа"-мæ).*

Дæ нийиергути зæрдихудт естæмæй есис (мæ фарста дæмæ гъигæ ма фæккæсæд)?

254 §. Цитати хуæд фæсте къælæти амунд ку фæццæуй, цитатæ кæци авторæй æма циавæр уадзимисæй ист æрцудæй, е, уæд къælætти размæ æвæрæн фарсти нисан, гъæри нисан, берæстъælфуг (стъælф не 'вæрæн; стъælф си кæд æвæрæн, уой тухкæй кæсетæ 95 §, феппайуйнаг), къælætти фæсте ба – стъælф:

Дзорагæ мадæ – зæнæг иуарæг,
Кæуагæ уосæ – æ лæги марæг.

(*Багъæрати Созур*)

Ци 'й мæ бон? Кедæр гъудий æркъетæ
Мæ фæлгонц райдайæнæй даруй.
Кедæр артбæл уарзт фицуй къеретæ,
Кедæр хонхæй адæммæ заруй.

(*Гибизти Оскар*)

255 §. Еске ранихаси фæсте къæлæтти амунд ку фæццæуй игъосгути рахаст дзорæги дзубандимæ (ремаркæ), уæд къæлæтти размæ æвæрæн, гъудиади кæрон ци æрхуæцæн нисан æмбæла, уомæ гæсгæ фарсти нисан, гъæри нисан, берæстъæлфуг (стъæлф не 'вæрæн), къæлæтти фæсте ба æвæрæн стъæлф:

Уобæл мин барæ раттетæ мæ нихас фæуунæн (*Æрдзæф*).

Раст нæ зæгъун, æмбæлттæ? (Залæй игъусунцæ аразий гъæлæстæ).

Æгас цæуæд 9-аг Май! (Тухгин æрдзæф).

Феппайуйнаг. Ремаркитæ æма сноскитæн сæхе хуæд фæсте дæр къæлæтти медæгæ ес æвæрæн стъæлф, æрмæст уæд къæлæтти размæ таурæгъон гъудиади кæрон дæр æвæрæн стъæлф:

Не 'сони цард уодзæнæй никки фæрнугдæр. (Æрдзæф.)

Геуæрги устур гуманист ке адтæй, адæймагæй бæрзонддæр ке неке æма неци æвардта, уомæн берæ дæнцитæ иссерун æнгъезуй.

(*Бабочити Руслан*)

256 §. Еу къæлæтти медæгæ дуккаг къæлæттæ ку исæмбæлуй, уæд сæ бæрæг кæнæн фæйнæ хузи къæлæттæй (тумбул æма квадратон):

Геуæрги е мдзæвгити седтæй фæсевæдмæ ("Рохсмæ фæсевæд тундзетæ, рохсмæ цæуетæ æнгом... " ["Федог"]).

САРГÆНДТÆ

Раздзурд 3

I-аг хай ОРФОЕПИ 9

ГЪÆЛÆСОНТÆ РАСТ ДЗОРУНИ ÆМА ФИНСУНИ ФÆТКÆ 9

Гъæлæсонтæ а, е, о, æ, у, и 9

ÆМГЪÆЛÆСОНТÆ РАСТ ДЗОРУНИ ÆМА ФИНСУНИ ФÆТКÆ 10

Æмгъæлæсонтæ *с, з, дз, ц, цъ* гъæлæсонтæ *е* æма *и*-йи размæ 10

Дурдбасти кенæ дзурдарæзти *ц* æма *дз* æмгъæлæсонтæ *с* æма *з-йи* размæ ærфоепион фæткæ 11

Æмгъæлæсонтæ н æма м-йи исæмбæлдæ арæзтон хауæни 11

Æмгъæлæсон гъ æвастгъæрти 11

Æмгъæлæсон гъ федарадон æма фарстон хайæгти 11

II-аг хай ОРФОГРАФИ 12

ГЪÆЛÆСОНТÆ 12

Гъæлæсонтæ о, е æма и дзурди райдайæни 12

Гъæлæсонтæбæл фæууæг номдарти растфинсуйнадæ хауæнти 12

ÆМГЪÆЛÆСОНТÆ 13

Зæллангон æма æзæллангон æмгъæлæсоти растфинсуйнадæ 13

Мурфæнзæн æма æвастгъæр дзурдти кæрон æмгъæлæсонти растфинсуйнадæ **15**

Дæргъвæтийнæ æмгъæлæсонти растфинсуйнадæ дзурдарæзти **16**

Дувæргонд æмгъæлæсон дамугъати растфинсуйнадæ фæсæфтауæнти разæй **17**

ÆМГЪÆЛÆСОН *й* **17**

Æмгъæлæсон ***й*** *дууæ гъæлæсоней астæу:* **17**

Дамугъа й сонорон æмгъæлæсонт ***л,м,н,р,*** *æма* ***у****-йи размæ* **18**

Æмгъæлæсон ***й****-бæл фæууæг номдарти растфинсуйнадæ хауæнти* **18**

ХАЙÆГТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **18**

Идæнцон æма аразидзийнадæ 'вдесæг хайæгти растфинсуйнадæ **18**

Хайæг ес-и фæрци арæзт вазуггин номевгутæ æма фæрсдзурдтæ раст финсун **19**

Хайæгтæ ***не*** *æма* ***ма*** *идæнцон номевгути раст финсун* **19**

АПОСТРОФ ÆВÆРУНИ ФÆТКИТÆ **19**

ДИФТОНГ ***иа*** **22**

ВАЗУГГИН НОМДАРТÆ, МИНОГОНТÆ ÆМА ФÆРСДЗУРДТÆ АРАЗÆГ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **22**

БЕРÆУОН НИМÆДЗИ ИСТ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **23**

НИМÆДЗОНТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **27**

Вазуггин нимæдзонти растфинсуйнадæ **27**

Нимæдзонти фæрци арæзт вазуггин дзурдти растфинсуйнадæ **27**

Амад нимæдзонти растфинсуйнадæ **27**

Морон нимæдзонти растфинсуйнадæ **27**

Нимæдзон *еу*-и растфинсуйнадæ **28**

Нимæдзон еу хецæнæй финсун **28**

Нимæдзон еу æнхуæцгæй финсун **28**

БАРÆН БÆРЦИТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **29**

Барæн бæрци фæсæфтауæн –дæр минеуæгонтæ æма фæрсдзурдти **29**

Баредзон æма уæлахезон бæрцити фæрци минеуæгонтæ æма фæрсдзурдтæ арæзгæй **29**

НОМЕВГУТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **29**

Номевгутæ хецæнæй финсун **29**

Номевгутæ æнхуæцгæй финсун **30**

МИВДЕСГУТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ **30**

Вазуггин мивдесгутæ æма мивдесгути вазуггин формитæ раст финсун **30**

Æргомон здæхи мивдесæг исуйнаг афони раст финсуни фæткæ **32**

Мивдесæги евгъуд афонии бундори кæрæнттæ раст финсуни фæткæ **32**

Мивдесæги бундор дæргъвæтийнæ æмгъæлæсони

растфинсуйнадæ дзурдарæзти 32

Вазуггин мивдесгутæй арæзт номдартæ, минеуæгонтæ, миногмийтæ æма фæрсагмийтæ финсун гъæуй....33

РАЗÆВÆРД ÆМА РАЗÆФТАУÆНТÆ ***ænæ, ænæ-, æd, æd-*** РАСТ ФИНСУН....33

Разæвæрдтæ **ænæ** *æма* **æd** *дзурдти æмеуади раст финсун* 33

Разæфтауæнтæ **ænæ-** *æма* **æd-** *æнхуæцгæй финсуни æгъдау* 33

МИВДЕСÆГОН РАЗÆФТАУÆНТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ....34

Разæфтауæнтæ ***æр-, æрба-, ба-, ис-, ра-, ни-, фæ-*** *раст финсун* 34

ДЕФИСИ ХÆЦЦÆ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ....38

БÆРÆГГÆНÆГ АРТИКЛЬ ***и*** РАСТ ФИНСУНИ ФÆТКÆ 40

ÆРБАЙСГÆ ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ....41

УСТУР ДАМУГЪА....44

ЦУБУРГОНД ДЗУРДТИ РАСТФИНСУЙНАДÆ....47

ДЗУРД ЕУ РÆНГЪÆЙ ИННЕМÆ ХÆССУНИ ÆГЪДÆУТТÆ 49

III-аг хай ПУНКТУАЦИ 50

СТЪÆЛФÆ....50

СТЪÆЛФÆ КЪÆДЗУГИ ХÆЦЦÆ 51

ДУСТЪÆЛФÆ 53

ФАРСТИ НИСАН 56

ГЪÆРИ НИСАН 58

КЪÆДЗУГ 61

Къæдзуг сæрмагонд гъудиæдтæй арæзт вазуггин гъудиади 61

Къæдзуг сæйраг æма уæлæнхæст гъудиæдти æхсæн, уæдта уæлæнхæст гъудиæдтæн сæхе æхсæн 64

Къæдзуг гъудиади æнхузæн иуæнгти æхсæн 66

Къæдзуг фæлхатгæнгæ дзурдти æхсæн 69

Къæдзуг рабарстити хæццæ 70

Къæдзуг æнхасæнти хæццæ 70

Къæдзуг фæрсагмийтæ æма фæрсагмийон æздæхтити хæццæ 72

Къæдзуг æндæр дзурдти гъуди бæлвурдгæнæг дзурдти хæццæ 73

Къæдзугтæ байвæргæ дзурдтæ æма байвæргæ гъудиæдти хæццæ 73

Къæдзугтæ седæнти хæццæ 75

Къæдзугтæ æвастгъæрти хæццæ 76

Къæдзугтæ аразидзийнади, идæнцон æма фарстон хайæгти хæццæ 76

ТИРЕ 77

БЕРÆСТЪÆЛФУГ **82**

КЪÆЛÆТТÆ **83**

ДУКЪÆДЗУГТÆ **85**

ÆРХУÆЦÆН НИСÆНТТÆ КОМКОММÆ НИХАСИ ÆМА ЦИТАТÆТИ **88**

ÆРХУÆЦÆН НИСÆНТТИ ИСÆМБÆЛДÆ КÆРÆДЗЕЙ ХÆЦЦÆ **90**

Научное издание

Таказов Федар Магометович

ПРАВИЛА ОРФОЭПИИ, ОРФОГРАФИИ И ПУНКТУАЦИИ ДИГОРСКОГО ЯЗЫКА

Книга издана в авторской редакции

Технический редактор *Е.Н. Маслов*
Компьютерная верстка *А.Ю. Цопанова*
Дизайн обложки *Е.Н. Макарова*

Подписано в печать 17.12.2018.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$. Печать цифровая.
Гарнитура шрифта «Times».
Усл.п.л. 5,7. Тираж 500 экз. Заказ №129.

Северо-Осетинский институт гуманитарных и социальных исследований им. В. И. Абаева –
филиал Федерального государственного бюджетного учреждения науки
Федерального научного центра
«Владикавказский научный центр Российской академии наук»
362040, РСО-Алания, г. Владикавказ, пр. Мира, 10
e-mail: rio-soigsi@mail.ru

Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362002, РСО-Алания, г. Владикавказ, пер. Павловский, 3

